Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ





85

4/2019
июль - август

# Гьаз нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъе



*Багьауттин Астемиров*
1934-1936



*Сулейман Стальский*
1936-1937



*Расул ХІамзатов*
1951-2003



*ГІабдул-Вагьаб Сулайманов*
1946 -1949



*ХІажи Залов*
1949-1951



*МухІаммад АхІмадов*
2003

# ГЪУДУЛЛЪИ



**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**4**

**2019**

**июль - август**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## НОМЕРАЛДА РУГО:

Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъе – 85 сон ........ 3
**М.АхIмадов.** Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союз ........ 3
**ЦIадаса ХIамзат.** ........ 5
**Заид ХIажиев** ........ 8
**Ражаб ДинмухIамаев** ........ 10
**ХIажи Залов.** ........ 14
**НурмухIамад АбихIасанов** ........ 16
**МухIамад Шамхалов** ........ 18
**МухIамад Сулиманов** ........ 22
**Расул ХIамзатов** ........ 26
**ГIабдулмажид Хачалов** ........ 31
**Муса МухIамадов** ........ 34
**Машидат Гъайирбекова** ........ 38
**ХIажи Гъазимирзаев** ........ 40
**ПатIимат МуртазагIалиева** ........ 44
**Тажудин Таймасханов** ........ 47
**Фазу ГIалиева** ........ 50
**ГIабасил МахIамад** ........ 53
**Адалло ГIалиев** ........ 57
**ГIумар-ХIажи Шахтаманов** ........ 60
**ГIабдула Даганов** ........ 62
**МухIамад Хириясулаев** ........ 65
**МухIамад ГIисаев** ........ 68
**МухIамад АхIмадов** ........ 71
**МухIамад ГIабдулхIалимов** ........ 73
**ГIарип Расулов** ........ 76
**МахсухI ЗайнулгIабидов** ........ 79
**ТубхIатЗургъалова** ........ 81
**МухIамадПатахIов** ........ 84
**ГIайшат Малачиева** ........ 86
**ГIайшат ГIалиева** ........ 89
**ПатIимат ГIабдурахIманова** ........ 92
**ХIамзатГIизудинов** ........ 95

---

Журналалъул хъвай - хъвагIай гъабун буго хъвай-хъвагIай гъабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №4 2019 г.**
*июль - август*
*На аварском языке*

Выход в свет 30.07. 2019 г.
Тираж 1086 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 416 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалъ - 85 сон

***Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союз***
***Хъвадарухъабазул союз.***
***Союз.***

*Гьал рагІаби гІемерал соназ рагІулел руго магІарулаздаги дагъистанияздаги. Сюзалъе 52 соналъ нухмалъи гьабуна – нилъер миллияб чІухІи, Дагъистаналъул тІадегІанаб цІва Расул ХІамзатовас.*

*Гьеб Союзалда рукІана ЦІадаса ХІамзат, Заид ХІажиев, МухІамад Сулиманов, Муса МухІамадов, ГІумар-ХІажи Шахтаманов, Фазу ГІалиева, ГІабасил МахІамад, Тажудин Таймасханов, ХІажи Залов, ГІадалло, ГІ-М.Хачалов, ГІ.Даганов ва цогидалги нилъер халкъалъе хириял хъвадарухъабигун шагІирзаби.*

*ГІемерал Союзал риххана, биххана кІудияб Советияб Союзцин, амма хутІана Хъвадарухъабазул Союз – цогояб, магІарулги Дагъистаналъул цогидал халкъазулги мацІалги, адабиятги цІунараб.*

*Жакъаги гьелъул кьерда руго цІиял шагІирзабиги, хъвадарухъабиги.*

*Хъвадарухъабазул союзалъул гІемерисез лъугІизабуна Москваялъул литературияб институт, гьез адабияталде босун бачІана жинди-жиндир хатІ, цІилъи. ГІорхъаби гІатІид гьаруна пикрабазул, гьунаралъе кьуна магІна, магІарулазе рагьана гІатІилъи.*

*85 сон гІемерабги дагьабги заман буго тарихалъе, амма Союзалъул хІалтІиги хІажатаблъун ва гІагараблъун лъугьана ва хутІана магІарулазе, дагъистаниязе, россиялъулазе. Хъвадарухъабазул союзалдасан байбихьана роржен шигІрабазул хІанчІаз дунялалъул зобалазде, гьезул гІемер миллатазулал ва мацІазулал цІурмал звангъана дунялалъул нухазда.*

*БитІараб буго, жакъа, цебе букІараб гІадаб машгьурлъи дагьлъун буго хъвадарухъабазул: батІияб заман, батІияб гІамал, батІиял хасияталал, хисараб, кечІ кІочараб, бечелъи хирияб мех, амма магІнаялъулги пагьмуялъулги, гьунаралъулги рахъалъ нахъе ккун гьечІо Россиялъул бокьараб республикаялдаса.*

*«Гьудулъи» журнал ккола 1952 соналъ, Хъвадарухъабазул союзалъул гІолохъанав председатель Расул ХІамзатовасул хІаракаталдалъун гІуцІараб журнал. Цин гьеб букІана альманахлъун, хадуб – журналлъун. КІудияб хІалтІи гьабуна ва гьабулеб буго «Гьудуллъиялъ» (хасго ахирал соназда, М.ПатахІов редакторлъун ккаралдаса*

*нахъе) магӀарул адабияталъул киналго рахъал рагьизе, магӀарулазул маданиятги, тарихги ракӀалде щвезабизе, цӀи-цӀиял асарал аваразул гъасде тӀадруссинаризе.*

*Щибаб Хъвадарухъабазул союзалъул юбилеялде хасал номерал къватӀире риччалеб гӀадат буго редакциялъул.*

*Гъаб номералда лъун руго Хъвадарухъабазул союзалда батӀи-батӀиял соназ хӀалтӀарал, гьелда хурхарал масъалаби тӀуразарулел рукӀарал ва ругел нилъер хъвадарухъабазул асарал.*

*Жакъа нилъее, кидаялдасаго цӀакъ къваригӀун буго гӀумруялда цадахъ рукӀине, гӀадамазда гьоркьор хутӀизе, миллаталъе къваригӀараб мехалъ ратизе.*

*Хъвадарухъаби руссунеб гъанситолъун, данделъулеб годекӀанлъун лъугьун буго Союзги, «Гъудуллъи» журналалъул редакцияги, аваразул секцияги, Поэзиялъул театрги.*

*Гьенир, щибаб моцӀалъ гӀадин, ракӀалде щвезарула арал хъвадарухъаби, «Эркенаб годекӀаниб» кучӀдул цӀалула цӀияб гӀелалъ, гьарула бахӀсал, тӀоритӀула гара-чӀвариял, дандчӀвала лъикӀал гӀадамалгун, кӀвараб хӀалтӀи гьабула миллат цолъиялъе, мацӀ цӀуниялъе, цадахъ рекъон пайдаял ишал тӀуразе. Гьеб кинабго бихьулесда бихьула, рагӀулесда рагӀула¸ рагӀизеги бихьизеги бокьичӀезда, бокьичӀого букӀаян абе!*

*Хириял магӀарулал! МагӀарул шигӀраби кидаго рукӀана рекӀел дугӀалъун – мугӀрузе, халкъалъе, ватӀаналъе, эбелалъе, йоркьулелъе, Дагъистаналъе. Гьанжеги гьел гӀемерисеб мехалда гьединаллъун хутӀун руго.*

*Гьари буго нужеде, дагӀбаги кӀочон, дугӀаялде руссаян, ццинги кӀочон, лъикӀлъиялде лъугьаян, кьалги тун, цолъиялде рачӀаян. Нилъее гьеб жакъа, гьаб цӀакъ захӀматаб, хӀалихьатаб, хӀиллаяб заманалда цӀакъ хӀажат буго.*

*ЦӀале магӀарулазул шагӀирзабазул, хъвадарухъабазул асарал, малъе лъималазда магӀарул мацӀ, цӀуне нилъер миллаталъул чӀухӀилъун кколел цӀарал. Гьелъие гӀоло буго нижер кинабго гьабулеб хӀалтӀи.*

*Баркула Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъ 85 сон тӀубай ва Пушкиница гӀадин абизе бокьун буго: «Гъудулзаби, берцинаб буго нилъер Союз».*

***МухӀамад АХӀМАДОВ,***
***ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалъул председатель,***
***Дагъистаналъул халкъияв шагӀир.***



**ЦIадаса ХIАМЗАТ**
**(1877-1951)**



## ЦЕВЕ ЛЪАЛЕВ ВУКIУН КIОЧОН ТАРАСДЕ

**Дицаги битIизин гьитIинаб салам,**
**Цеве лъалев вукIун, кIочон тарасде.**
**КIиго-лъабго рагIи лъезин почалда,**
**Гьури нахъбуссиндал, рехун тарасде.**

**Дуца гIадамазде гIайиб гьабуге,**
**Гьорода хадубин халкъ унеб бугеб.**
**Гьудул-гьалмагъасде, воре, гъвел баге,**
**Дур гьакихъ балагьун квалквалев вугев.**

**Дуца пикру гьабе, кибе цIаниги,**
**Квелъ духъе кьун гурищ дунял букIараб?**
**Кинан бицаниги, дур рагIиялъул**
**МагIна букIунаан некIо халкъалъе.**

**Гьанже, пакъирасул икъбал бегидал,**
**АскIов къалев гIадан къанагIатлъила.**
**Къойил «ворчIами» кьун квер босаразги**
**Кисаян гьикъизе бегьула дуда.**

**БачIинаго кквезе лълъар щвечIелдаса,**
**Лъутулаго рачI ккун чIеларо дунял.**
**Данде билълъунаго, нилъеца тани,**
**Дагьабги мугъ рехун, гъолъ нилъги тола.**

**Радал вахъиналде дур азбаралда**
**Очередалъул кьер чан букIунебан?**
**Кьижарав ворчIидал, «ворчIами» кьезе**
**БачIунеб халкъалъул хабар къотIана.**

Чадил гьудуллъиги гьанал вацлъиги
Лъан батила, Камил, кинаб жояли.
Киса бакIаб къоялъ букIараб къукъа
Къварилъи ккаралъур кинал ратана?

Дудаги, вац Камил, кин биципаниги,
Квелъ бакIаризего ракIалде ккечIо.
Кинавго чиясул хIажатги тIубан,
ХIатамилъ бох бухьун, мун хьвадараб куц.

Коньякалъул шушби чвантинирги лъун,
Чан квартир букIараб Камил сверулеб?
Квелъ чучун биччани, чода нух лъалей,
Чан гьобол йикIарай гьудул рещтIуней?

ГьамиштIасан хъвалел кагътал къотIидал,
Къваридго ватила мун туснахъалда.
Сивухъан рачIунел ругьалабазул
Гьогьен чIваларелъул чIалгIунищ вугев?

Щиб гьабилеб, Камил, кIваричIин гьанже
Кидаго ролъул чед нилъей бегьилищ?
Духъ чангит букIаго, чанги мерхьанин,
Гьанже бокьараца кьолоян абе.

МакьастIе щолелъул, чоца хъамулеб
Чанги къо букIанин, кирилъун хъваги.
Харикь рагIалдасан гIарал рихьулеб
ГIумру бачIинеги бегьула дуде.

## УЧИТЕЛЬЛЪИЯЛДАСА ВАС МИЛИЦИЯЛДЕ АХIИ

Гьаб учительлъиги учузлъун бугин,
БатIияб ишалде щай лъугьунарев?
Ученикazулги хъатир хун бугин,
Халкъалъ къимат кьолеб бакI кин кколареб?

Дуй культураялъул хIажалъи гьечIо,
Кутакчилъи буго гьанже къваригIун.
Канлъи-лъай босулеб заман аб гуро,
Милицалъи буго балагьизе ккун.

Мун кив рещтIаниги, чвархъи букIина,
Чагъиралъул шушби цоцалъ тункулеб.
Цо-цо гьоркьо-гьоркьор бакънал рагIила,
Рекъон кIи-кIи ясалъ дуе рачунел.

Спекулянтазул дармида жаниб
Долгун рекъани дуй къенцIезе щвела.
ЧIухь базе аралъуб дагьаб кумекалъ
Дур кисида жаниб жо-жо рехила.

Таманча балареб гIумруялдаса
ГIадада араб жо дида лъаларо.
ГIадан хIинкъулареб формаги ретIун, –
Гьеб жо дида аскIоб дуниял гуро.

### «РАТIЛЩИЦА ЧИ…»

Цо къоялъ Хамагилав
Хашабго формаялда,
Пуланаб къваригIелалъ,
Къурбановасде ана.

Азбаралде лъугьиндал,
Гьвеца чIвазе вахъана,
Хекко гьаб мина теян,
Дежурна вортанхъана.

Дир къваригIел бугилан
Къурбанихъе ворчIана,
Къабулго гьавичIого,
Гьесги нахъе гIинтIана.

Хамагилав пашманго
Гьениса нахъвуссана,
Гьвеца цIа-цIараб партал
ЦIан бахъун нахъе лъуна.

ЦIияб костюм ретIана,
ТIимугъ нахъе рехана,
ТIасан чIварал чарухъал
Чакмабазухъ хисана.

Шарпалъ габур бухьана,
Гишил пальто ретIана,
ТIубараб къачIаялда
Къурбанихъе вуссана.

Ав жанив лъугьунаго,
Гьвеца рачI кIибикIана,
КIалтIа тарав дежурна
Данде вачIун, вачана.

ТIаде изну гьаридал,
Пожалуйстаян абун,
Аваданго Къурбанов
Къабул гьавун кIалъана.

КIиялго гIодор чIана,
ГIарзалъе жаваб къуна,
КьабгIун кверги босун ав
Берцинго нухда лъуна.

Гьадинал хъулухъчагIи
ГIемер ругилан гуро,
ГIибрат босизе ккани,
Цо-цо чи камуларо.

**Заид ХIАЖИЕВ**
**(1898-1971)**



## КЪО-МЕХ ЛЪИКI

**Къо-мех лъикI, хирияб тIадмагIаруллъи,**
**ТIогьода росарал дур расалъаби!**
**ХъахIал тIогьал ругел дур рорхалъаби,**
**Лъарал гъулгъудулел дур гъварилъаби!**

**Метер кьили лъела кьалул бартуда,**
**Кьалул авлахъазде ахIуд вахъине.**
**Борчина черхалда чарамул ярагъ,**
**Чабхъад рачIаразде данде вагъизе.**

**Дица умумузул алмасаб хвалчен,**
**Хъачагъазул бода багъизабила.**
**ТIухьидул цIад балеб цIияб автомат,**
**ЦIуял фашистазда гаргазабила.**

**Къо-мех лъикI, хирияб дир инсул росу,**
**Росулъго кьурарал дир кьолбол ясал,**
**Рокьи басандулел билал рагъаби,**
**Балаял цIалдолел цIорол гордаби!**

**Баче, квергIаги кье, рокьи ккарай яс,**
**Нилъер рокьиялде кьалул къо кканин.**
**Къвал базе изну кье, кьибилалъул яс,**
**ЧIаго нилъ рикьулеб кьал ккани гьанже.**

**Нилъер талихIалда топал речIчIарав**
**Тушманасда дица цIоб лъезе гьечIо.**
**ЦIияб гIумруялде гIарада бараб**
**ГIангур чIвачIого дун вачIине гьечIо.**

## ТIОГЬОЛ МАЙДАН

**ЧанцIулго рехсараб Хундерил тIалъи,**
**Дур тIогьол махIаца мехтун вуго дун.**
**КучIдузулъ ахIараб ХIеблъи– расалъи,**
**Берцинлъиялъ сагьвил гьавун вуго дун.**

**ГIурччинаб магъилъе гъорлъе лъугьани,**
**Гьелчолеб ралъдалъищ вугеван ккола.**
**Гургинал гъулдузде тIаде вахани,**
**ТIансабазде тIаде ваханин ккола.**

**ТIогьол магIданазда жанивги вукIун,**
**КIалъачIого кинха гьанже хутIилев!**
**Гьайбатаб берцинлъи сверухъги букIун,**
**БицинчIого балъго кинха гьабилеб?**

**Зодил тIайпусалъул хIули белъине,**
**Релъаби гьанисан лъарал ратила.**
**Макказул гарбазе гугьарал кьезе,**
**Кьералги гьанисан росун ратила.**

**Гьаниб щибаб тIогьол берцинлъи гуреб,**
**Бицун хIалкIоларел махIалги руго.**
**ХIатта, берцинлъиги ва махIги гуреб,**
**МугIрул ияхI бугеб рухIгицин буго.**

## ДАГЪИСТАН

**Дагъистан, дур мугIрул рорхатал руго,**
**РикIкIаде бихьула борхалъудасан.**
**КIкIалаби гъваридал, гIатIидал руго,**
**РагIи буго рекIел гъварилъудасан.**

**Кьурда гаргадулел дур хехал гIораз**
**ГIащикъал кучIдузе бакънал рахъула.**
**ГIорал гъун къокъунел дур кочIохъабаз**
**Гьезда тIад рекъезе гьабун ахIула.**

**Дагъистан, гьаб дур рукъ бечедаб буго,**
**Гьулчун чалбудайдул царгъалги цIураб.**
**Дуца кьолеб нигIмат кьер-кьераб буго,**
**Кьарияб гьаналгун пихъил цIар араб.**

Ракьулъ лъугIи гьечIеб хазина буго,
«ЧIегIераб меседан», «газан» цIар тараб.
Ралъдалъ кибго гьечIеб цо ччугIа буго,
Мугъалда меседил расен бахъараб.

Гъадинаб буго дун вижараб ВатIан,
Дир рекIее рохел гьабураб ВатIан,
Маргьабазулъ гIадаб, жибго берцинаб,
Макьабазулъ гIадаб, талихIги кьураб.

**Ражаб ДИНМУХIАМАЕВ**
**(1905-1904)**



## БИДУХЪ БИ

*(къисаялъул кесек)*

МахIмуд рокъов жиндирго гьудуб-гьаб, гIиси-бикъинаб хIалтIи гьабулев вукIана.

ПатIимат МахIмудие чухъа гьабизе сугъур бессулей йикIана.

МахIмуд, чIужуялда аскIовеги вачIун, гьелъулгун накъит гьабизе лъугьана:

– ПатIимат, гьаб щиб дуца сугъур гьадинаб чараб, хъахIалги чIегIералги мухъал ругеб гьабулеб?

– МахIмуд, чараб бугони щиб дуе аб гьабсагIаталъ, нахъа, чухъа ретIунеб заманаялда, къентIури гIадаб чIегIераб букIине буго эб. Алъие лъикIаб релъен гьабуни, гIандадерил квасул гIадаб чIегIераб сугъур лъугьине буго алъул.

– Гьебщинаб гIакъуба дуего гьабичIого, дида щай дуца абичIеб? Дица гIарац битIилаан гури буртинаялъе лъикIаб квас босизе.

– КIваричIин, МахIмуд, гьанже мун гIадав херав чиясе гьалъул бугониги бегьилин тIад ретIине чухъа.

– Вай, дур мунагьал рахчаяй, дуца бицунеб щиб? Херав дицайищ лъикIаб сугъуралъул чухъа ретIине бегьулареб?

Гьеб накъиталда эбел-эмен ругеб замнаялда, лъабавго вас, хуриб гьабулеб букIараб хIалтIиги лъугIизабун, рокъоре рачIунел рукIана, берцинаб, гьуинаб накъитги гьабулаго.

– Гьа, дир лъимал, сваканищ нуж, ракъанищ, чIалгIанищ, кинабго хIалтIи лъугIизабунищ нужеца?

Бищун гьитIинав вас ГIалибег инсулгун накъиталде лъугьана.

– Валлагь, нижер эмен, кинабго хIалтIиги лъугIичIого рокъоре рачIин нижеда берцин бихьулароха, хIалтIиги лъугIизабун, руссана ниж. ЧIалгIинеги бегьилищ – лъикIаб мугIрузул гьава, берцинаб, гьира ккезабулеб хIалтIи, сверухъе тIогьод босараб мегъ-жоги.

Киназго какалги ран рахьун, кванирокъореги руссун, эбелалъ гьабун цебе лъураб квен кваназе лъугьана.

Кванан вахъаравго ГIалибегидехун инсуца къаси жинца гьабизесеб иш малъана.

– ГIалибег, дир вас. Мун цо лъикIаб макьилги гьабун, къаси магъилъе оцал кваназаризе а. Амма, ворегиха, дуца оцазухъ хал гьабе, цощинал чияр хурире ине гурин.

– БичIчIана, дир эмен.

* * *

Сордо бащалъараб мехалъ, тIадеги вахъун, МахIмудица жиндирго гьитIинав вас ГIалибег тIаде вахъинавуна.

– Вилъилъа, дир вас, буртинаги тIад ретIе, цощинаб цIад базе гурин, зодихъ дагьал накIкIалги ругин. Гьаб къвачIиниб бугеб чедги босе, нагагь вакъани кваназе.

– ЛъикI буго, дир эмен.

Гьеб жаваб инсуеги кьун, ГIалибег, цере оцалги къотIун, магъилъе вилълъана…

Радалиса хехго тIадеги вахъун, МахIмудица щивав васасда аскIовеги вилълъун, гьел рахъинаруна.

Васал, тIадеги рахъун, какал ралеб ругеб заманаялда, къватIиб цо хъуй бахъун, гьаб щиб гъалмагъиран МахIмуд лъималазда аскIоса къватIивехун валагьизе лъугьана. Цо гъалмагъир ккун бугеблъи лъалеб букIана. ТIохил рагIалдеги яхун, ПатIимат, цо тамашаго къаркъалаги лъугьун, рокъое жаниехун йилълъана.

– МахIмуд, цо къватIивехун ваккея, цIехея гIадамазда щиб ккарабали, дир ракI цо тамашаго лъугьун бугин.

– Кидаго гъалмагъир рагIарабго, тамашаго лъугьунеб дур гIадинаб ракI бихьичIо.

– Гуро, МахIмуд, дуца хехлъи гьабе, хал гьабизе гIамал гьабея, дир цIакъ чехь бухIулеб бугин. Кидаго дир черх, жакъа гIадин, тамашаго лъугьинчIин.

* * *

Азбаралъуса къватIире оцалги гъун, ГIалибег битIахъе магъилъехун валагьун вилълъана. Херги бугеб бекьичIеб хурив чIана, тIокIаб лъикIаб бакI жиндие букIинарин ракIалдеги ккун.

Хурул ссанул рагIалда гIодов чIун вукIарав ГIалибегида аскIове вачIана Халитил вас МухIамадкамил.

– Ассаламу гIалайкум, ГIалибег!

– ВагIалайкум салам! Мунищ вац, МухIамадкамил?

– Валлагь дун вуго. Духъ хъалиян цIазе тамахьо гьечIищ, ГIалибег?

– Дица хъалиян цIаларо гури, МухIамадкамил.

– Бихьинчи вукIаравани, тамахьо чвантиниб букIинаан дур.

– ВахI вац, МухIамадкамил, гьеб щиб цIакъ кутакаб чIухIараб рагIи? Дур хIисабалда, киналго хъалиян цIаларелщинал бихьинал руччаби рагIулаха?

– Руччаби гурелани, бихьиназ гIадин хъалиян цIалаан гурищ.

– ВахI, вац, дур хIисабалда, цо чи кьурдаса гъоркье кIанцIани, гьесда хадур кIанцIизе кколел ругоха цогидалги?

– Дица дуда кьурдаса гъоркье кIанцIеян абулеб гьечIо гури.

– МухIамадкамил, дуца дида гIайиб чIваге, гьеб хъалияналъ гьабулеб зарал дида лъала, цIалев чи мунго щай чвантиниб тамахьо-кагъатгун вачIинчIев рехъаде унелъул.

– Дир тамахьо-къагъат дуеги мун тайпаялъеги гIураб буго, дие къваригIун буго дудаса папирус гьабизе.

– Дидаса папирус кинан дуца гьабулеб, дихъ гьезего гьечIеб танхьил. Ялъуни, багьанаде тамахьоги ккун, дие гьалмагъир гьабизе дуе бокьун батани, гьале дун хIадур вуго, вахъа тIаде!

– Балай цо ясалъухъ, балай, – янги абун, МухIамадкамилица ГIалибегил нилъалзул хIамузда гъоркь квер бана.

Вахъун ГIалибегица, дуе къваригIараб щиб абун, цо рахъалде буртинаги рехун, сверизабун бачун гъванщилъа гIебеде жоги бана, МухIамадкамил ссандаса гъоркье гевегизе гьавуна, капурго хвараб хIамаянги абун.

Ссандаса гIодове гевегун вачIарав МухIамадкамилица, хъваштIан тIадеги вахъун, бахъун лъалиниса ханжаргун, ГIалибегида тIагъал тIерхьинги рохчохьолъан бухIи цадахъ бахьинги цолъана. Гьеб ругъун тIоцебесеб букIана ГIалибегида щвараб. ГIемер хантавго чIечIого, гьав мунапикъас дие гьабулеб жо щибан, бахъун гIадалъ балеб букIараб ханжар, МухIамадкамилил къигъажалъа гIебеде ккана, сордоялъул бецIлъиялъ. Гьеб хIалалда кIиявго чи гIемер заманалда цоцалъ къеркьана. Рохчехьалъулъ бугеб ругъуналъ ГIалибегил кутакалда тату хвезабун букIана.

ГIемер заман балелде, гIодов ккарав ГIалибегида цоги ханжарги чIван, МухIамадкамил, тIаде чи щвелалде, рокъовехун вилъльана.

ГIалибег щварал ругъназул кутакалъ лъикIалан заманаялъ гIакълуялдаса ун вукIана. Гьанже хадув гIакълуялдеги вачIун, ГIалибег ахIдезе лъугьана:

– Вай, Аллагь, сверухъ чиго гьечIодай! Вай! Вай! УгIугь! УгIугь!

Росулъа бегавулас магъилъ бугеб боцIиялъухъ балагьизе ритIарал гIадамазда рагIана ГIалибегил угьди.

КIиявго гIеласда ГIалибег вугеб бакI батана.

– Щиб ккараб, ГIалибег? Лъица мун?

– Вай, дун МухIамадкамилица лъукъана. Хехго…дие лъим…

КIудияв гIелас гьитIинав гIеласдехун хехго амру гьабуна:

– Вилълъа, мун гъанже хехго росулъеги ун, гъав хвелалде, бегавуласда бице кинабго.

ГIалибег, мех-мехалъ лъалхъун, риччалъ кIалъалев вукIана.

– ГъабсагIат дица дуе лъим балагъила, – янги абун гъев сверухъе валагъана лъим тIезе жо щибдай батиладаян.

– ГIалибег ва ГIалибег, цодагъаб лъим гъекъеларищ, вац? Дуца лъим гурищ гъарулеб букIараб?

Лъавудеги вачIун, ГIалибег гIелас дангъураялъ кьолеб лъим гъекъезе лъугъана.

Цодагъаб мех иналде ГIалибегица дунял тана. ЛахIчIераб, бецIаб сордоялде бакъбаккул рахъалдасан хъахIлъи рехана.

* * *

МухIамадкамил, вегаралъуса вахъине вацгIалги гъавун, гъесда кинабго бицине лъугъана. ВацгIалас МухIамадкамилида абуна:

– Гъел ругънал дудаги щун, дуца гъев чIаго таравищ?

– Дица гъесул киналго бакьал къватIире разе гъаруна. ГIадан-чи тIаде щвелалде хола дов. Дица гъев тана МухIамадгъазил ссанда гъоркь.

– Эдин батани, вац, МухIамадкамил, дур инсудаги вацаздаги лъазабзе ине ккола цIодорлъи гъабеян абун.

– Эзда лъазабуниги, лъазабичIониги, эзие щибниги жо гъабизе кIолев бихьинчилъиялъул махI бугев чи вугевищ эзул?

* * *

ГIабдурахIман хехго азбаралъуса къватIиве лъугьун, цеве ккара - ккарасда цIехолдизе лъугьана. Росуцояз къахIан ГIабдурахIман кквей гурони, гьесда бицунеб жо букIинчIо.

Гъеб заманалда ГIабдурахIманидаги гъесул эбел-инсудаги бичIчIана жидер тухумалъул чиясе цо жо ккун букIин.

ТIад чохтIоги къалаго, кутакалда хIинкъарай ва йиххарай ПатIиматица, цо гIемерал руччаби данделъараб бакIалдеги йилълъун, жиндирго гъудул-гъалмагъалда щиб ккараб абун цIехана.

– Гъуя, дир яц ПатIимат, чехь бихъадил васас нилъер ГIалибегие гъабун тараб щиб?!

Гъеб мехалда бичIчIана ПатIиматида жиндир васасе щиб бугониги лъугъун букIин. Гъей, ахIтIелаго, бетIер бухизе, расал ретIизе лъугъана.

МахIмудги васалги рахъун хунжрулгун рортанхъилел рукIана, амма жамагIаталъ къахIан ккун чIезаруна гъел.

Мех иналде, молодаги лъун, восун вачIана магъилъа ГIалибегги.

* * *

Цо пуланаб къоялъ МахIмуд, васги ракIалде щун, къахIан бетIерги ккун, тахида гIодов чIун вукIана. Инсул пашманлъиги бихъун, ГIабдурахIман, балъго цояб рокъоса туманкIги босун, къватIиве вахъана.

– ГIабдурахIман, мун киве?

– Киве абунищ гьикъулеб сапаралъ унев чиясда, нух битIагийин абичIого.

– ГIайиб гъабуге, ГIабдурахIман, гIедегIун духъе цо къвари-гIелалъ вачIун вукIана дун.

– Щибали хехго бице!

– ГъабсагIат дун вачIунев вукIана магъилъа гIебеде. Нухда дида дандчIвана нужер тушман МухIамадкамил, кIудияв вацгун цадахъ вачIунев. Дун вихьизеги бокьичIо гьезие. Амма дун вихьичIеб ххвелги гьабун, гьел цо кIкIалахъе жанире лъугьун ана. Цодагьаб мехалъги чIун, доре ани, нужеда дол доб бакIалдаго парахат гьаризе кIвела.

– ГIемераб заман анищ эл дуда энир рихьаралдаса?

– ИнчIо. Гьале гьабсагIат дун гьениса вачIунев вуго.

Гьедин кIалъалел гьал рукIадго, тIаде щвана вац ХIасанги.

– ГIабдурахIман, хабар щиб? ЩибгIаги гьагъас дуда бицунеб жо?

– Гьагъас дида бицана нилъее къваригIараб жо.

КIиявго вац гIемераб манзилада рилълъана сихIкъотIун, щибниги каламги гьабичIого. Магъилъ бугеб цо кIкIалал рагIалде щвараб мехалъ, ГIабдурахIманица гьитIинав вацасдехун абуна:

– ХIасан, нилъер вац чIварал тушбаби гьаб кIкIалахъ рагIула, дунял бецIлъизегIан чIун, росулъе рачIине. Нилъее къваригIараб жо буго, вац, щиб гIамал гьабунги, гьаб бакIалда ал тIагIинари. Мун гьанив вукIа, дун гьанисан сверун, гъоб нохъоде ваккилин, гьенир гьечIищали.

– ГIабдурахIман, мун чIа гьанив, нохъоде дун ина…

– ЛъикI буго.

Бигьа гьавун ХIасан нохъо бугеб рахъалдехун вилълъана. Гьесда гьенив щивниги чи вихьичIо, амма нохъоялъул кIалтIе рехун бихьана буртина. ЛъикIаб хIалалда нохъо бихьулеб цо сирталдеги ун валагьана нохъода жаниве, жанив чи вугищали хал гьабун. Гьев, хехго нахъвуссун, ГIабдурахIманида аскIове ана. ХIасаница гьесда бугеб ахIвал-хIал бицана.

– Чан чи вугищали лъазе кIвечIищха дуда?

– КIиго чи вугилан ккана дида, амма гъол гьабсагIаталъ кьижун рукIине ккола, гурелани гъол рагъа-рачаричIого рукIинароан…

**ХIажи ЗАЛОВ**
**(1912-1995)**



## ХАЛКЪАЛЪУЛ НАМУС

**Бихьула дур хIалтIи, хIурмат бугеб нух,**
**Хвел гьечIеб тарихалъ бицунеб буго.**
**Дуца рагъун кьураб ВатIаналда тIад**
**Даим тIерхьунареб бакъ рещтIун буго.**

ГІаданги свакала, ресги лъугІула,
Халатаб нухалда чІечІого ани,
Дуе чІейго гьечІо даим кидаго;
Я мун свакаларо, я лъалхъуларо.
Санал цІикІкІарабгІан, заман арабгІан
ГІолохъанлъиги ун херлъи бачІуна,
Мун, санал аралгІан, херлъи гьечІого,
Халатаб гІумруялъ гІолохъанлъула.
Хурзабахъ тІор гІадин, лъикІал гІадамал,
Эбелалъ вас гІадин, гІезе гьаруна.
ГІагараб дир ВатІан – халкъалъул талихІ,
Дир черхалъул рухІги берзул канлъиги.
ЦІумалда бихьула цохІо сверухълъи,
Цебего бихьана дуда дунялго,
Лъиданиги даим лъачІеб балъголъи
Дур залпаз, кьижарал халкъал рорчІана.
Россия туснахълъун бухьун букІараб
Рахсал дур квераца тІутІун рехана.
Азарго сонаца цІер чІварал мугІрул
Дуца их бачІиндал, хинлъун тІегьана.
ГІагараб Россиялъ эркенлъи кьедал,
Кинабго Дагъистан тІаде бахъана.
Дур автономиялъ нижер ракьалда
Рохелалъул иццал чвахизаруна.
Ракъван хун рукІарал мугІрул, авлахъал,
Дур лъеца лъалъаялъ, ахлъун цІилъана.
ЛъикІаб вацлъиялъул мацІ лъазабуна,
Нижеда цадахъ мун, нижер рекІелъ мун,
РекІел мурадалде нух малъулеб мун,
Рагъулъ лъададараб, хІалтІулъ хІал лъараб
Ниж хІасрат гьарулеб цебехъанги мун.
Дуца борхун буго бергьараб байрахъ,
Халкъазе гІатІилъи букІине гІоло.
Дуца ниж церехун рачунел руго,
Ниж гІащикъаб анищ тІубазе гІоло.
Дир халкъалъул намус, халкъалъул рохел, –
ВатІаналъул талихІ, нижер учитель,
ГІагараб дир ВатІан – мун дир гІатІилъи,
Дир черхалъул рухІги берзул канлъиги.

**НурмухIамад АБИХIАСАНОВ**
**(1915-1971)**



## ЧIЕГIЕР ГIОР

***(баллада)***

**1.**

**Кьурул ахалъуда ахаз буччараб**
**Росу буго сукIун, бакълъухъе буссун.**
**Росдае сангарлъун сверухъан раккун**
**МугIрул руго тIасан цIаруцIун халккун.**
**Хъудулеб, беролеб хехаб гIурул сас**
**ГIадамазе гьаниб буго ругьунлъун.**
**Гьалаглъи бергьиналъ батизе ккола –**
**ЧIегIерабан буго гIоралда цIар лъун.**
**ЦIорол мугIруздасан гIисинал лъарал**
**ГIасияб гучалде цолъизабураб,**
**Ралъдай квербакъизе къокъараб гьалда**
**Квелъ балев багьадур вукIинчIо некIо.**

**2.**

**Росдал ахалъуда къваридаб рокъор**
**Къоролайги васги рукIана хутIун.**
**Рукъалъул кIудияв гъорлъа камидал,**
**Гъансито бецIлъана, лъимер гIодана.**
**– ГIодуге, хирияв бабал хазина,**
**Нурги бакъги рокъов гьанже мунлъидал.**
**ГIодуге, гIодуге, дир берзул канлъи,**
**ГIела мун кIудияв – кIочена гьаб къо.**
**Якъун дунги чIела, дуе панкъ кьела,**
**Къечани гьекъезе гьале цебе гIор.**
**ГьечIо къасде нилъер къатIраги нартил,**
**Метер базаралде бухьина сапар.**

3.

Рогьалилъ лъимадул гьуинаб макьу –
Гьеб холареб куцалъ яхъана эбел.
Базаралде боссе квегIенлъиялъе
Кварица бухьана шишадул щекъер.
Бакъ тIаде щвелалде кьодухъе щвана,
Щуго минут инчIо – мегIер гелана.
МагIарулал руго рахъ-рахъалдасан
РачIун базаралде бича-хисизе.
Босула цо-цояз къиматаб къайи,
Къоролалъе щвана шища цIураб нарт.
КъваригIелги тIубан тIадюссунелъул
Вас гIодулеб гIадаб гIинда чIвана сас.

4.

МагIардаса гъоркье гьай ячIунелъул,
ЧIегIер накIкIаз зодил гьумер бахчана.
Чвахулеб тIупаналъ, тIасан гъугъаялъ
ТIолабго сверухълъи чIегIер гьабуна.
ГIор ццидахун буго кьурда речIчIулеб,
Кьо буго гьаргьалеб гьай тIасан унеб.
Кьодул ссак биххулеб ваххиялъулги,
Хъудулеб ццидалаб ЧIегIер гIурулги,
«Вай дир лъимер!» – илан эбелалъулги
Бахъана цадахъаб гIассияб гьаракь.
Гьале ракIалдаго букIинчIеб балагь –
ГьечIо тIокIалъ эбел, бесдаллъана вас.

5.

ГIемер сонал ана гьелдаса нахъе,
Амма бесдал течIо ВатIаналъ гьав вас.
«Авроралъул» кьвагьи гъугъалеб мехалъ
Кьварарал бахIарзал гIуна магIарухъ.
ГIурул чвахиялда чармил къед бана,
Нарт гьечIел чирахъаз рукъзал гвангъана.
Щив махщел бергьарав багьадурасдай
Росдае сардилъги бакъул нур кьураб?
Кьварараб тIабигIат мутIигI гьабулев
Ватана инженер ахирги дида –
Эбеллъун ВатIан чIун чIчIалде вахарав
ЧIегIер гIоралъ арай къоролалъул вас.

## МухIамад ШАМХАЛОВ
## (1916-1995)



### ЧIЕГIЕРАВ ЧИ
### 1.

ГIадада къад Жамбулат рокъове лъугьун вачIараб мехалъ, эбел тIуркIана ва бусадаса йорхун ячIана. Гьей божичIо жиндирго бераздa. ЮцIцIун чIана, бералги къанщун.

– Вай, дир вас, щай мун гьедин ургъел гьечIого хьвадулев вугев къад заманалда, – ян абуна гьелъ хIинкъараб гьаракьалъ, жинда бихьулеб жо макьу гьечIолъиялда ракIги чIун. – КингIаги мун ворчIарав? ГурхIа дида, мун гурони гьечIо дир.

Жамбулат кроваталда эбелалда аскIов гIодов чIана. Йорхун ячIарай гьей егизаюна.

– Хирияй эбел, ургъел ккоге, – ян абуна гьес, гьелъул бетIералда кверги бахъулаго, – кинабго лъугIана. Дунял роцIун буго, гьале Залимханил ханжар.

– Вай, талихI къарай дун, къо бухIарай дун, – ян абуна гьелъ загIипаб гьаракьалъ, – гьанжеги бийищ?! Кин духъе ккараб Залимханил ханжар?

– ГIодое йиччай, эбел, кинабгIаги би гьечIо. Дица абуна гури дунял роцIун бугилан. Дуда ургъел чIвазе жо гьечIо, эбел.

Эбел гьалгъан хутIана. Кин роцIараб, кIиго росдал жамагIат данделъараб мехалда роцIинчIеб дунял. Гьелда щибго бичIчIулеб букIинчIо васасул рагIабаздаса. Божизеги бокьун, божизеги кIоларого йикIана гьей. Амма васасул ракIчIеялъ, гьесул гIодове виччаялъ, гьелъул рекIелъ кинабалиго хьул кунчIизабулеб букIана. Бугониги гьелъ абуна:

– Вай, эбелхвад, киса гьединаб талихI. Божуге дир вас, цосинав тохлъизавизе гурин.

– Дида божа, эбел. Ниж рохьор дандчIвана. Цадахъ рачIана рокъоре. Мун эркенго кьижизе бегьула гьанже.

Киданиги ккечIеб жо ккун батилилан божизе кигIан захIмат бугониги, эбел васасда божана. Жемун къвалги бан хурхун чIана гьей васасда.

– Гьале дун сахлъана, – ян абуна ПатIинаца, тириго тIадеги яхъунаго, – вай, кинаб берцинлъи, кинаб гIатIилъи дунялалъул!

Гьеб мехалъ бихьана гьелда васасул квегIаб квер гIубилаб чIартица бухьун букIин.

– Гьаб квералъе щиб ккараб, дир вас? – ан гьикъана гьалъ хIинкъадго.

– ГьабсагIат бицина, эбел, гIодой чIа.

**2.**

ГIадатияб гуреб сихIкъотIи букIана рорхатал мугIрузул рохьоб. Рахъун чIовухъе кьижун ругин кколаан къелъ чIварал магIал кинигин, гIодобе даларараб, хъатгIан лабалаб хьонлъиялда, кьурабалъ рижарал, магIарул хаселалъ хъахIал буртаби ретIарал залимал накIкIил гъутIби. Бакъан къотIун букIана, кьурабалъан чвахулел мугIрул иццазул. ГIицIго тамахаб гIазу бокьарал, бацIилищ, цидулищ, яги цогидал жанаваразулищали лъаларел лъалкIаз бицунеб букIана рохьоб гIумру букIин.

ГIемер борхатаб гьечIеб гохIилъе вахаравго Жамбулатида бихьана, баккун, тIерхьун, рохьосан унеб кIиго чIегIерлъи. «Чанахъабидай?» – ян ккана гьесда. Жамбулат тамашалъул хутIана гьел руччаби рукIин лъараб мехалъ.

Жамбулат рахIатхун лъугьана. Руччаби унел рукIана хIакъаб хвалде. Гьес хIукму гьабуна гьездаса цеве ккезе векеризе. Амма гьев рикIкIад вукIана, кватIун ккезе бегьулаан. КIалдире килщалги риччана гьес гьищтIун биччана.

– Гьенир чIа! Нух гьечIо! ХIинкъи буго! – ян ахIтIана гьев. Руччаби занкIан чIана. СихIкъотIараб рохьоб гьелегьараб гьещтIеялъ, хадубго бахъараб гучаб гьаракьалъ гьел тIуркIизаруна. Рихxун рахъ-рахъалде ралагьана. Вихьуда чи вукIинчIо. КватIичIого рохьил рацIцIалъиялде лъугьун вачIана гъалараб чIегIераб тIагъур лъурав, чIегIераб буртина ретIарав¸ гьезда залимавилан ккарав чи.

Буртина ретIарав чиясда рикIкIадасанго лъана руччаби щалали. Гьел рукIана гьесул росулъа, гьесул мадугьалзаби – ХIасанил ПатIинаги гьелъул яс Сакинатги. Жамбулатил галаби лъалаго хьадарлъана, дагьалъ виххарав гIадин лъугьана.

Гьел рукIана гIумруялъ цоцае салам кьечIел, цоцада кIалъачIел, санагIат ккарабго ханжар бахъизе хIадураб, кьалда бугеб кIиго тухумалъул гIадамал.

Гъалараб чIегIераб тIагъуралъ, габур-бетIер сверун жемараб башлихъалъ, цохIо берал хутIизегIан, гьумер бахчун бугониги, ПатIинада лъана рокьукъав мадугьал – Абакарил Жамбулат. Гьей тIуркIана. Рохьил ци данде бачIунеб букIарабаниги, гьедигIан данде къалароан гьелъул ракI.

– Огь, мунищ вукIарав, талихIкъад, – ян абуна ПатIинаца, нахъаса-нахъе къалаго. – ТIагIа цевеса, чIегIерав чи! Жалго те ниж! – гьединги абун, чIахIиял галабиги тIамулаго, Гьеделкьи кьурабалъехун ялагьун ине лъугьана гьей. Гьелъул рачелги ккун хадуй уней йикIана Сакинат. Гьелъ тамашаго чIахIиял берал речIчIизаруна Жамбулатида. Эбелалъул бадиб гIадаб ццин ва цIобтIури букIинчIо гьелъул бадиб.

Жамбулат таваккалго цеве кIанцIана. ЧIужугIадан дагьайги ццидахана. Хъумур гIадин къаюкъана гьесда тIаде. Каранда тункана.

– ТIагIа цевеса, нагIана батад! Риччанте ниж!

– Ццидахунге, – ян абуна Жамбулатица гIодове виччан. – Дуда абулеб буго гьанисан нух гьечIилан, духъ балагьун хвел бугилан. Щай дуда бичIчIулареб?

– Биччанте букIине! Хвелго бокьила дие дуда берчIвазегIан…

Жамбулатги цо рахъалде тункун, нахъеги ине къасд гьабуна ПатIинаца. Чанго гали хутIун букIана балагьалде щвезе. Къан гъежги ккун чIезаюна гьес тIури щварай чIужугIадан. Гьесухъа гъеж бахъизе кIвечIелъул, гьесда бадибе туна гьелъ.

– Дуцаниги абе, яс, эбелалда гIадаллъугеян, – гьарана гьес, щиб гьабилебали лъаларого йигей ясалда. – Лъабго галиялъ добегIан гIассияб хвел буго нужехъ балагьун. Гьаниса нухги батичIого нахъвуссине ккана дун. Унго, рихьулел гьечIищ нужеда дол цIорол кьураби?

ТIури щварай гIадан кантIизайизе бокьун, гIаздакьаги бахъун, цIулал хIехь рехана Жамбулатица сухъмахъ букIараб бакIалде. ГIодоб хъван бахъиналде, тIасан гIодобе кIкIалахъе боржун ана хIехь. Гьелъ гIазуги лъухьун, цебе рехана гIаздакь бахчун букIараб цIер. Гьанже халлъана Сакинатида, кьураби рихххун инчIого рукIине гъоркь чIварал гIарцул хIубал гIадал, тIаса гIодоре кIкIалал тIиналде щварал, залимал цIункIулукIал. ХIинкъун бер къанщана гьелъ.

– Вай, баба! – ян ахIтIана гьей, эбелги къан ккун. – Кире нилъ унел рукIарал? Хабалъ рукъизе рукьби кодоре щвелароан гури, вай, баба, бихьулеб гьечIищ?

КигIан беццал рукIунел ццидал, жахIдаялъул берал. ПатIинал бетIералъ жеги къабул гьабулеб букIинчIо гьев чияс жиндиеги жиндир тухумалъеги лъикIлъи гьабизе бегьулин абураб пикру, гьес риччан тун рукIаралани ккезе букIараб жоялъул. Амма гьанже гьей гIедегIулей йикIинчIо хвалил нухтIе.

Къанщун beралгун, сородулей йигей ясги данде къан, юцIцIун чIана гьей. Гьанже гьей хIинкъулей йикIана чIегIераб кьуруялда бижараб, залимаб хъахIаб мегежилан кколеб, цIорол тIалаялъухъ ялагьизе. «ХIакъаб хвалде унел рукIун руго ниж», – ан паркъана ахирги гьелъул ботIролъ.

– Гьадин чIун жо ккеларо, – ян абуна Жамбулатица. – Дунял рукIкIунеб буго, квач кутаклъулеб буго, тIадруссун Хураде иналдаса батIияб нух нужее гьечIо. ХIинкъулел ратани, щвезарила.

«Вай, кин тIадруссинел? Щибилан ккелеб гьалбадерида, бегьулеб жойищ гьеб?» – ан пикру гьабулеб букIана ПатIинаца.

ПатIинал доб дугъдай, божи гьечIолъи лъугIун букIана. «Нижее квешлъи бокьун букIарабани, вуцIцIунги чIун хIакъаб хвалде риччан телаан ва кин ниж тIаса гIодоре инеяли валагьун чIелаан», – илан ккана гьелда. Амма гьелъ абичIо жал хIинкъулин, щвезарейилан. Жамбулатица хIукму гьабуна гьел щвезаризе. Гьеб лахIзаталда гIемер рикIкIад гьечIеб гохIда нахъа бахъана, рохьго тIуркIизабулеб, гIассияб хъуй. РакIалде кколаан гIалхул жанаваразул тIубараб бо цоцалъ бан батилилан. Жиндирго изну гьечIого Жамбулатида нахъе кIанцIана хIинкъарай ПатIина. «Вай, баба!» – анги абун, эбелалда хурхун чIана Сакинат.

Я эбелалда, я ясалда лъачIо сундул хъуй гьебали, щиб кколеб бугебали.

Каралъ эхеде борхун ана Жамбулатил тӀагъур. Руччабазда бихьичӀо гьесул кьер тӀураб куц. Гьесда бичӀчӀана бацӀал рикӀкӀад гьечӀолъи.

– Гьагъаб хъархъида нахъа кьерун чӀа, – ян абуна гьес. – Гьанирехун рачӀинчӀого рукӀине бегьула.

ГӀаздал хӀурги бахъинабулаго, гьеб лахӀзаталда баккун бачӀана бацӀазул рехьед. ГьотӀода жаниве лъугьине бокьун бугеб гӀадин, гьелда цун чӀана гьев. Берзул канлъи лъугӀараб кинигин, бецӀлъун ана дуниял. Лъавудаса ун ханжар хьвагӀулев, гьелъ гьава хъвалхьунев вукӀана Жамбулат. Гьесда жиндаго лъалеб букӀинчӀо щиб жиндица гьабулеб бугебали.

Гьаниб ккана хвезе гӀажалгӀан ракӀалда букӀинчӀеб жо. Добго гӀассияб хъуй бахъана гӀанgraзул. Цо гӀомо-горо лъугьана гьезул. БацӀал тӀаделъана бидбецӀцӀулеб бугелде. ТӀаса гӀодобе хъамун ана хъурмаз хъумур.

– ТӀаде рахъа! Хехлъи гьабун гьаб бакӀ тезе ккола нилъеца, – ян абуна гьес, щибниги ккечӀеб гӀадин, гӀодове виччаравлъун вукӀине жигарги бахъулаго.

– Вай, кин тӀаде яхъиней, махӀабазда рухӀ хутӀун гьечӀо.

Жамбулатица кумек гьабуна гьелъие тӀаде яхъине. Сакинат жийго яхъана тӀаде. Сородилей йикӀана гьей. Кагъат гӀадин хъахӀлъун букӀана гьумер.

– Щиб балагьалде дун данде ккарай, – ян абуна гьелъ, синкъиялда гӀодулаго, – ракӀ къватӀибе кӀанцӀизехъин буго. Дуца цӀуне, ТӀадегӀанав Аллагь.

– Рилълъа, рилълъа. Сабру гьабе. ТӀадруссун Хураде ине рес гьечӀо. ЦӀидасан доб бо данде ккани, нилъее бигьаго букӀинаро…

### 3.

Рохьихъанасул хъощ, хъощ гуреб, гӀезегӀан багъилаб, къазе нуцӀа–гордуги бугеб, гьитӀинаб рукъ бугоан. Гьениб бугоан цӀа бакулеб гъансито, хӀадурараб цӀул. Амма цӀа гьезухъ букӀинчӀо. КъватӀибалде данде ккун лъикӀго танкун бугоан гьениб. Цебе цӀулал хъвалхьенги лъун гьабураб, хӀотол бусенцин бугоан. Щулияб хъалаялъуе йорчӀарай гӀадин, ракӀ парахалъана мискинай ПатӀиналги гьитӀинай Сакинатилги.

– Гьаниб санагӀат букӀина нужее, – ян абуна Жамбулатица, бахъун буртинаги ПатӀинахъе кьолаго, – буртинадульги жемун, регун чӀа.

– ГьабсагӀаталъ, – анги абун, къватӀиве ана гьев.

ПатӀинае бокьун букӀана «Мун киве? Квачан хвела гури», – ян абизе. Кин бугониги гьелда кӀвечӀо жалгун цого рокъов вукӀаян абизе.

### 4.

Жамбулат къватӀиве вахъана. Гьесул букӀана тӀубараб литра гӀаракъидул гьекъарав чиясул гӀадаб хӀал. Сородулел рукӀана бохдул. Кинабалиго тӀадагьлъи букӀана чорхолъ. Вехьасул рокъобалдаса батӀаго канлъи букӀинчӀо къватӀибги. ГьештӀолеб, гъутӀбигун къеркьолеб букӀана ццидалаб гьури. Чанго минут бана гьес, рокьи ккарал гӀолилал гӀадин, цоцада къвал бан бижараб кӀиго залимаб накӀкӀигъотӀода гъоркь вахчун чӀун. Кидаялиго бихьараб макьу гӀадин, лъицаялиго бицараб маргъу гӀадин букӀана гьесда

цебе гьаб рохьоб ккараб жо. Гьев вохун вукIана, чIухIун вукIана доб балагьалдаса чIаго-гIатIго ворчIиялдаса, талихI къарал руччаби хвалдаса хвасар гьаризе кIвеялдаса.

Бер-кIал, магIарзукъалал ссудизе лъугьараб мехалъ, Жамбулатида бичIчIана цIоройги, бацIго гIадин, хIинкъи бугеб жо букIин.

– Нуж хIинкъуге, дун рикIкIаде ине гьечIо, – ян гьездаги абун, гьев кваркьи гIадин, цебе бачIараб кьурул мегIелиялда гъоркь гьабураб, гьор гIадаб бакIалде жаниве ана. Гьор харил цIезабун бугоан. Жиндиего санагIатаб гвенд гьабуна гьес харилъ. Чанги вегизе ккана гьав гьадинаб харил бусада. Гьесие бокьула ругьунаб бакъвараб харил махI. Квачалдаса бакъвараб хералъ лъикIго цIунун вугониги, кьогIал, гьуинал пикрабазги макьу бачахъулеб букIана.

«ХIакъаб жо буго жакъа рохьоб ккараб жо ПатIинаца васасда – Залимханида бицинеблъи. Щибдай гьес абила, кинаб пикрудай гьесул ботIролъе бачIина, – ян ургьана гьес. – ПатIинал бакIалда дир эбел, дир бакIалда Залимхан вукIаравани жакъа, щибдай гьес гьабилаан?»

Макьу рикIкIад букIана чIегIераб буртинаялда гъоркь кьерун, цоцалъ хурхун ругел эбел-ясалдасаги. Анкьидасанги рукIалиде ккеларо гьезул ракIал.

**МухIамад СУЛИМАНОВ**
**(1919-1988)**



## Ж А В А Б Ц О Г О Б У К І У Н А

### I.

Сиражудинил кIитIалаял, бекIкIун ганчIил гьарурал рорхатал минабазда цебе бугеб чIедерабго къотIносан унейщинахъе МакъсутIил гьитIинай яс Алжанатихъа цо жо ккечIого хутIулароан. Я гIертIидаса къвал борчIун, гьеб цIидасан базе лъалхъулаан, я махIалдаса щвата ччукIун, гьеб тIаде цIазе дагьаб мехалъ чIолаан, ялъуни, цо-цо рахъ-рахъалдеги ялагьун, ахикье унеб чалиялъул чIимгIаялда аскIоб,ункъбокIонаб ганчIида гъоркье, ункъчIвараб кагътил кесек биччалаан… Амма вихьуда чи вугони, гьеб цонигиябги лъугьунароан.

Алжанат лъалхъарайго, кIиабилеб тIалаялъул, хъахIилаб лажбар бахараб горду рагьун бачIунаан. Гордухъа къватIивеги ваккун, Сиражудинил вас Жамалги Алжанатидехун кIалъалаан.

Цо нухалда гьадиниб иш ккана. Гъалгъалараб чIегIераб хIамида цIоросаролъил гьирги чIван Алжанат гьабихъе, гьеб ххенезе уней йикIана. БитIун Сиражудинил кIалтIе щварабго хIама лъалхъана. Кваранаб рахъалде гьетIун букIараб гьир тIаде борхулаго, дагьаб цIикIкIун ккараб куц буго, гьир, квегIаб рахъалдеги гьетIун, хIамил чахьалтIе сверун ана. Ругьунаб гуреб бакIалда бакIлъи даларaб гьебги тIерхьелаго, кIесарилаго ухIдизе жубана. Гьебго минуталъ кавудухъа къватIиве векерун вачIарав Жамалица, къвалги бичун, хIама гьиридаса хвасар гьабуна. Цинги кIиязго ккун гьеб гьир нахъойги хIамиде бахинабуна.

– Цосина нахъойги гьалмагъир ккунгутIизе цадахъ вилълъинищ? – ан гьикъана гьес ясалда.

– Дунго ина. ГIадамазда рихьани щибилан абилеб, – ян хIеренго гьимулаго, данде жаваб Алжанатицаги гьабуна. Амма Жамал вилълъинчIого чIечIо. Гьабихъе гьейги щвезаюн, гьев тIадвуссана…

КIиялго гьел жеги гIисинал чагIи рукIана. Доб мехалъ Жамалил битIун анцIила анкьго сон букIана, Алжанат йикIана анцIила щугоялдаса цодагьай йорчIарай.

Алжанат къотIносан ячIине кватIулей йигони, Жамалги гьезул бакIалдехун валагьун унаан. Гьеб букIана ВатIаналъул рагъ багъарилалде цебе.

II

Гьале росдал ахада, ахазул бакьулъан унеб гIедегIараб лъар. Лъарал вахьиялъ гIундузда жаниб цого гъугъай лъугьинабулеб буго. ТIогьоца рацарал гъутIбуз гьаваялда гIажаибго гьуинаб, рекIеда гьоцIо ччулеб гIадаб тIагIамалъул махI багъаризабун буго…

ГамчIалгун багъилаго, кIкIал чIван эхебе чвахун унеб лъарал хъуялъухъги гIенеккун, кIиялго гIодор чIун руго. Гьезде тIаде къулараб жагадул гъотIодасан гъун бачIунеб гIисинаб тIегь балеб гIазуялда релълъуна. Лъарал хъуялда гьоркьосан цоцалъ ран бакънал рачунел хIанчIазул чIичIидиги, цебе бугеб бакълъудасан унел ясазул ахIулеб рикIкIадаб кочIол бакъанги загIипго гурони рагIуларо.

– Жамал, унго гьадаб цо гIаркьелалъул берцинлъиялде валагье, дир рокъоб бугеб анищ доб, – анги ахIун Алжанатица лъарал доб рахъалда, борхатаб кьурда бижараб, дагьабго цебегIан къулараб куракул гъветI бихьизабуна.

– Кутакалдаха. Долдасаги мун…

– Жамал, балагье, балагье, доле цо хIанчIил бусен. Бихьуларищ дуда?

– Щай бихьулареб, бихьула, – янги абун, бихьичIониги жавабги кьун, Жамал ясалдехун вуссана.

– Бицеха киб бугебали, бихьулеб батани.

– Доле доб гъотIода буго, – ян абуна гьес, гьимизеги гьимун, квер гIебеде битIана.

– ГъанивегІан къулея. Доле жагадул гъветІ бихьулищ? Гъадалда хьибилалда бихьулищ цо гІебеде араб гІаркьел? Доле хІинчІ рещтІана. Бихьулищ?

– Гъа, гъа, гъанже бихьанаха, – янги абун Жамал Алжанатидехун гьетІаралъувго чІана, гьесул чанлъаб, чІегІераб катІари Алжанатил кІаркьеналда хъвана. Амма гьес гьеб нахъе гьабичІо. КІиялго сас къотІун гІенеккун чІана, кІиязулго берал гъотІохъ ралагьун рукІаниги, ракІал цоцазул пикруялда рукІана.

Гьавугьинан ясалдехун вуссунев вукІарав Жамалил квегІаб михъ Алжанатида хІунчана. Гьелъул чорхолъе бидулрихьазда хІенчолеб асар рехизабуна. Гьебго секундалда Жамалил дагьалго чІучІхІарал кІутІби ясалъул тІеренал, багІарлъи рехарал кІутІбузда хъвана…

Гьел минутазда кІияздаго ракьалда тІад бихьулеб жо букІинчІо. Ахил рагІалдасан, гьезда вихьилевилан къулкъулиялда унев вукІарав Жамалил эменцин вихьичІо…

ЛъикІ мехалъ гьел рахъ-рахъалде ралагьун сас къотІун чІана. КІиялго цоцаздаса барщаралилан кколаан. Амма Алжанатица сихІкъотІи хвезабуна.

– Жамал, дица цо гІажаиблъи гьабулеб жр бицинищ?

– Щибдай?

– ГІадамасда кІолебани бокьараб жолъун вахъине. Масала, гьадаб хІинчІлъун. ХІинчІлъун йикІине бокьилаан дие. Бокьараб борхалъуде яхине, ихдал ячІун, хасалихъе йоржун – дунял тирулей йикІине…

– ВахІ, цІакъаб анищ бихьулищ? ХІанчІидасаги мун гьанже эркенай йиго гури. Бокьаралъуе яхине, бокьараб бакІалде щвезе, бокьараб аваданлъиялда йикІине дуе гьукъарав щив? Дуца хІинчІан абидал ракІалде щвана: нижер полкалда дунгун цадахъ Головинилан абун цо солдат вукІана. Унго-унгояв бахІарчи вукІана. Гьес ясалда хІинчІан гурони кидаго абулароан.

Алжанатица жаваб гьабичІо. Жамалги цевехун, цо рикІкІада бугеб магІардехун валагьун чІана.

Алжанатил рекІелъ гьанже тамашаял асарал хьвадилел рукІана. Гьале Жамал гьалда аскІов. Гьедин кидал гьал цадахъ рукІарал? Рагъ байбихьилалде цебе гьумер гьурмаде буссун цоцада кІалъазе нечолаан. Чияда рихьизе хІинкъулаан. Цоцада бицине рагІи батуларого, багІарлъун, хьахІлъун лъугьунаан… Гьале гьанже аскІов вуго, ункъабго бидулаб соналъ къаси– къадги рекІелъа ватІалъичІого, рекІелъ цІунун вукІарав гьудул. Гьанже гьасул базалияв гІолохъанчи лъугьун вуго. Каранда кІиго орденги лъабго медальги буго, погонал рахъун мехго бачІеб гурдил гьажалда жеги кІи– кІи каратІ буго. Гъуждузул гІеблъи, жиндирго айгъурлъи. Гьаракь гьварун бугеб куц. Гьал михъал… Унго рагъалъ гьасул лъугьинавун вугев чи…

– Жамал, мун киве гьаб хІалалъ валагьун вугев?

– Доле доб магІарде валагьун вуго. Головинил цІар бахъиялъ цо иш ракІалде бачІинабуна.

– Щиб гьеб? Балъголъи батичІони бицине бегьиларищ?

– Балъголъи гуро. Цо нухалъ нижерго лъугьараб иш цебе тІамула.

– Мун тамашаяв чи лъугьун вуго. Армиялдаса вуссаралдаса гьале кIиго моцIалдасаги балеб буго. Цониги нухалъ дурго лъугьа– бахъиналъул дуца дида бицинчIо.

– Гьелъие нилъер гIунги тIокIаб заман букIина, гьанже нилъ нагагь–надир гурони данделъизе рес гьечIел чагIи гуро… Нилъерго талихI буго гьадинаб гIумру щвей. КватIичIого цого рукIалиде руссина. Гьеб мехалъ дица дирго лъугьарабщинаб дуеги бицицна.

– Дие гьанжего бокьун буго рагIизе.

– Щибха дуе дица бицинеб? Бихьарабщинаб цинтIаго киса бицун бахъунеб?

– Дуего орден щвараб куц щай бицунареб?

– Гьелъие жаваб киназулго цо букIуна: вагъана, немцал гъурана. Гьеб мехалъ орденги кьуна…

## БАЦIИЛ МАКЬУ

Эбелаб бацIие ункъо тIинчI хьихьизе захIмалъана. ГIи магIарда бугеб заманалда унта-щокълъараб, ялъуни чохIоца тату хвараб лемаг гьоркьо-гьоркьоб гьалъухъе щолаан. Кьижаралде тIаде ккани, гIанкI-цералдаги барахщулароан.

ГIи гъутабазде гочун ана. ГIанкI-церги, чанахъаби гIемерлъун, къанагIалъана, чIахIалъанагIан тIанчIазе квенги цIикIкIун къваригIана.

Жибгоги бакъараб, ракъарал тIанчIаздаги гурхIараб гьаб кIиго сордо-къоялъ гIадада тирана. ХIисабго тун зазихараб хъархъилъ батараб чIоролодал бусадаса, лъикIалан рас-квасалдасаги батIалъун, гьелъие лъабго хоно щвана. Амма малъгIанасел гьел гараз ракъи дагьабги гьалаглъизабуна.

ТIубанго рескъотIараб бацIица, бокьараб бахъаян, кIкIалал доб рахъалда бакълъуда бихьулеб колоде нух босана. Гьабзакьа гьаб хIинкъулароан. ГIисинал турщулцин гьалъ, хъвагIур бачунеб гважиги тун, чанги хъамуна. Амма, тухум цояб рухIчIаголъи букIунищали, тарщил гьанада гIиялъажоялъулалда гIадаб тату букIунароан.

БацI цохIо хIинкъулеб жо гIадан-инсан вукIана. Хасго тIагъур кIудияв данде ккани. Чан тункIил сачма гьалъул тIомалда гъоркь бахчун бугеб! ЧанцIул гьалъул квачIазда цебе гудур чвархъараб! ЧанцIул ургъунго бухъараб къоринибе ккезе дагьалъ хутIараб!

Гьалъ гIадамазда тамашалъи гьабулаан. ХIама-гIорцIен тун нахъеябщинаб боцIи гьез хъвехъула, белъун-бежун кванала. Гургур, гIанкIу-хIелеко, ордек-хъаз, жеги рукъалъул гIанкIалцин, гурхIичIого тIагIинаризе, рокъор хьихьула. Гьебги гIечIого, кодоб туманкIгун чанаре рахъуна, кваназе бегьулебщинаб боржунебги бекерулебги жо чIван рокъобе баччула.

Амма бацIица кин бетIербахъилеб? Чехь гIорцIараб къо, къанагIат гурони, киб гьелда бихьулеб? Гьалъиеги, цоги кинабго рухIчIаголъиялъе гIадин, гIумру хирияб буго. Квен гьечIони, гIумру букIинищ? Щибалъ квен жиндиего хассаб махщалида балагьула. ХIет-хер квинегIаги бегьулебани, иш батIайиса букIинаан. Гьан гуреб квен ургьиб рекъолареб бацIица щиб гьабизе кколеб?

Доле кули. Колода, талихIалъ, гIадан-чи вихьуларо. Бадибехунисеб гьуриялъ гьалъул махI гьабзазда жеги чIвалеб гьечIо. БакI-бакIазда раккарал хьуязда нахъа бахчарилаго, гьаб мухIканго колодеги, кули сверухъе балагьулеб буго. Кибниги я гIиялъажо, я гIанкIу-хIелеко бихьуларо. ЧIегIерхIайваналда, ялъуни чу-хьваниялдаги берчIваларо. Рехун тараб

магIишаталдейищ гьаб тIаде ккараб? Батани, щай кIкIуйдул тIаладухъан тIеренаб чIчIва гьороца хъамун унеб бугеб? Гьелъул магIна – колода гIаданчи вукIин буго!

Амма, хIинкъиялдаса ракъи бергьиналъ, бацIица хIукму гьабуна хIалкIвараб цIодорлъиялда колоде кIанцIизе. Цин хъурщун, цин бекерун, бахчарилаго гьеб колоде щвана. Кисанниги чIинхъи-хъуй рагIуларо. Бокьазул нуцIбиги кIал-кIала чIван рагьун руго. Ракул гуреб, хIайваналъул махIги чIвалеб гьечIо.

Гьаниса жиндие жо щунгутIиялда ракIчIараб бацI, къулчIулаго хIацIугун, нахъе лъутизе къачIана. Амма гьебсагIаталъ нуцIихъа къватIие ячIун, гьитIинай ясалъ, разиго гьимулаго гьалъие цо щибали рехун бачIана. Лъицаниги гIумруялъ рехичIеб хинкI, гьайгьай, бацIида щибжояли лъачIо. Лъаниги, гьалъ гьеб ругьун гуреб жо кваназе букIинчIо.

Ясалда гьаб нух къосараб чияр гьвеян ккараб куц буго, гьей тIири хIинкъичIого аскIое ячIине лъугьана. Цин бацI, хурхун тIадгун, хъамун ясгун цебеса тIагIине гьесана. Амма цо кинабалиго жанисеб асаралъ гьалъие гьеб гьукъана.

Чара хвараб руруйги биччан, бацI гьениса лъутана. КIкIалал доб рахъалде гьаб бахараб мехалъ гурони гьабзазул хIапиги бахъинчIо.

Сордо рукIкIана. Ругьунал балъгоял сухъмахъаздасан бацI жиндирго рукIнибе щвана. Свакаялъги бакъун тату хвеялъги гьаб кьижун ккана. Эбелалъ квен бачIинчIолъи захIмалъарал тIанчIаз унтиледухъ хIанчI-хIанчIиялъцин гьалъул макьу тIуризабичIо.

ХъахIлъи базегIан бацIил беразда цебеса гьитIинай ясги гьелъул разияб гьимиги унеб букIинчIо.

**Расул ХIАМЗАТОВ**
**(1923-2003)**



**К А К**

**Дир керенги хъвалхьун, квешлъабаздаса**
**Гьаб ракI хвасар гьабе, гьардарав Аллагь;**
**БацIцIе чIвараб кьаву, кье чорхой сабру,**
**Чармил кьурабазул сиязе гIадаб.**

Дир бетIерги гIанлъун, гIадал нахулъа
ГIоркь гьечIел пикраби рацIцIе, дир Халикъ.
КигIанго гIадалал гьел рукIаниги,
ГIищкъул къасдал цIунун, цIидасан регъе.

РахIму бугев Бичас, гьаб гIумруялъул
ГIайибал, мунагьал чурулеб мехалъ,
Дун мугIрузул васги гьоркьов виччаге,
Дуда гьикъичIого гьабураб рокьухъ.

Дуца дие кьуна хех кIетIолеб ракI,
РекIкIалъул рукIкIбуца бикIараб божи.
ТIасалъугьа дида, гIищкъул хIажида,
ХIежалда какие щурарал кучIдухъ.

Гьаб дир чIаголъидул гъветIалъул хIуби,
ХIапаро жаниб ккун, кваназе тоге.
Кинабго биччанте чвахияз ине,
Чорхолъ бугеб хIасрат хIарам гьабуге?

Гьал цо гIадамаца гIищкъугин шигIру
ЩайтIабазул ишан абизе тоге, –
Бусурбанчиясе щай бегьуларей
Берал, гьумер чалух, черх-лага берцин?

РахIму бугев Аллагь, улбул пашманаб
Цо-цо пиша ккана, тIасалъугьа мун.
Дун наслабаздаса намуслъичIеб халкъ…
ХIинкъула, гьабуге дир цIва дий хIарам.

Аллагь, тIасалъугьа, нухал къосарав,
Къарнудал гьерсазда божарав дида, –
Гьадинги ракьалда талихI дагь бугин,
Гьадинги тушманлъи гьарзаго бугин.

Гьанже киниялда васал дагь руго,
Дунялалда хабал гIемерлъун руго, –
Къали бухулаго, биххулеб бертин,
Байрам къачIалаго, къацандулеб халкъ.

РахIму бугев Аллагь, ишал гIемерав,
Гьаб гIалам, гьаб зоб-ракь кинабгIаги дур.
Дир каранда бугеб гIасрудал саву
БихьичIеб ххвел гьабе – гьеб гьитIинаб жо.

Гьединан, гьукъараб цодагьаб къайи,
Цо-цо килограмм тIокIаб батараб,
ЛъикIав таможнияс тола ракI гурхIун,
РикIкIаде, улка тун, дун унеб мехалъ.

## ДИДА МУН ГІАДИНАБ УЛКА БИХЬИЧІО

**Россия, мун бугеб хІикматаб улка,**
**Дуцаго дуего хІалхьи толареб;**
**Дуего щай гурин, цойгиязеги**
**ЦохІо паракъатаб къо биччалареб.**

**ГІезегІан гІатІидаб ракьги буго дур,**
**Рукьбузе гьарзаяб, рокьуе гІечІеб.**
**Машгьураб, кІудияб халкъги буго дур,**
**Хвел гІемер бихьараб, гІумру дагь лъараб.**

**Гьаб гІалам тирана, дунял сверана,**
**Дида мун гІадинаб улка бихьичІо, –**
**Эркенлъи чиясул пикрудай гьечІеб,**
**Дагьаб талихІалъухъ тамихІ кІудияб.**

**Щив парччахІ кканиги гьесий чІвалеб хьат:**
**ЧІахъаги, чІахъаги, чІахъагийилан.**
**Гьес тах тараб мехалъ, хьвагІулел тІилал:**
**ТІагІаги, тІагІаги, тІагІагийилан.**

**Мунго прокурор арал соназул,**
**Судиявги гьанже гьал ургъелазул.**
**Адвокат лъалареб бачІунеб къодал**
**БичІчІизе захІматаб гьаб дур кІодолъи…**

**Европа тирана, Азия лъана,**
**Дида мун гІадинаб улка бихьичІо:**
**Инсудаса васас къисас босулеб,**
**Къаникь рукъаразул занал рекулеб.**

**Дуцаго дуего гьабулеб пожар,**
**Гьеб свине гьабулеб даим саназ мун.**
**Дуцаго халкъазул гьабураб Союз**
**Цо къоялъ биххизе нух кьурабги мун.**

**Рогьоги гьунарги цого гьакида, –**
**Дур Пушкинал чІвалел чияр Дантесал.**
**Дур чияс би тІечІеб бакІ гьикъарабго,**
**ГьечІилан абула рокъобгун къватІиб.**

**ГІемерал улкаби руго дун щвечІел,**
**Амма мун гІадинаб жеги рагІичІо,**

ГӀемераб биги тӀун, цӀунарал ракьал
ЦӀогьаца цоцазе ричизе кьолеб.

Россия, гӀумруялъ бичӀчӀичӀеб улка,
Мун бечӀчӀулел гьанже гӀемерлъун руго.
Гьеб дур гӀахьалаб ракь бекьиялдаса
Бикьизе бокьарал гьарзалъун руго.

Мун – дир букӀарабги, мун – дир бугебги,
Мун – кинаб букӀинеб кинго лъалареб.
Сониселъухъ къисас жакъа босулеб,
Жакъаселъухъ къисас метер къачӀалеб.

Лъаларо, зобазда улкаби ругищ,
Амма мун гӀадинаб батизе гьечӀо, –
Мурад, цӀар хисулеб, байрахъ хисулеб,
Хасият чиясул даим цогояб…

## ЭМЕН, ТӀАДЕ ВАХЪА

Эмен, тӀаде вахъа, дуда рагӀизе
МагӀарухъ михӀмараз ахӀулел какал,
Мажгитул ганчӀазул гургинал къадалъ –
Къуръанул аятал БетӀергьанасул.

Эмен, тӀаде вахъа, вилълъа ХӀежалде, –
Чанги хӀакъ бугев вас, дун дове щвана.
Огь, дур бичӀчӀи дихъе бачӀараб кватӀун, –
ГьечӀо Аллагь, гурев, цогияв Аллагь.

Эмен, тӀаде вахъа, саринал ахӀе,
Сардида балъгого гъасда шурарал.
Шамилил Мадина – Дагъистаналда
Дол сиязул зодой рорхарал кверал.

Дур хӀинкъарал санал, дир бикъараб ригь,
Бакъ тӀерхьунеб мехалъ рагьараб пардав,
Огь, гьаб дунял, гӀасру, миллион пикру, –
ГьечӀо Аллагь гурев, цогияв Аллагь.

Эмен, тӀаде вахъа, нахъеги ЦӀада
Мун цӀехолеб бугин дур билараб хур.
Эбел йорчӀизае гӀака бечӀчӀизе, –
Заготскоталъул конторалъ тараб.

Даим соназ чIвараб чIухIи, цIар божи,
Роржун, тIавап гьабун, тIохазда ругин.
Огь, вуго даим дов нилъер гьардарав, –
ГьечIо Аллагь гурев, цогияв Аллагь.

## АХИРАБ ХЪАЛИЯН ЦIАЛЕВ ВУГО ДУН

Рортун унел руго гIумрудул цIваби,
ГIурччинлъи чурана саназул цIадаз.
ЦIоросаролъалъул бакъвараб хили, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

ЦIан бахъун лъугIана гьаб дир бахIарлъи,
МахIаби гъурараб, бетIер бекараб,
Пикрабазул ругънал даим унтулеб, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

Унелгин рачIунел руго поездал,
Гьикъула замана гьал вокзалазда.
Гьорокьа, соролел квераца цIунун,
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

ЦIер биараб хIорихъ ордекал гIадин,
Аэродромалда гьал самолетал.
СагIтал данде чIвала, сонал роржуна, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

ЦIияб цогияб гIел, цIиял поэтал,
Гьаркьал долго руго, дида рагIарал.
Бакъан хисун буго нилъер улкадул, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

Рортун унел руго гIумрудул цIваби,
ГIагарай, руссинин цIа сунеб гъасде.
ЦIоросаролъалъул бакъвараб хили, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

**ГIабдулмажид ХАЧАЛОВ**
**(1925-1994)**



## ЭБЕЛАЛЪУЛ НАСИХIАТ

**Шагьаралде унев дир вас, МухIамад,**
**Миша лъугьинчIого, гьарула вусса.**
**Гьаниб дир хахараб рахьдада цадахъ**
**Духъе бачIараб мацI цIуне, гьарула.**

**Дуда гIумру лъала, гIадамал лъала,**
**ГIаркъил гьудулзаби, гьарула, лъаге.**
**ГIадамалъ хьвадизе мун ругьунлъила,**
**Амма ругьунлъуге гьел гуккизе мун.**

**Шагьар – кIудияб рукъ, халкъ гIемераб бакI,**
**Мунго гIемерлъуге, гIорхъуда вукIа.**
**РагIи бадиб абе, хIарам гьабуге,**
**ХIалихьатал чагIи гIагарде цIаге.**

**ГIадатал ратила батIи-батIиял,**
**Нилъералго какун, ккоге чиярал.**
**ГIадамал ратила чанги цIодорал,**
**БоцIуде валагьун гьудул вищуге.**

**Дуе йокьа, дир вас, бокьарай чIужу,**
**Якьад какуларей, росу рихинчIей.**
**ВачIарав чиясе нуцIа къаларей,**
**Жиндир богорокъоб къарумлъи лъачIей.**

**Гьеб мехалъ парахат къанщила эбел,**
**Къанаби тIад чIвазе тIанчIи ругилан.**
**Басриял хабалалъ, хъирул зонода**
**Цеве эхетизе ирсилав танин.**

## ЦЕБЕСЕБ РОСДАЛ СИПАТАЛ

*(кескал)*

**Гьале вац, годекIан, кIичIарал къватIал,**
**ТIохаздаги тIасан раккарал тIохал.**
**ТIагъур кквезе ккола бортунгутIизе,**
**Рорхатал сиязухъ валагьулаго.**

**Гьал тIохазде рахун ахIана гIакIа,**
**ГIасияв Надир-шагь вачIараб мехалъ.**
**Гьал къватIахъ пенхъана хехал бартаби,**
**Тушбабаца чабхъен гьабунщинахъе.**

**Гьаниб вас гьавуни, эбел-инсуца**
**Ахирисеб гIарцухъ чу босулаан.**
**ЧотIахъан чIухIизе гIагарал чагIаз**
**ГIарцуца къачIараб ярагъ кьолаан.**

**Гьаниб ракъул цIадухъ тIухьиги биун,**
**ТIуна умумуца туманкIуй гулби,**
**Гочруялда жаниб чIабатIги бухун,**
**ЧIегIерхер гьабуна гьез рагъул соназ.**

**Басрияб махх бежун къубдуца гьанир**
**КъачIана хвалчаби гIолохъабазе.**
**ГIурул ханида тIад чархидаги ккун,**
**Хунжрул регIерана рагъухъабазе.**

**Ругъун бухьиналде, чи чурилалде,**
**Чол магьдида бараб гIетI бакъвалелде,**
**ГIакIа ахIулаан нахъеги росулъ**
**НахъегIанав тушман вачIунев вугин.**

**Васас магIидаса чухъа бахъегIан,**
**Чед бежун кьолаан херай эбелалъ.**
**Росас ярагъ борчун, рачел къазегIан,**
**Чу кьолон лъугIула гьесул лъадуца.**

* * *

Гьаниб гьудуласда, кида щваниги,
Каву-нуцIа даим рагьун батула.
Гьаниб тушманасда, кин вачIаниги,
Киналго нухазда гъоркьчIел батула.

Гьаниб бер цIодорал чанахъабаца
Хонжрол балалъ речIчIун гулла хъвалхьуна.
Бартабазул огъокь кьурул парсазда
Зодихъ пири гIадин, цIаял пирхула.

## НАХЪЕХУН РАЛАГЬАНИ

Пурцица хур бекьараб,
Оцоца лал тIамураб,
ТIадмагIаруллъи, мунги,
Унтунищ жакъа бугеб?

БогIол чIагIа гьекъарал,
КъанитIа чед бежарал,
Чороклъи гьенибеги
Щварабищ, магIарулал?

ГIодор накабиги чIван
Аллагьасе как барал
Умумузда лъималаз
Лъил мацI бицунеб бугеб?

Иццахъ, хIорахъ чвердарал,
Чуязда рагъде арал.
Эбел-инсул яхI-намус
Росабалъ дагьлъараб кин?

Доз бикъараб кваначIо,
Гьукъараб лъим гькъечIо;
Гьанже бищун цIакъав чи
ЦIогьорищ магIарухъги?

ХIарамалда рекъечIо,
ХIалихьалъи баччичIо;
Бечелъиялъе какищ
Киназго балеб бугеб?

Цо рокъоб кунчIараб цIа
ТIолго росдай бикьарал,
Росаби тун рикIкIада
Дараналъищ нуж ругел?

Нух киридахъ гьабурал,
Гьобол богъун тIамурал,
ГьечIебищ бицен гуреб
Дол лъикIал гIадатазул?

ЗакагIат бахъичIого
ХинкIиде квер бегьичIел,
Гьанже садакъа-вакъфу
Мукъсанлъулебищ бугеб?

Гвай гьабун мина барал,
Махх къебелъухъ бежарал,
Бесдаллъулелищ ругел
Росабалъ годекIаби?

Нилъеда эбел-инсул
Ишал кIочон хадуса,
ХутIулеб щиб, жакъасеб
Гьаб ахIи-хIур гурони?

АхIулгохI, Гъуниб хъала,
Хвалчада пирхулеб цIа…
ЦIакъ гIемераб жо буго
Нахъехун ралагьани.

**Муса МУХIАМАДОВ**
**(1926-1997)**



## ЛЪУКЪАРАБ РАКI

*(къисаялъул кесек)*

## «ЦIогьги хиянатги хабалъ тIатунеб»

***(аваразул кици)***

Садрудинил хIалилмададалъ анкьго класс лъугIун букIана Хъатунил рикIкIадисеб, амма гьелъул сайигъатаз цIакъго гIагараблъун гьабураб гIагарлъиялъул чи ГIусман ГIусмановичасул машина нижер росу рагIалда рещтIараб мехалъ. Машинаялда нахъа цIакъго хIажатаб къайиялъул цIурал хъапалги лъун, хъабхъазде гIунтIун росдал нигIматалги ракIарун, Хъатунги Садрудинги ГIусманил «Победа» машинаялъ шагьаралде рачун ана.

Амма я Садрудинил хъулухъалъ, я рагъда гIахьаллъарав чиясул къоролай йикIиналъ, ялъуни гьанже бищунго кIудияв гIалимчилъун (докторлъун) вахъарав ГIусман ГIусмановичасул гIагарай чIужу йикIиналъ кверги бакъун, бараб минаялъ гуро Хъатунидехун росдал руччабазул жахIда ккезабун букIараб. Гьелъул бахIарлъиялъги, гьурмаде, кверазде рехараб багIарлъи, цIвакиялъги букIана. «Нилъ гьанир мугъзада согIалги рахъун, кверазда пинкьалги рахъун, рокьулел россабазда къвал базе бугеб къасдги ссун руссуна къойил магъилъа. БугIун цIураб царгъил тIивунибе тIамураб гIункIкI гIадин, тIорахьги гьекъон, нисоги кванан, кепалда шагьаралда йиго Хъатун. Я херлъиларо, я свакаларо гьей. Цо жиндасаго васгIанги гьитIинав гIоркьиласеги ина», – ян абулаан гьез цоцазда.

Гьез абухъе ккезеги ккана. ГIусман ГIумановичасул шоферас, гIолохъанай лъадиги кIиго лъимерги рехун тун, ячана Хъатун. Гьесул гьитIинай яц Садрудиниеги ячана, гьесул рекIелхвей къинабизе къасдалда.

Шагьаралде щварал гIадамаз бицунаан Садрудинилги Хъатунилги «хъала гIадаб» минаялъулги, «гIалах гIадаб» ахалъулги; эзул «гIаданлъиялъулги».

Гьедин тIегьан бачIунеб букIараб Хъатунил гIумруялде, ракIалдаго гьечIого гIазу бана. Цин кодоса, лъабабилеб нухалъ тIорахьалъул хъабаги нисул кIудияб гургаги бахъун, рахьдал заводалдаса жийго нахъе гъуна. Нахъе гъун течIого, милициялъ терезаюлей йикIун, лъикIаланго гIарац харж гьабизе кканилан хабар букIана. ГIусман ГIусмановичги ришватал

росунилан институталдаса рикIкIад гьавун, гьесдехун букIараб мугъчIвайги бекана Хъатунил. Гьеб мехалда циндаго лъадул херлъиги тIатун, жиндирго гIадаллъиги бичIчIун, гIолохъанав шоферги чемоданги баччун Хъатунил гъоваса тIагIун ватана. Эбелалъул божи гьанже цохIого цо васасде, Садрудиниде букIана. Лъадухъеги биччачIого, щибаб нухалъ хIалтIудаса хIалхьезегIан гIаракъиги гьекъон, хьвархьвариялда вачIунев гьесул, гIаракъиялдаги къинабизе кIвечIеб, бензиналъул махI бахъараб гIурччинаб, чорокаб ратIлил чунтбухъе Хъатун яккулаан. Щаялиго, бищунго гIемер лъаб-лъаб гъурщал ратулаан, адаб гьечIого гургуризеги гьарун, чунтбузухъе ругIун. Хъатуница гьел, нахъарокъоеги ун, тIад иту кьабун, ритIизе гьарун, тIатIала сокIкIунаан. Цинги, гIарац гIумру къокъаб жо бугилан, гьеб меседил къайиялде буссинабулаан.

Цо нухалъ Хъатун магIарухъа юссиналде кIиго батIияб рахайги бугеб гъамас чIехьа-рехьон батана. Гьеб бахчараб бакI цохIо жиндагоги¸ жинда тIаде валагьарав Аллагьасдаги гурони лъаларилан кколаан гьелда. Дагьаб жо хутIана гьей гIадаллъизе. «ТIокIаб лъилниги хIалтIи гуро, гьаб гъванщул-нусалъул хIалтIи буго». «Садрудинца босун – бабаца бахчун», – илан гаргадун ятана цееги гьей. ЦIахIилал катил берал. Дида хадур хъаравуллъи ккундай гьел рукIарал? Мугъзадаги берал ругел гIадин цIодорго йикIарай дун, кидал гьез тох гьаюрай?» – иланги щурулаго, биги гъорлъа бищун ун, хъахIлъун гьумергун, соролаго тIеренал тIасиялда чанго михъил рас хучун чIарал кIутIбигун, йортана гьей Садрудинил рокъое. Къан рукьги ккун, доегIан щуго сон барай, риун эбелалъул тIурал беразул, инсулаб мегIералъул ва гьесулго гIадал керчал кьунсрузул ясгун, гьалал ххалей йикIарай нус – Субайбат, гьалазде хьухьунаго нуха хутIарал расалги цIан, доехун рокъое ячана. «ГьабсагIат бице кибехун гIарац-месед бахчарабали», – ян тенкезаюна гьалъ гьей къадалъ. «Эбел!.. Хъатун!.. Дуца бицунеб жо щиб? Кинаб гIарац-месед?» – илан гIодана Субайбат. «Кинабали къад квараб хинкIгIанги бигьаго лъалеб дуда!» – ян ахIана, хартIан богорукъалъул столалда тIад букIараб нусги кодобе босулаго, Хъатуница. Рагьун букIараб богорукъалъул гордухъан къватIиеги кIанцIун, Субайбат тIурана, гордухъан кIанцIизе чехьалъ чорхол жанги гIечIого, нуцIихъан Хъатунги гьелда хадуй йортана.

Гьеб букIана рукIкIел рехараб гIуж. Хасалихълъиялъул квач чIвараб мех. ХIарщул цIураб къотIносан руссун бачIунеб машинаялда гъоркьеги ккун хвана Субайбат. Гьеб мехалъ, батаралъубе нусги рехун, машинаялда хадуй йортана Хъатун. Гьалда гьелъул номерал ратIа рахъизе кIвана…

Цинги «гьуя-гьарайги» бачун, хIалае мадугьаллъиги ахIун, рокъое йосана гьелъ Субайбат. «Пулан! Рос вачIиналде чурпаги гьабун, чадида хадуй екерулей йикIарай гIаданалъе гIасияв шоферас гьабураб жо бихьулищ? Дир васасул рукъалде бачIараб балагь!» – илан магIаби гьаруна гьелъ. Субайбитги юкъун, рокъое щведал, васасда цебе лъуна лъади чIвараб машинаялъул номер: «Бокьани, жанив тIамизаве гьев хъурумсахъ, бокьани, бахъун машинаялъул багьаяб гIарацгун, живго те. Мехтун вукIун ватила… Гьев туснахъалда тIамиялъги нилъеда тIаде бачIине жо гьечIо. Ургъе мунго», – ян гьесие ургъизе гьеб пикруги рехун, гьай Субайбатил рокъоеги ун хъищардана. Щибго батичIо… Шофер абуни, «гьазул талихIалъ» (гьедин рикIкIунаан Хъатуница) гIезегIан ресалда вугев, «викъарухъанасул» вас ватана. Гьес кьураб щуазарго гъурущ босун, Садрудин вачIиндал, Хъатуница

гьабураб къо-мех: «ЦIакъ учузай йикIун йиго дуе Субайбат. Дидани дагьай хирияй ятилин ккун букIана. Щуазарго кьолез, анцIазаргоги кьелаан букIараб. ЦохIо чIужу чIванищ гьез мун тарав, хIинкъиялъ лъимадаги мацI кIочон танин! Гьаб сах гьабулаго дагьаб харжищ гьанже дур хвелеб?.. Бихьея, дихъе кьея гьеб къвачIа», – ян щуазарго гъурущ жаниб лъураб, чIегIераб къвакIараб кагътил къвачIаги босун ана гьей ва анлъазарго гъурущ босун ячIана. Босизеяли гьелъ анцIазарабго босараб, васасда гъодин абуниги…

КватIичIого, хIалтIудасанго милициялъ вачун ун ватана Садрудин. Гьев жанив тIамуравлъи Хъатунида, хъудилаго, бачIун милициялъул машина азбаралда чIараб ва иргадал гьениса къватIире лъугьун рачIарал гIадамаз чIухь базе байбихьараб мехалъ лъана. «Бох бекараб цIеялде рицIцIигъветIги бегулебилан кици рагIун букIана, амма гьадигIан гIассиго дир гIиси-бикъинаб такъсиралъухъ Аллагьас къисас босилин къасдго ккечIо», – ян каранлъ хурхун ячIарай, я жиндаса гьелда, я гьелдасан жинда хинлъи чIвалареб Субайбатил, доб къоялъ, машинаялъги чIчIинтIун, чIарбида лъун йигей эбел йихьидал бачIараб хIинкъиялъ мацIалда бараб гарацI бичичIей лъимергун, гIодой кIусарай ягъарулей йикIинчIо Хъатун. Рокъоб бугеб къайи-къоноялъул хъвай-хъвагIай гьабуна милициялъ. Кибго чIухьги бана. Цинги гьал рукъзабахъ бугеб къайиялдаги, азбаралда бугеб машинаялдаги хъваге, гьеб кибениги ине бегьуларин лъазеги гьабуна. Гьеб лъазаби тасдикъ гьабизе гьалда гъулбасги гьабизабун, нахъе ана гьел.

Хадуб букIана суд. ЦохIо Садрудин гуро гьенив вукIарав, гьес тIокI гьабун ва гьересиял талоназухъ бичун бензингун босараб гIарцул бутIа щварал тIадчагIиги рукIана. Садрудинил мукIурлъиги хIисабалде босун, гьесие щуго сон кьуна. Ригьги, ригьниб бугеб къайи-къоноги пачалихъалъе бахъизе хIукмуги гьабуна. Рос рагъда гIахьаллъарай гIадан йикIин хIисабалдеги босун, ахги, ахикь бараб кIиго гьитIинабго рукъги Хъатуние тана.

Судалдаса хадуб милицабаз туснахъалде вачун унев Садрудинида аскIое кIанцIана Хъатун.

«Алжан улбузул хIатIазда гъоркь бугилан» кици тIамулаан, эбел, дуца. Огь, дун мекъи ккарав куц! – илан абуна гьес. – Гьарула ясалъулги, ахалъулги тIалаб гьабе. Хасго цIулакьодул гъветI цIуне. – Дирго квералъ чIараб долъго баракат лъезабуна нилъер рукъалда, бикъун щвараб боцIиялдасаги… Иншааллагь хадубги гьабила».

ЧIечIого рачIунел рукIарал Хъатунил рекIелъе, цин рикIкIада бугеб кIкIарадул зузуй гIадин, цин гIагарда бугеб бацIил руруй гIадин дагь-дагьккун кIодолъун унел щакдараби: щибго гьечIого Садрудиница цIулакьодул гъветI цIунеян гьари балароан. Гьениб цо хIикмат бугоан. Цо сордоялъ яхъун гьалъ моцIрол канлъухъе гьелда сверухъ бакI бухьана. Рахчирукъал гьарун ругьунай Хъатунида гьениб бахчун батилин васас хазинаян ккана. Доб къоялъ жиндир гъансиниса босараб месед-гIарац киб бугебан гьикъидал, Субайбатие гьелъ асар гьабичIеб куц цебе тIамуна. Гьанже гьалъ щибаб долъул ишара, щибаб балагьи хIисабалде босулеб букIана. «Цосинаб Садрудиница добги босун, дица гIадада чIванадай дой?» – илан цIоро-гъорораб гIетIги бан, бусен кIвекIулей йикIунаан Хъатун макьуги тIурун. Жиндаго бугеб хIакъалдаса, жинда ккараб мунагьалдасаги хазинадухъ бугеб гIащикълъи бергьунаан. Гьей, сардилъ яхъун, къад ун, цIулакьодул гъотIода нахъа юхъарулаан. Цойги гъутIбузда сверухъеги гьарулаан лъалъазе лъин чIезе гвендал, мадугьаллъи, хасго жидерго букIараб минаялъуб рагьараб початлъул хIалтIухъаби щакдарунгутIизе.

Цо нухалъ канализациялъе жидер букӀараб бахча къотӀун цӀияб больницаялде турбаби лъезе рахъ бахъизе бачӀараб бульдозералда цее чӀана Хъатун, къвалакь Садрудинил ясги ккун. «Нижги чӀван, нижеда тӀасан бахъе рахъ», – иланги абун. Щай абуни, битӀун цӀулакьодул гъотӀода гъоркьан гӀебеде кколеб букӀана гьеб. Бульдозеристас ахӀун инженерги, прорабги рачӀана ва гьай, рагъда чӀварав солдатасул «гӀадаллъарай» лъади сабаблъун жалго такъсиралде ккезе гурилан, цойги такъсирги гьабун, чанго азарго гъурущалъ хира чӀолеб куцалъ, планалдаго букӀинчӀеб цойги бакӀалдасан кӀичӀизеги гьабун, гьазул гъотӀодаса лъабго метраялъ добегӀанисан бахъана рахъ. Гьеб бахъулелъулги аскӀоса кьуричӀо Хъатун. ХъитӀун чӀарал маххул цабиги гъорлъе къазарун бульдозералъул кӀудияб гелалъ бахъун машинаялде балеб ракьалда тӀад рукӀана гьелъул хъантӀарал берал, гьеб ракьуда цадахъ цосинаб жиндир хазина жаниб бугеб гъамас лъаларо, маххул банка лъаларо бахъун бачӀинаян хъаравуллъи ккун. Гьениса ахирияб нухалъ ракьул цӀун унеб машинаялъул шоферасда пуланай бесдалалъул ясикӀо бортун бугин ракьулъеянги абун, жийго «гьеб балагьизе» цадахъ ячинаюна Хъатуница. Шофер ун хадубги ракьул гохӀилъ йикӀарулей йикӀана гӀемераб мехалъ гьей.

КӀиго сонги бащадабги жаниб барабго, хассаб хъаравуллъиялда гъоркь хӀалтӀизе МахӀачхъалаялде виччан вачӀана Садрудин. Шагьаралъул рагӀалда мина балеб бакӀалда вукӀана гьев хӀалтӀулевги. Гьесухъе чанцӀулго щвана ясги ячун Хъатун. Гьес ахил, хасго цӀулакьодул гъотӀол хӀакъикъат цӀехедал, нахъойги щакдарана эбел. «Исана гьарзаго тӀегьан буго. БачӀинги бечедаб букӀина», – ян воха-хинлъун лъугьана Садрудин.

Цо моцӀидасан лъикӀ хӀалтӀаралъухъ къо рокъоб базе виччан вачӀана гьев. Ахидаса, хасго жеги кӀодолъун, рахъ-рахъалде тӀиритӀун арал гӀаркьалабиги гӀурччинал тӀамхаз руччизарун бугеб цӀулакьодул гъотӀохъ гӀащикъго валагьана гьев…

Сардилъ абуни, гӀасияб чӀчӀичӀчӀиги рагӀун, рагьдухъе кӀанцӀарай Хъатунида почалъул рагьдухъ чӀвараб хӀобода бараб чирахъул канлъухъе ракӀ гъанцӀулеб сурат бихьана. ЦӀулакьодул гъотӀода гъоркьги ккун, унтул кутакалъ ракьги хӀанчӀун балаго, Аллагьасде ахӀи балев вугоан Садрудин. Гьесул согӀаххарал килщазда гьоркьосан дал-далун ругоан меседил рахсал, жавгьарул маржанал. ЦӀулакьодул гъотӀол гӀаркьалидаги кенчӀолел ругоан гьел.

Гьезде хапизе гьесарай Хъатунида, гьел маржаназда гьоркьосан гӀодобе шурун бачӀунеб борохьги бихьана. «Вуя!» – илан ахӀизе гьакӀкӀараб кӀал, Садрудинил ахӀиялъухъе вортун вачӀунев почалъул хъаравуласул каранлъ жийго тункизегӀан данде бачине кӀвечӀо гьелда. «До-доба!» – ян абуна гьелъ, тӀирщун ракьалда ккарав, борхьил загьруялъул бухӀиялъул хӀаталдаса араб унтул гӀазабалъулъ холев васги, гьесдаги хӀанчӀун шурун унеб борохьги бугеб рахъги бихьизабун. Гьес «гьай нажас!» – иланги ахӀулаго, тункӀил хъундагъалъ борхьил бетӀер чӀинтӀулеб куц бихьидал, рухӀго гьечӀел хӀатӀал тӀамуна Хъатуница васасда сверухъ риххун ругел меседил тӀагӀелазда аскӀобегӀан. ХӀинкъадго, гьез жинда загьруяб хеч хӀунсилеб гӀадин, кодореги росун, чангояб лъоробе рехизе кӀвана гьелда. Амма тӀокӀалъе къуват гӀелелде, ай гьей рекӀеда ятилелде милициялъулги «Хехаб кумекалъулги» машинаби тӀаде щвана…

Садрудиница гъотӀол кӀиго гӀаркьалида гьоркьоб гьитӀинабго каратӀги бахъун, гьениб бахчун букӀун буго эбелалъул гъансиниса бикъараб бечелъи.

Гьеб каратI, тIад гьенисаго къотIараб гьотIол макъарги седон, лъиданиги лъаларедухъ бахчун букIун буго. ЦIулакьодул гъветI рихараб загьруяб борохь, меседил махIалъ бачун буго гьенибе. ГIадамаз абулаан: къисматалъ бачун бугила гьебан. Садрудиниеги гьесул эбелалъеги Аллагьас гьабураб тамихI бугила гьебан…

Гьелъул рахъалъ Ахкуца, гьанже Садрудинил ясалъги рехун тун (гъолда лъимадул ригьалда бихьараб кIочон батиларо), чиякъго-чиякъ йикIаниги, гьадабго дармида йигей Хъатун, хIалица хIухьелги цIалаго, хIерххиялда гьаюгьинан азбарги къотIун къватIие индал, дие гьадинаб хабар бицана: Цо вас асирлъуде ккун вуго тушбабазухъе. КигIан гIазаб кьуниги гьес жиндир гьалмагълъи къватIиб чIвазабун гьечIо. Жиндие кьураб тIадкъаялъулги, тIирун чIун, баян бицун гьечIо. Хвелалда цебесеб гьари щиб бугеб дуран гьикъидал, гьес абун буго: эбел жиндихъе ахIеян. Гьелъулгун къо-лъикI гьабизе бокьун бугилан. АхIун ячIун йиго эбел. Васас гьелъул квераздa къочун, къо– лъикI гьабун буго.

**Машидат ГЪАЙИРБЕКОВА**
**(1927-2015)**



## ДУР ГIУМРУЯЛЪУЛ РАХСИЛ ЗВАРГЪЕЙ РЕКIЕЛЪ ХУТIАНА…

*(«Дагъистаналъул вас» абураб тIехьалдаса)*

**…Эпохабазул бухьен**
**Дандбазе гIекIал рараб**
**Дур гIумруялъул рахсил**
**Сас зваргъараб букIиналъ.**

**Цо гIекIалда хъваниги,**
**Цолъун бакъан бачунел**
**Ишазул симфония**
**РагIулеб буго дида.**

**Лъугьа-бахъинал ризаб**
**Нилъер эпохаялъул**
**Ишазулъ гIемер соназ**
**Квелъ кодосев вукIиндал,**

Камияз, къварилъабаз
Нух бокъулеб Бергьенлъуй
Квер бакъулелълъ, цеве мун
Вихьулев вуго дида.

…Европа маххул гьабикь
ХIарилин гьедаразул
Гьаглъи квегъулезда гъорлъ
БукIараб дур Дагъистан.

Бокьун рагъде унезул
Гъира бергьинабулеб
Бичас пагьимлъи кьураб
ПасихIлъи букIана дур.

ПасихIатаб рагIуда
РитIухълъидул цIа пирхун,
ЦIакъ рекIелъе бортулеб
Каламги букIараб дур.

Военный Советалъул
Членасул нухмалъи
Дол соназул гIуцIабалъ
ТIатунеб буго дие…

* * *

Кинабго камиллъулеб
Кверщел гIакълуялъ кьолеб,
ГIаданлъи тIадегIанаб
Лебаллъи букIараб дур.

Лебалаб Дагъистаналъ
Дур амру нахъчIвалареб,
Бихьинчилъи рекъараб
Нухмалъи букIараб дур.

Малъкъосараб къварилъи
Халкъалъе кьураб рагъул
БакIаб, кIудияб гьиралъ
Гьод къулизабичIеб дур.

* * *

… ХIалуцин гьалаглъарал
Рагъул соназул бакIлъи,
Бищунго цIайи цIикIкIун,
Дуда тIаде бегидал,

Буголъи дагьлъаразул
МагIишат хьезабизе,
Бергьенлъуде рачIине
Гьарудулеб мехалда,

Макьица гIорцIичIого
Соборал беразукьан
БорчIараб лъикIаб, квешаб
ТечIо Дагъистаналда.

…Пикрияб дунялалъул
Даражаби рорхулеб
Умумузул рухIалъул
Тарбия хIакълъарав мун.

ГIелмиябгин жамгIияб
Жавабчилъи тIаде ккун,
Ургъалаби ризлъидал,
РакI кьватIун унтарав мун.

Унти-ургъел гIемераб
МагIарулазул гIумру
ГIадилаб нухмалъиялъ
ТIубазе тIадчIарав мун…

…Хъурмица тIом кинигин,
Дагъистан тIутIулезул
Мурад тIубазе течIев
Таваккалав чиги мун.

Чилъи чурхъун, чамгIаллъун
Харбилъе халкъ рехулез
ЛъикIлъиялде нух къарал
Къедал рихxаравги мун.

Къадараб билълъинабун
Балъго къорал гъолезул
Гьира чIвазе кIкIвеличIеб
ЧIваркьигун хIалтIарав мун…

МагIарулазул рекIелъ
БакI ккун чIарал ургъелал
Гьираялда дудего
Рачунев вукIарав мун…

* * *

…МагІарухъ халкъ гъуризе
Гъирагун рачІаралгун
Къоло щуябго соналъ
Свак лъачІого вагъарав.

Рагъулъ щвараб ругънадалъ
Чухъил кесек къазабун,
Къей гьечІеб къотІаридулъ
Нахъойги гъорлъ жуварав.

РагІиятлъи хІехьолел
МагІарулал гурилан,
Гирун бачІунеб гьорчо
ГІарадалъун речІчІарав.

ГІарадабаз росаби
РухІулеб жужахІалъуй:
«Же, гІолохъаби», – йилан
Бахъун хвалченгун арав.

Азаргояс сверун ккун,
Къурул рагІалде ккедал,
Носол бал гІадал парсахъ
КъабгІезе бажарарав.

Жив-жив магІаруласул
Бащдаб рухІлъун лъугьарав
Генуса Шамил, дурги
Чорхол рухІлъун вукІиналъ.

НекІсияб тарихалъул
Тахида ханлъун тараб
Шамилил бахІарчилъи
Рагъде битІана дуца!

**ХІажи ГЪАЗИМИРЗАЕВ**
**(1927-1994)**



## ГУРЖАНИСА ЯС

Дуда цІаргІаги щиб, Гуржи Меседу,
Гуржани вачІани, гьоболлъухъ щвезе.
Гьаюрай эбел щий, ЦІоралъул бика,
Нагагь разилъани, кьеян гьаризе.

Дур берцинаб куцалъ, камилаб черхалъ
Чагъир гьекъечІего, дун мехтун вугин.
Агъалда тенколел халатал гъалаз
Хунзахъе унгеян ахІулев вугин.

– Вай, гьедин абуге, вачIарав гьобол,
Гъудул чидарлъизе дир чара гьечIин.
ТIекъаб гIарз бахъуге, мугIрузул ГIали,
Вокьулев кьаллъани, кьоларин талихI.

Дуйго чагъир кьела, чодуй хер кьела,
Рокьул бицинчIого, кьабгIун баче квер.
Нижер Гуржагьани ясал берцинал
Беразе гIадлу кьун гIодой виччан чIа.

– МугIрузул согIаб гIор сангаралъ кколин,
Сунца балай кквелеб беролеб жаниб.
Бераздани чIаян ракIалъ абилин,
РекIараб цIа сунеб сабабгIаги щиб.

– Дур рекIараб цIаялъ цIор бухIаниги,
Гъудул рехун тезе таваккал гьечIо.
КьогIаб туснахъалда тун кIвекIаниги,
КIвеларо хисизе бицараб рагIи.

Бухьараб тай гIадин, дунги рагьтIа тун,
Ахикье тIерхьана Гуржи Меседу.
Гоге маржойилан дидеги ахIун,
Дида чIорги речIчIун, ана хIинчI боржун.

Дол арал векаца киса гьедин мун
Дида чIорги речIчIун йорчIилароан.
Заман адин буго, ирга дур буго
Дун дур асир вуго, босе дурго кеп.

## БЕСДАЛ ЭБЕЛ

Бесдал эбелалъе дунго вокьизе,
БоцIиги къачIана, рукъги лъухьана.
Дадал бахIаралда берцин вихьизе,
Рохъоги бахъана, цIаги бакана.

Амма талихI гьечIеб гIумруялъ дие,
ГIазаб тун батIияб тIагIам биччачIо.
ГIадалав инсуца къавулъе цIараб,
Балагьалъ квегъана балугълъизегIан.

Гьороца рагъиде хIур бачIаниги,
ХIадур батулаан тушманалъул цIал.
ХIелун рагIи бицун, дун кIалъаниги,
КIалдиб батулаан туйзе жо диде.

Инсуй гIоларого йикIинчIо эбел,
Рокьумахх йихьидал, хьул лъун батила.
ГIанаби кIутIарай, кIутIби релъарай,
ГIадан данде чIвайдал, чIалгIун ятила.

Эбел ячарасги, бече кIваричIин,
КIалтIего виччачIо, инсульго чIаян.
Инсул бахIаральги хIажат гьечIилан,
Эмен тохлъаравго лъолаан нухтIа.

Берзул канлъи хварай херай кIодоца
Хвахида балаан сардаца рукъи.
ГурхIарас бачIараб бухIараб риди,
Бащдаб батулаан дий тун пакъиралъ.

Черх бацараб партал, хIатIида хьитал,
Эмен вукIаниги, рихьичIо дида.
Кино-театралъ толаан рагьда,
Белтихъ кьезе шагьи щолароан дий.

Нахъа малъи гьечIеб лъимадул гIумру,
Гьороца накIкIал гIадин, букIана инеб.
Эбел-эмен чIаго бесдал хутIарав,
Гъаримасул гIумру хвана гIадада.

МугIрул чIужугIадан, дие гьаб къисмат,
Гьукъизе кIолаан дур къадруялда.
МагIарул намусги ясалъул ничги,
Дуца нухда лъуна херав дир инсухъ.

## ДИР МИНА

ТIанчIиги роржун ун, жибго хутIараб
ЧIахIил бусен гIадин буго дир мина.
ГIансил кIутIи гуро, кIодол сас гьечIо,
КIудияв гIурав дун рикIкIада вуго.

Чердакалъуб макказ, рагъида къудкуз
Ханлъи гьабун буго гьанже карталда:
ХIажи вачIунарин, гьев чIухIун вугин,
Гьев Каспи рагIалда кепалда вугин.

Гьесий мугIрул гьава рекъолеб гьечIин,
Рукъ-бакIги нилъей тун, гьев лъутун анин,
Нилъеца нилъерго цIияб хIурият,
ХIажи гьечIониги, гьаниб цIунилин.

ЦIороца гъурараб гъаримаб ахги
ХIанчIазул ракIгъезе гьадин букIинин.
Гъоркьан цIанаца кун, тIегь нилъеца кун,
ТIад нилъго рещтIине ракъвазарилин.

Вай, эркенал хIанчIи, гьедин ккелебдай,
Гьелъул варисзаби гIемерал ругин.
РагIизе биччаге рекъечIеб хабар,
Нуж хъамизе васал рачIине гурин.

Дунго херлъаниги, хадур гIолеца
Толебищ дир чIахъен чIвадлъун сверизе.
Дир пихъил гъутIбузда тIамах кIанцIила,
ЧIахIиде сверараб пастIан тIегьала.

Лъала, дир гъастIа цIа кунчIизе буго,
Свинаро дир гордухъ бакараб чирахъ.
Вижараб ракьалде рокьи гьечIони,
Дир кочIол багьаги порол хъал буго.

### ВАСАСДЕ

Сапаралъ тIадвуссун, росулъе щведал,
Росдал рагIалда чIун гIенекке, дир вас.
Рорхулел лълъаразул зваргъийищ бугеб,
ЛъикIав чиги камун кверкьейищ бугеб?

ВачIунге росулъе ургъел гьечIого,
Унге мун хьолбохъан пашманлъиялда.
Жакъа дос борхараб хвалил лълъаралъе,
ЛъугIел букIунарин – гIодове къуле.

Мун дагьаб жоги лъун, жиржидилаго,
Росдал харабазда аскIов лъалхъуге.
ТIингъилъеги къулун, хъахIал мугжуца
Гьав ахIмакъ кисаян абизе чIоге.

Мун гьудуллъун вукIа, ракI биччан вукIа,
Гьебин чилъиялъе чара гьечIеб жо.
Дурго гIелалда гъорлъ гIаданлъи цIуне,
ЦIикIкIаразул адаб, воре, рехуге.

ЧIаго хвезе чIоге, къадру-ас цIуне,
Дудаго рихараб чидай гьабуге.
Дурго росу бокьа, гIадатал рокьа,
ГIураб ВатIаналъе ритIухъав вукIа.

## ПатIимат МУРТАЗАГIАЛИЕВА
## (1928-2013)



### ГЪАРАЧАГIИ

КватIараб сардилъ телефоналъул гъаркьица йорчIизаюни, дун хIинкъула.

– ПатIимат, гIайиб гьабуге, дица мун йорчIизаюн ятила… Щиб кканиги тIоцее мун ракIалде щола дида, – ян рагIана дирго гьалмагъ Кавсаратил гьаракь. – Дир ТIалхIат… – ан гIодулей йикIана гьей, тIадеги унтун вуго… захIматго вуго. Цо мун йихьизе бокьилаанин абуна чанцIулго гьес. Метер радалго нижехъе ячIани бокьилаан…

Кавсаратги дунги цо заманалда цадахъ хIалтIулел рукIана. ЦIакъ рагIи данде кколаан нижер. ГIемер щолаан цоцахъеги. Нижер россабазулги букIана гьудуллъи. Амма кIодолъаралдаса нахъе, хасго пенсиялде аралдаса, цоцахъе къанагIат гурони щолароан, телефоналдасан букIана гьанже бухьен. Дун рос гьечIого хутIаралдаса нахъего, ТIалхIат зама-заманалдасан кIалъалаан, кумек хIажат бугищанги цIехолаан.

Рогьалилъго тIадеги яхъун, къватIие щварай дун, маршрутка бачIинегIан чIезе ккана гIураб заманаялъ. Гьезул рукъалде аскIое щвараб мехалъ, малъги къосун, эхетун хутIана. РакIчIун букIана мекъи ккун ятилин. Кавсаратил рукъ къосине ккани кигIан гIадаллъунха дун йигейилан, дидаго ццин бахъана. Дун йикIана тIубанго батIияб азбаралда, амма рукъзал рукIана долго.

ГъутIбузда гъоркь рукIана гIемерал халабакIал. Гьенир гIодорги чIун, хIалхьи гьабулаан гьел киналго рукъзабахъ гIумру гьабулез. Гьениб букIана, кидаго бацIцIадго чIезабураб лъимал расандулеб бакI. Цо буччараб гIолохъанаб гъотIода гъоркь букIана кIудияб стол. Бакъанида гьенир рукIунаан бихьинал: цоял шахматал хIалел, цоял кагътал рехулел.

Гьедин букIана доб советияб заманалда.

Гьанжейин абуни азбар цIакъго гьитIинлъун бугоан, гIемерал рукъзабазда цере бакIал ран рукIиндал. ХутIарабщинаб бакI занкIун цIун букIана гIисиналги чIахIиялги гаражаз. Лъималазул площадка, гъутIби, тIугьдул, халабакIал рукIараб бакIалдаги ругоан гаражал. Я гъутIби, я тIугьдул гьенир рукIинчIо.

ХIакъикъаталдаги, малъкъосун йикIана дун. Дида лъалаан Кавсаратил рокъобе нух, амма адрес лъалароан. Телефон ракIалдаса унароан. КигIан нечаниги, телефоналдасан кIалъан адрес цIехезейилан, цебе ккараб нуцIида кIутIана дица. НуцIа рагьарай гIаданалда дун лъана.

– Мун йихьичIого бугебщинаб заман! Гьанже мун Кавсаратихъе гIемер щоларей къагIида бугоха, – ян абуна гьелъ.

– Валлагь битIараб буго. ГIемерал сонал ун рукIана гьание щвечIелдаса нахъе, мекъи ккун йигилан телефоналъ кIалъазехъин йикIана. Я гъарин, гьаб нужер азбар хисун лъураб лъица?

– Перестройкаялъха!

НекIо, советияб заманалда гьаб азбаралъул бетIергьабилъун рукIана ниж киналго – гьаб анлъабго ункътIалаял рукъзабахъ гIумру гьабулел гIадатиял гIадамал! Киналго данде къан анлънусидаса цIикIкIараб хъизан! Жиб-жиб рокъов лъабгоялдаса дагьав чи гьечIо. Гьебгощинаб халкъалдаса бергьана къогогIанасел бечедал! Дол цIиялха! Гьез гьаруна пристройкаби, гьез рана гаражал. ХIалтIизе бакI гьечIелъул, чедги гьечIого хутIарал пакъираз ричизе ккарал рукъзалги киналго росана гьелго цIияз! Кире аниги, лъицаниги кумек гьабичIо, цIуничIо нижер азбар гьел бацIаздаса, гьанже гIарац бергьун бугелъулха!

…ТIалхIатихъе дун кватIана. Гьезул рукъалъул нуцIа рагьахъе батана, гIодулел руччабиги рагIана… Кавсаратил къварилъиялъул бицун хIалкIвеларо. Цо чанго къоялъ гьелда аскIой йикIана дун.

– Дида бичIчIула ТIалхIат ватIалъи дуе цIакъ захIмат букIин. Амма мун гьедигIанго сабру тIагIун лъугьине бегьиларо, Кавсарат, гIолохъанчиги гурелъулха дов вукIарав…

– Лъабкъоялда микьго сон барав бихьинчи цIакъго херавлъун рикIкIунаро дица! Соназ, херлъиялъ гуро дов хвезавурав! – ан гъаримго гIодана нахъеги Кавсарат. – Гьадав пакъир чIвана тохтурзабазги, цодагьабниги намусги яхIги гьечIел хIакимзабазги, гьеб буго дие бищун захIмалъараб жо…

– Дуца бицунеб щиб? Гьедин букIине рес гьечIо!..

– Дуда кIочон батиларо тIоцебе операция ТIалхIатие гьабураб мех. Васасул дачаялда гъутIби кIурулаго, гъотIодаса гъоркье вортарав гьев, речIчIун вуго, гьитIинаб гъветIги бекун лъугьараб бегIераб хIехьалда тIад. Чехьги бихъун, бакьалги къватIире ран, ккана больницаялде. Гьениб гьабуна операция. Хирургги хIалбихьи вугев вугила, кинабго битIун кканилан бицана нижеда.

Амма операция гьабуралдаса нахъе сахлъи рукIалиде ккечIо, заман анагIан унтаби цIикIкIана. Добго больницаялдеги ун хал гьабуна операция гьабураб бакIалъул. Рентгеналъ бихьизабун буго, рихъарал бакьал рукъулаго, цо бакь мекъи букIун букIин.

Гьабизе кколеб жо щибилан цIехараб мехалда, довго хирургас бигьаго абун тана, цIидасан битIун букъизе кколилан.

– Доб мехалда цо бакь мекъи букъарав дуца, кIиабилеб нухалдаги чамаб хвезабилебали дида лъаларо! Хьитал рукъулев чилъун вукIине кколаан мун, – ян абуна ццидахарав ТIалхIатица хирургасда.

ЦIех-рех гьабураб мехалда, нижеда бицана пуланаб больницаялда вугила цо цIакъ хIалбихьи бугев тохтур. Гьесул бажари бугила унти баян гьабизеги гьеб сах гьабизеги. Ана гьев тохтурасухъе. Гъарачийилан телин гьесда цIар. Больницаялда жанив лъуралъухъ босана лъабазарго гъурущ. Бусенги квенги нижерго, гьединго дарабигиха!

– Дур ццидал къвачIаялда жанир руго ганчIал, гьединлъидал буго унти бачIунеб, лъавудаса унев. Гьел ганчIал нахъе гьаричIони, ццидал къвачIа кьвагьизе бегьула. Гьеб мехалда гIобол унтиги ккун, иш хола. ХIасил – операция гьабизе ккей! – ян абуна Гъарачияс, – киналго анализал гьарун рахъараб мехалъ.

Цебеккунго анлъазарго гъурущги босун, гьабуна операция. Кин-щиб ккарабилан цIехараб мехалъ, Гъарачияс абуна:

– Ургъел гьабуге, кинабго битIа-бищун ккана. Хехаб заманалда жанир ругъналсахлъизе ккола. Амма гIемераб…кIудияб хIалтIи ккана тIадеги. Цебе операция гьабулеб мехалда риччарал гъалатIазул хIасилал лъикIал ратичIо, жаниве ваккараб мехалда. Бакьал биялдаса рацIцIад гьарун рукIинчIелъул, гьел цоцазда рекIун ратана, цояб мекъи букъун бугоан. Гьеб гуребги, гьуъруздаги гьабизе ккана операция. Гьебгиха захIматаб.

– ЧIая, чIая! Гъарачи, операция гьабилалде цере гьарула, дуцаго абухъе, рагIа-ракьанде щварал анализаз кинха бихьизабичIеб гьеб кинабго? ЦохIо ццидал къвачIаялда ганчIал ругин гурони? – ян цIехана тамашалъарай дица.

– Ццидал къвачIаялда жанир ганчIал гIемер гьечIоан. Ругел нахъе ине гьаруна. Цогидал унтабиги рихьизаруна анализаз… Унтарав хIинкъизе гурилан дица бицунеб букIинчIо. Дица кинабго битIа-бищун ккезабуна.

Гьедин, лагаялъул лъабгониги бутIаялда захIматаб операция гьабурав чи, рокъове витIана чанго къоялдасан, гьуърузда лъураб трубкагун. Больницаялде жаниве восаралъухъги, операциялъухъги, жеги анестезологасеги, сестрабазеги гьабураб харж анцIгоялдасаги цIикIкIана.

Нижеего хIажаталъе харж мукъсан гьабун, чIегIераб къоялде данде гьабураб гIарац хIурухъ анилан абизе бегьула гьанже. Рокъове вачаралдаса нахъе унти цIикIкIун гуроги дагьлъичIо.

– Гьел судалде кьеян малъана гIемераз, кьезеги кьелаан. Амма гьел судаздаги ритIухълъи гьечIилан бицунеб буго гьенире ккараз. ГIарцуца къотIулила хIукму. Дир гьечIо гьезие кьезе жоги. Кин баччилеб гьеб тIекълъиги?

– ХIакимзабаз кърарид гьавунин ТIалхIатилан абуна дуца…

– Дагьа-макъав гуревха. БитIахъе рекIел унти ккезабуна. Дуда бихьана гури нижер азбар? Мун къосун йигилан ккечIищ ракIалде?

– Къосинги къосинищха гьеб? Малъкъосун йикIана дунго ккараб бакI лъаларого…

– Сверухъ ругелщинал рукъзабахъа гIадамаз хIалхьи гьабулеб ахлъун букIараб нижер азбар машинабазул рукъалде буссинабуна чунтби риццатаз. Азбаралда бечедазул гъарачилъи байбихьаралдаса нахъе, рахIатхвана нижер. ТIалхIат щвечIеб бакI хутIичIо. КIудиял хIакимзабазде тIаде нух щоларелъул. Дудаги лъалеб батилаха хIалтIудаги, рокъорги, къотIнорги гьел киналго охраниказ сверун ккун рукIунелъул. Гьездаса рорчIизе рес щвани, секретаршаби ратула рагьдухъ чIун, кьвагьун хваниги риччаларо хIакимасде тIаде.

– Цо хIисаб гьабеха иш ккун бугеб бакIалъул! Москваялде хъвазе кколаан!

– ХъвачIиланищ йигей? БитIахъе президентасул цIаралдаха гьес хъвараб! КIудияб хьул букIана гьенисагIаги кумек щвелародаян. Гьеб гIарзаялъе жаваб бачIана, нижер азбар машинаби чIолеб бакIалде сверизабизе изну кьураб, администрациялдасан. Кинаб хIасилалъул жаваб гьеб букIарабали бицинего ккеларо. Гьелдаса хадуб ТIалхIатие хIинкъаби кьезе байбихьана: «Ле, кIудив чи, вуцIцIухIун дурго рокъов чIоларого, мун щай вортанхъилевги хъвадарилевги вугев? Дуда гIумру рихунцин гурищ бугеб? Мун берцинго чIечIони, духъе рачIине руго мун вуцIцIинавулел гIолохъаби. Гьел гурхIуларо нижеда данде чIаразда! БичIчIанищ?»

Гьеле гьединал рагIабиги рагIарал ТIалхIатида хераб къоялъ. Вай гьесие захIмалъун букIараб куц! Пайда щибха…

**Тажудин ТАЙМАСХАНОВ**
**(1931-1979)**



## ВАСИГАТ

**Цояс абун буго, жив хун хадуса**
**Хер бижугегийин гьаб дунялалда**
**Дицани абила хер бижагийин,**
**Ва харида гьоркьоб тIегьги букIина.**

**Харилъ басандулеб кьегIер букIина,**
**Кьвагьараб гуллалъун тагьи боржина.**
**Бакъуе гьимулеб тIегьги букIина,**
**ТIолго гьаб дунялги даим букIина.**

## ГЬАБЕ ГУРХIЕЛ ТУН ТАМИХI

**Вокьиларо рагIизе магIу тIолев бихьинчи,**
**Вокьиларо рагIизе магIу гьечIев бихьинчи.**
**Цо къадарлъи бихьани, къварилъула ургьиб ракI,**
**Гьеб мехалда хулизе бегьула бадиб магIу.**

ХIалихьалъи бихьани, хIехьезе захIмалъула,
Гьеб мехалъ магIуялда гIайиб чIваге чIалгIаде!
РекIелъе хIинкъи лъугьун, нагагь чи гIоданани,
ГIадамал, гьеб мехалда гьабе гурхIел тун тамихI!

## РЕКIЕЛ БУХIИЯЛЪУЛ ЦО-КIИГО ХIУХЬЕЛ

Пикрабазул гIурул гучаб карачел,
Халатищ каранда гьелчезе бугеб?
РекIел анищазул щенон балеб цIад,
Дун цIалтун виччизе гьавуна дуца.

ГIолохъанаб чорхол саназда жаниб
Хиялазул пири пирхулеб буго.
Гьелъ гьабураб канлъи киналго лугбалъ,
Бакараб цIа гIадин, кунчIулеб буго.

Доба гьаваялда гьороца хъамун,
ХъахIаб накIкI рикIкIаде боржунеб гIадин,
Анищазул чода рекIарав дида,
Ахир бихьулареб нух буго цебе.

Щоларей яс йокьун, кьалдаги гурин,
Рукьбазулъ багъулеб балагьго кинаб.
Дихъ кодоб хIули тун хIинчIги боржичIин,
ХIалхьи кибдай араб каранда рекIел?

…Дун гьел суалазе жаваб балагьун
Жендолев ватула тохал бакIазда.
РекIел анищ буго, шигIрудул гьабун
ВатIаналъе тIогьол квацIаби кьезе.

Гьединал пикрабаз куркьбалги рижун,
Воржаян жаниб ракI чIун гьечIебани,
Ракьалда гIадада дун вижун вугин,
Дица гIумруялде квер хьвагIилаан.

## БАСРИЯБ ЧАГЪАНА

*ЧIалдаса ГъазимухIамадиде*

ГIасрабаз рукъалъул къеда даларaб
Басрияб чагъана чан бугеб росулъ?
Чан батIияб бакъан гьелда бачараб,
Бакъанил гIужальги къалъул гIужальги?

МагIу чвахичIого, черх сорочIого,
Чагъана гIодулеб рагIанищ дуда?
ГIадамас кинигин ургъелги чучун,
Чагъана угьдулеб бихьаниш дуда?

МагIарул шагIирас чуги ярагъги,
Чагъанадухъ кьураб уяб жо буго.
Кьалде унелъулги рухI кьолелъулги
РекIел бухIи гьелде угьараб буго.

Рохелалъ къвал байдал, къварилъи ккедал,
Гьеб каранде къарал кверал рукIарал.
ГIадамаз гьаридал, гьобол вачIиндал,
ЧIвабзазда кIутIарал килщал рукIарал.

Бакъ индал, къо индал, къаси мех щведал,
ШигIрабаз мугIрузда ханлъи гьабураб.
Гьаракьги, бакъанги, къеда далараб
Доб чагъанаги гьес росдае тараб.

Замана аниги, зани гьечIеб хоб
Хабалазулъ батIа бахъизе лъала.
Ва ихдалил хIанчIи щибаб рогьалилъ
Ругьелгун досухъе рачIуна, уна.

## РЕКIЕЛЪЕ ХАСЛИХЪЛЪИ КИДА БАЧIУНЕБ?

Биччай гъутIбуздаса гъенезе тIамах,
ТIогьилаб халича тIамизе гIодоб –
Абиларо дица гьеб мехалдаги
Хаслихълъи бачIанин, ахал речIанин.

ЛъугIила хурзабахъ ясазул сарин,
Санда роржанхъулел къотIила бакънал –
Абиларо дица, гьеб мехалдаги,
Хаслихълъи бачIанин, хIанчIи сасанин.

Амма дир рокьуе жаваб кьечIого,
Кьалде пикру рехун, пархун мун ани –
Хаслихълъи бачIина, ахал речIала,
РакIалъул рокьиги кьалде буссина.

**Фазу ГIАЛИЕВА**
**(1932-2016)**



## МУГIУРУЗУЛ ЗАКОН

**Дир гьанир мугIрузе законал хъварал**
**ТIахьал гIасрабаца рахъун рукIинчIо.**
**Дир магIарулазул хасиятазе**
**Хисизе рес гьечIин цIараб хIучч гьечIо.**
**Цо магIаруласул гъанситоялъуб**
**ЩIадул хIенехI цIунун хутIун батани,**
**Хадуб рачIун босун, цоцахъе бегьун,**
**Гьелдаса росулъго цIаял ракула.**
**Цо магIаруласул царгъил тIиналда**
**ГIорто цIезе ханжу хутIун батани,**
**Гьелъ мадугьаллъиго гIорцIизабула,**
**ГIемерал цIалкIазул гьаракь бахъуна.**
**Росулъ щивниги чи захIмат унтани,**
**ХIалхьи, рахIат хола тIубараб росдай.**
**РикIкIадаб сапаралъ вас унеб мехалъ,**
**Росуго бачIуна нуха регIизе.**
**Гьаниб гIадат гьечIо цояб рохада**
**Бертин тIобитIулеб, кополъ рукIунел,**
**Цойги рохеналда къварилъиги ккун,**
**МагIирокъор чагIи ругеб мехалда.**
**Росулъ бертин бугищ – гьеб къоялъ дуда**
**Цониги тIалайдухъ кIкIуй бихьиларо. –**
**Гьеб бертин щивасе гIахьалаб буго,**
**Гьеб рохел щивасе бащадаб буго.**
**Росулъ чи хванани, цониги рокъоб**
**Гьеб сордоялъ чирахъ букIине гьечIо. –**
**Гьеб ками цо буго гьал киназего,**

ТIолазего гIоди буго гIахьалаб.
Цо къадарав чияс хIалихьатаб иш
Гьабунищ – росуго гьесул судиял.
БахIарчияв васас лебалаб гьунар

Гьабунищ – гьеб чIухIи щивав чиясе.
Гьаниб гьанги бичун чед босуларо,
Чи гьанив къварилъи бачIиндал лъала.
Гьанир гIолохъанал гIенеккун чIола,
КIудиязул кIалалъ месед биунин.
Дир гьал умумуца законал хъварал
ТIахьал тун ратичIо дие цIализе.
Амма законалъул цIар бахъарабго,
Нуж рихьула дида, мугIрул гIадамал,
Цоцахъа цоцахъе бегьун унеб цIа,
Цоцаца цоцахъе бекун кьолеб чед,
Кьурдизе унелъул, гьанир бертабалъ,
Иргадал цоцахъе бегьун унеб тIил.
Хис-хисун гIоркьги ккун гIолохъабаца
Хабалалъе унеб херасул мали.
Тушманас мугIрузул гIорхъи бахани,
Бихьинчилъи – бищун лебалаб ярагъ.
Гьудул вачIанани, гIодоб тIамураб
ТIанса гIадин цебе рагьун лъола ракI.
Гьале дир мугIрузул гIадатаб закон,
Бертабалъ тIил гIадин цоцахъе кьолеб,
Хъвай-хъвагIай гьабичIеб, амма щивасул
Бидулъе, рокьолъе кьалбал риччараб.

## ЭБЕЛАЛДА ГЬИКЪЕ

Нилъеда кIочон тола,
Унтараб къо, сахлъигун;
Нилъеда кIочон тола
Сахаб къо, унтаралго.
Сухъмахъал кIочон тола,
Шагьраялде рахъингун;
Шагьраял кIочон тола,
ГIатIилъуда рещтIингун.
Амма гьеб кинабгIаги
Гьансиниб сукIун лъураб
Хамил метраби гIадин,
Батула эбелалъухъ.
Гьелъ, берал кенчIолаго,
ГIолохъанлъунги ячIун,
Бицуна нилъ гьарурал
Къоязул гьайбатлъаби.
НекIого бетIералде
ГIазу бан букIаниги,
Гьелъул рекIелъ ратула
РикIун гIисинал лъалкIал,
Лъималаз нахъе тарал
ГIумрудал сухъмахъазул.
Гьелъ бицуна тIоцере
Нилъ унтарал къояца,
Киниялда къвалги бан,
Къварилъараб куцалъул.
Гьелъ бицуна тIоцере
Нилъ кин кIалъаралали,
Нилъеца щиб къоялда
Гали бахъарабали.
Эбелалъул рекIеда
КIочонаро щибниги,
Щивасул анкет буго
МухIканго гьениб цIунун.

Эбелалъ гьел регула,
БачIунеб щибаб къоялъ,
Нилъер арал къоязул
Къисматал хъварал тIахьал.
Амма гIадамазе гьеб
Рагьун цIалулеб мехалъ,
Эбелалъ гьоркьор тола
Нилъер ккарал гъалатIал.
ТIокIлъаби ва гьунарал
ПонцIозарун рицуна.
Гьеб улбузул гIатIилъи
ГIунгутIаби рахчулеб,
ЛъикIлъаби рагьун лъолеб.

## ДИР РАХЬДАЛ МАЦI

Дун гьаюраб къоялъ, къулун тIадегун,
ТIегьилан абуна, дида эбелалъ;
Гьеб рагIи букIана магIарул мацIалъ
МагIарул чIужуялъ чIухIун абулеб.

Дун якъараб мехалъ, хахе, меседан,
Дие каранзул рахь кьуна эбелалъ.
БачIана дихъе гьеб рахьдада цадахъ
Дир умумузул мацI, дир магIарул мацI.

Дица гьеб мацIалда бакъул чIоразде
ДахIаян ритIана гьитIинал кверал.
Каранде дунги къан, инсуца дие
Гьеб мацIалъ цIалана цIодорал харбал.

Дие гьеб мацIалда магIарулаца
МугIрузул, гIоразул къиса бицана,
КъабихIав Надиршагь дир умумуца
Асир гьавурав куц дида рагIана.

Дир мугIрул халкъазул намусги цIунун,
ЦIадаве кIанцIарав Гьидалъа Хочбар,
Гьеб мацIалъ кIалъана ахираб нухалъ,
Ханасе чIегIераб нагIанаги кьун.

Къоло щуго соналъ Дагъистан цIунун,
ЦIум гIадин вагъарав Шамил имамас,
МагIарул мацIалда эркенлъийилан
АхIана кьураби кьватIилеб хIалалъ!

Гьеб мацIалъ цIа гIадал кучIдул ахIана
МугIрул чIужуялъе МахIмуд-гIащикъас.
ГIанхил Марьямица, кIал букъаниги,
КъотIун течIо жиндир гьайбатал бакънал.

МихIмаралда рарал жавгьарал гIадал,
ГIагарав ХIамзатил хIасратал кучIдуз,

ХIасратго абураб щибаб рагIиялъ
МагIарул мацI ахгIан бечед гьабуна.

Аза-азар соназ дир магIарулаз
Гьеб мацIалъ гIуцIана магIарул тарих.
ГIанбар, якъут гIадал кIалзул биценал
Берцинал жидерго жугьабаз кьуна.

Гьеб мацI дие кьуна мугIрул чIужуялъ,
Жиндирго хирияб хазина гIадин.
Эбелалъ жиндийги кьун букIанила,
Кьейила дуцаги дурго лъимаде.

Гьеб мацI дие кьуна магIарулаца
МагIарул намусгун, бечедаб ирслъун.
БацIцIадго цIуне гьеб, бечед гьабе гьеб,
Гьелда ахIе дуца хIасратаб кечIан.

Биччанте гьеб дагьаб хъачIаб букIине,
ХъачIал кьурабазда гIураб букIине,
ГIагараб рахьдал мацI, дир магIарул мацI,
Дир рекIелъ бессараб, бидулъ бетараб,
Дицаги кьела мун рахьдада цадахъ
Дирго лъималазе, ма, босейилан.

ГIАБАСИЛ МахIамад
(1932-2014)



ЧIЕГIЕРАБ ЧУ

Буго дир чIегIераб чу чIечIого бекерулеб,
ЧIегIерлъуде дун вачун дурулебго дурулеб.

Малъ тункун лъалхъуларо, лъим гьекъезе чIоларо,
ЧIечIого бекерула, кибниги сасунаро.

Гьелъул чIолорхъо буго хъахIаб гIарац буччараб,
Чармил кIалдирай буго тIаде месед биччараб.

Гьаб буго бекерулеб, квелъ дица туркIуларо,
Гьаб кIалдирай букъулеб, къазе дун лъугьунаро.

Буго чу бекерулеб, буго чу бекерулеб,
Малъ тункун лъалхъулареб, лъим гьекъезе чIолареб.

Гъоле чIегIераб кету кидаго нух къотIулеб…
Доле чIегIераб гъеду чIечIого ричIчI баккулеб…

Диего гIолеб гьечIо гIедераб чодул хехлъи,
Дида бихьулеб гьечIо гьаб чIезесеб чIегIерлъи.

Дица буго цIалаца чуялъул рох бухулеб,
Дица буго угъдуца, элъул хьалбал рухъулеб.

Цо чIегIераб рагIдухъе гIедегIунеб буго чу.
Цо чIегIераб ганчIихъе бекерулеб буго чу.

Унеб дир чIегIераб чу чIезего чIоларого,
Нухда чIегIераб ачу макьуго щоларого.

Гьаб хехаб сапаралъул сагIатгIаги щиб бугеб?
Дир чIегIераб чуялъул «хъахIаб росу» киб бугеб?

### ХУНЗАХЪ ТАХШАГЬАР

Аварал гъункизе, улка цолъизе –
Цолол гамачIалъе батараб росу.
ГIадатал гIамлъизе, бол мацI бижизе –
Миллаталъ тах лъураб магIарул росу.

МугIрузда щущараб щибаб рукъалда
Къан рачел борчине ургъарабги мун.
ГIораца рикьарал кьалул къавмазда
Кьоял гьоркьор лъезе гьабурабги мун.

ГIадилал балъазул низам борцине
Нуцаби куцарал гIакъилзаби дур.
ГIурхъаби щулияб ватIан букIине
Тахшагьар гIуцIарал гIадамалги дур.

Дур цIумур кьабидал, кьалде гъирагун,
Рахъунел рукIинчIищ ахIуд игитал.

АхIи дур рагIидал, рагъул сапаргун
Цолъулел рукIинчIищ бодул къуватал.

Дуца чамги кьурал, кьалде рахъиндал,
Нахъекъай лъаларел рагъул бахIарзал!
Чам тушман хIинкъарал ХIажимурадал
Дуца гIезарурал, гIадатал рукъзал?

Дур яргъил чвархъиги чодул пунхъиги –
Чанги аскаразе ахирлъун чIараб.
Дур халкъалъул гьаги, гьезул къвакIиги –
Къелал улкабазе кицилъун ккараб.

МугIрул ханлъиялде хиял ккаразул
Хвалидалъун гуреб сапар бихханищ?
Хунзахъ тахшагьаргун тунки ккуразул
ГIакIа тIад лъечIев хан хутIун ватанищ?

Тарихалъул ахIи жеги рагIула –
Рагъгун рачIаразда михир бачунеб.
Хвалчабазул паркъи жеги халлъула –
Хунздерил васаца цебе хьвагIулеб.

Дир Хунзахъ – умумуз бараб тахшагьар,
Щулалъул си гуреб свараб камичIо.
МагIарул кагIбалъун батараб шагьар,
Щулияб гурони дур къиса лъачIо.

Къарнаби ани щиб, азарил сонал –
Сариралъул хутIел биххизе гьечIо.
Хисун те гIасраби, сверун те динал –
Аваразул байрахъ бегизе гьечIо.

## ПРЕЗИДЕНТАЗУЛ ЦIАД БАЛЕБ БУГО…

Президентазул цIад балеб бугин,
ЦIер бараб хур гIадин, хвеларищ улка?
Спекулянтаца квер биххун бугин,
Ккелищ базарияб экономика?

ХIакимлъи щваразги щвелин ккаразги
Корокье рехулеб гьечIищ цIатари?
ЦIогьодун гIуразги гIорцIи лъачIезги
ЛъечIищ гIумруялда гIураб щакдари?

Жакъа миллат бихьун дагIбаги баккун,
Доб цебесеб ваццълъи бецлъулеб гьечIищ?
Метер динал рикьун кьалдеги раккун,
Ракьго цоцахъ балин цо ургъел гьечIищ?

Хвалчадул рухI унеб аскарги бихxун,
Эркенал кулабахъ кеп гIунищ бугеб?
Капкил къолден щварас къуравги вухун,
Къойилго тIезе би тIокIлъунищ бугеб?

Президентазул цIад балеб бугин,
ЦIиял ханзабаца хур бокьиладай?
Спекулянтаца квер бихxун бугин,
Бохалда бох лъураз бокь бахъулебдай?

## РОСУЛЪАН РИСАЛАТ

ЯчIа, мугIрул бика, мун магIарухъе,
МахIачхъалаялъул хъуй кIочон тезе,
Дир алжан бихьараб хьиндал кIкIалахъе,
КIиязулго рекIел кIутIи батизе.

Куракул гъутIбиги тIадалел ругин, –
ТIогьол цаби рихьун хьимараб дунял.
Генудал гъутIбиги тIегьалел ругин, –
ТIанхил мацI ургъизе ихдалил хиял.

ЯчIа, рекIел гьудул, гьанже росулъе,
Расгун басандулеб гьава квашизе,
Рахчирукъ рагьараб гьаб анищалъе
Ахикь бахчарулеб бакъул чIор кквезе.

Чаргъадил гьаркьица гьоболги ахIун,
Урхъарал гIадамал данде рачине.
Гагу гуганщинаб щоталдаги лъун,
Щибаз разе ругел сонал рикIкIине.

ЯчIа, дир йокьулей, кьурул гьундухъе,
Гьеб шагьаралъ кьураб гIедегIин хвезе,
ГIищкъуялъ цIар хъвараб хъахIил зодихъе
Зирхун балагьараб цо цIва цIехезе.

Парсил кIалгIабазда мун хIалхьунелъул,
Рохьил гьиназ дуе пардав речина.
Иццул матIуялъуй мунго лъалелъул,
Лълъел чилиялъ дуе чагур бачина…

**Адалло ГІАЛИЕВ**
**(1932-2015)**



## УНГО, ЛЪАЛЕБАНИ ЩИБ…

**Дир керен хъвалхьун буго, хъухъан лъун рукьби**
**руго,**
**Ракьандаса ккун къотІун къватІиб рехун ракI буго.**

**БукIани щиб, гьале дун дуда кIалъалев вуго.**
**КIиябго гьаб хIатIида тIвапан хьвадулев вуго.**

**ТIаделъарал гьабзазда гьецIо речIчIулев вуго.**
**РачIал ккун рихьуларел борхьал чIчIинтIулев вуго.**

**ЧIегIерал накIкIал рачIун, вечIала цо– цо къоялъ,**
**Бакъул чIорал горда чIван, чIаголъула мех– мехалъ.**

**Вохула, къварилъула, велъула, магIу тIола,**
**ТIолазулго гIадинаб гIумруялда вуго дун.**

**Ва амма цодагьабго дир пашманлъи гъваридаб,**
**Гьединанго дагьабго дир рохелги – кIудияб.**

**КIоларо сасун чIезе – савгъол БетIергьанасе,**
**ГьетIараб баркуларо – баркала къисматалъе.**

**Къоял сверулел руго, чода рекIун бакъ буго,**
**Къаси-къадлъаби рорлъун билълъун унеб гьеб буго.**

**Унго, лъалебани щиб, лъелавищ, рекIаравищ?**
**РукIел ахиралдаги – ахикьищ дир, корохъищ?**

## ХЬУЛАЗУЛ НАКIКI

**БатIияб, тIокIаб жо жакъа дир ккечIо,
Кинабго якъинаб къисматги буго.
Къваридаб хIалалда гордомахIида
Дун гьадин седараб синуго кинаб?**

**СогIал бидурихьаз бухь-бухьараб черх
Биххизе гьесараб си гIадин буго.
ГIасияб тIвапигун тIеркIолеб керен
КартIал рахьилилан хьатикь ккун буго.**

**БатIияб, тIокIаб жо жакъа дир ккечIо,
Кинабго якъинаб къисматги буго.
Бегараб щайха тIад тIухьиялъул зоб,
ТIепараб кин бакIго рекIеда дунял?**

**Диде матIуялъув гъваридав цо чи
Гъаргъар балеб хьухьилъ хьимулев вуго.
Хьулазул накIкI лъураб рикIкIалъуда гьев
Гьал дир мунагьазул магь къалев вуго.**

**Ана паркъун сонал рекIелгъеялда,
МукIурлъизе гьанже гьечIо яхI гIолеб.
БачIана замана. Къарзалъе кьурал
Къоязул камиял кинан рецIилел?**

## ИШ-КIА-КIА…

**Дир горда цебе бачIун иш-кIа-кIа-кIа-кIана,
Ишги гIодоб тун, вахъун, гордухъан валагьана.**

**Валлагьиги биллагьги, бачIун букIун буго их!
Унго, кигIан хехгоха хасел араб гьаб соналъ?**

**Сон…цо…цойги кIиго сон, кIикъого сон, лъабкъого…
Лъимердъуде хьамуна хиялаз дун бигьагьун.**

**БукIана их, бакъул къо, бакъанил как щвараб гIуж,
Шурун унеб лъарахъ дир лъалхьана гIицIал хIатIал.**

**ХIасраталда лъугьана лъаралъе дун чвердезе,
Дуниялго букIана бакIарун, дун вихьизе.**

Рохь бугоан добасан дихъ балагьун хьвагIелеб,
МегIер бугоан тIасан тIавап гьабун кIалъалеб.

Лъаларо кигIан мехалъ мехтарав дун гьеб къоялъ –
Гьайбатаб тIабигIаталъ тIамуна васандизе.

ТIогьолъ жемарал гъутIби, жаниблъуда цIияб чIахI,
ЧIаголъарал кIкIалалцин кIалъа– басана дунгун…

## ХIИНЧIГИ, БОРОХЬГИ, ДУНГИ

Дун бакъул чIораз гуро ворчIизавурав радал,
ХIинчIалъ гьабуна макьу гьурмадаса хъущтIизе.

Гьеб букIана «чIи-чIи!»-леб чIезе сверухъ бакI тIагIун,
Жиндир тIинчI хвалидаса хвасар гьабеян ахIун.

Харун бачIунеб буго чIегIераб борохь тIаде,
ТIогьодаса гъенолеб гъотIол хIехьккун бусаде.

ХIакъираб гьеб тIанчIида гьабизе жо щиб кIвелеб?
Гьениб бихьизе гьечIо борхьил рахIмучилъиги.

БухIизе гьабуна хъат цIорораб ганчIица дир,
ЦIцIун бачIараб бадиса бортун ана магIуги.

Дунги хIинчIги тIаделъун тIаса рехана балагь,
ТIинчIги тун хьуязулъе лъугьун ана доб борохь.

Аммаха хирияб тIинчI хун батана нижеда,
Хадуб гIодана эбел, угьдана дун гIодов чIун.

Я Аллагь, щибжогIаги гIумруялда ритIухълъи?
ГIоде, хIинчI-эбел, гIоде, угьде, угьде, дир керен!

КигIанха бокьилаан хIинчIалда лъан букIине
ЦохIо гьелде гуребги гьал зулмаби щолеллъи.

Лъарал доб чIинкIиллъуда шагьра буго хIур бегун,
ТалихIалде нухалъул халалъи гьаб ракьалъул?!

## ГIумар-ХIажи ШАХТАМАНОВ
## (1933-1989)



### ХIАЙРАНАБ СОРДО

**Гьеб букIана цебего
Цо хIайранаб сордоялъ,
Жегиги дир кIветIалда
КIутIун букIинчIо далак.**

**Амма мех букIунаан
РакI каранлъ хIебтIулареб,
ХIайранаб асаралъул
Асирлъи гьуинлъараб.**

**Лъимерлъудасаги ун
ГIолохъанлъуде щвечIеб,
ГIолил чIужу кIалъани,
КIаркьаби багIарлъулеб.**

**Дирго чорхол ччорбазул
Къуват лъазе лъугьараб,
ГьечIониги бальголъи
Бугеб ххвелал гьарулеб.**

**… БацIаздаса гIи цIунун
ГIандиб хIорил рагIалда,
ГIухьбузул сванхи буго
Сардилъ хьаравуллъуда.**

**Хъинсалги кьурабиги
Кьижун руго цIергIадин,
ЦIиналтIе рахинегIан
ХIорил лъелъеги лъугьун.**

**ЦIваби – пирхулел, сунел,
ЦIалкIал руго паркъолел,
Дир чодул тIикъвабазда
ТIикIарал магIал гIадин.**

**Хьаг сверун гIодор чIарал
ГIухьби гIадин, сихIкъотIун,
Къулун руго мугIрулги
ГIандадерил хIоритIе.**

**Пикрабаз гъорлъ восарав
Гъапуллъулев вукIана,
Гъваридаб хIорил лъадалъ
Чвалхи рагIун, тIуркIана.**

**Вахъана, валагьана
Кьурул рагIаллъудасан:
Кьурда гъоркь хIорилъ йиго,
Огь, хIурулгIин чвердолей.**

**Гьелдагин дида гьоркьоб
Лъабго сажен борхалъи,
Гьелъ дун ахIулев вуго,
ХIинкъуге, кIанцIейилан.**

**Дун абуни эхетун
Хаган ва тархъун вуго,
Щибго рагIулеб гьечIо,
КинабгIаги бихьула…**

**ХIорил лъим – гьеб лъим гуро,
Риди буго тIокIкIараб,
Родолъ – хIанил тIираби
ХIорилъ – зобги цIвабиги.**

**ЦIвабзазда гъорлъ чвердолей
ГIицIай хIурулгIин йиго,
Гьелъул гъалалъ – цIвабилъун
Паркъолел гIарцул бекIал.**

Гьелда сверун форелалъ
Фейервек гIуцIун буго,
ГIарцул ччугIби хIоринир
ХIайранаб гвавулъ руго.

Цо-цояз кьан-квачIазда
Гьоркьоб кьурди гьабула,
Кьвагьарал жал кинигин
Гьаваялде кIанцIула.

ХIурулгIинин абуни
ХIориний ясандула,
Цинги чвал-чвалхиялда
ЧехьатIаде лъедола.

Лъавудаса ун гIадин
ГIенеккун руго мугIрул,
МугIрул цо мицIиралда
Хурхун хаган буго моцI…

БагIарчарал ччугIбуца
Нуха регIун, рагIалде,
ГIагарлъана хIурулгIин…
ХIалакана каранлъ ракI.

ХIурулгIин цихIинтIаго
ХIатIазда яхъун чIана,
ХIорилъ кверал квалквадун
РагIаллъуде къокъана.

Гьале гIансилаб габур
ГIарцул щубилъ ччун гъуждул…
Цинги…кIиго хъахIмикки…
КIиго багIараб гозо…

Дица берал кIвекIана,
Божизе захIмат буго. –
Балагьана нахъеги:
ХIикмалъи цебе буго.

ЧIужугIадан рагIалде
Яхуней йиго лъелъан…
ЦIвабзазул мллион бер
Гьелде къвакелеб буго.

ГIисинал карачелал
Накабазда хурхуна,
Жал жахIалго тогеян,
Жеги-жеги ячIаян.

РагIаллъуде гIурдатIе
Яхун цIаюцIана гьай…
Гьеб лахIзаталъ рекIараб
Сун гьечIо цIа дир рекIелъ!

ЦIаюцIана хIурулгIин,
Азарго сон бараб хъинс,
Нартав кинигин угьдун,
Ана хIорилъе кIанцIун.

ЦIаюцIана хIурулгIин,
ЦIаюцIана лазат щун,
Дир росулъа гIолилай –
ГIачиязул доярка.

Цинги кьурул хъинсикьан:
«Дир хазина, квачачIищ?»
Данде вахъун вачIана
Хъинс гIадинав бихьинчи.

«КвачачIо, дир мугIрул вехь…
Вай, бугеб хIеренаб лъим…»
Буртинаялде гъорлъе
Лъугьун ана хIурулгIин.

МугIрул тIогьибги хурхун
Халккун букIараб моцIги,
ЛахIчIегIераб буртина –
НакIкIулъе лъугьун ана.

Унев вуго мугIрул вехь
МугIрул сухъмахъчIван,
сардилъ,
Буртинадулъ жемараб
Хазина каранде къан.

Гьес гIисинккун ахIулеб
ХIайранаб бакъан буго,
Кинидахъ кечI лъаларо,
ГIищкъул наку лъаларо.

Унев вуго лъилниги
Щибго ургъел гьечIого,
Гьаб дир каранлъ бижараб
Бихха-хочи лъачIого.

Къаси дир лъимадул гIуж,
ГIолохъанлъи лъачIого,

Унев вуго… Ана вехь
Хьонда гохIикье тIерхьун.

Цинги гьев рогьалида
КъавутIе тIадвуссана,
Къоял гьоркьор иналде
Ана рагъде… ВуссинчIо.

Дой хIурулгIин – доярка,
Дос кодой ккун ячарай,
Ячарай лъадийилан
Досул бусен бикьичIей.

ТIокIалъ хIортIе яккичIо,
ЦIвабзазда гъорлъ чвердечIо,
ЧчугIбуца долда сверухъ
Фейерверкал ракичIо.

Дие гуреб тIатинчIеб
Дозул чIухIаб гIищкъудай
Дой хисичIо…Херлъана…
Дой хвана, гьудулзаби.

ГIицIго некIсияб мегIер
МоцIги гIадатIа бакун,
Балагьун буго хIортIе
ХIурулгIин ячIинегIан.

Амма гьей ячIунаро…
Чвахун чабхил магIу тIун,
ГIунун кьижула мегIер
КъуртIе кIаркьенги щапун.

## ГIабдула ДАГАНОВ
(1940-2012)



### Т А В Б У

Бисмиллагьги бахъун, босизин кагъат,
Бусурбанавлъидал дунги вижарав.
Аллагь. дур цIар рехсон, гьабизин калам,
Какалги дугIаги къабуллъагиян.

Къоялъул мех буго бакъаниде щун,
Къокъидго нахъ тараб нух кинигинан.
Кидаго гIедегIун хIетI лъураб гIелищ
ХIисаб гьабичIого унеб гIумрудул?

ХIисаб – гьеб рекIел гьа, Дуе ритIухълъи,
БетIергьан, гьарула тIасалъугьаян,
Цо-цо лъан, лъачIого дихъа рорчIарал
ГъалатIал рукIанин, Астагъфируллагь!

## ДИР ИНСУЛ МИНА

Дуде рекIел бугеб урхъи чучизе
ЧанцIул гьесардарав гьале мех щванин,
Гьал хIалхьи лъаларел нухазул рахсаз
Бахъулаан лахIзат, дир инсул мина.

Духъе къанагIатав вас дир лъугьанин,
Гьарула рукIкIине гьаруге кьунсрул.
Ракьалда жегиги букIинчIо заман
Мун кIочон хутIараб, дир инсул мина.

Духъе вуссунелъул гьаниб нилъерго
Болъодул ганчIида хIетI лъолеб мехалъ,
Цеве тIамула вас кIургIараб расул,
Гьев дунцин гуродай, дир инсул мина?

Басриябго кIазги гъуждузде бачун,
Гъаримай эбелалъ гьабичIо дандчIвай,
ГьечIо гьей, доб жиндир рекIел гIатIилъи
Дуецин течIодай, дир инсул мина?

Гьаниб рохел буго, гъастIа цIа буго,
Яцазул лъималаз дун сверун ккуна.
Баракатаб гIумру гIахьал гьабулеб
Дур гIасраби чIахъа, дир инсу мина!

## УМУМУЗУЛ РОКЪОВЕ ЩВЕДАЛ

Къого сон сверана, эбел, мун къанщун,
Къо гIемер борхичIо, хадув эменги.
Абадияб рокъор парахалъун – нуж,
Пакъир – херав гьанже доб рокъов дунго.

Гьадаб лъимерлъуда бесдал лъималахъ
Балагьулаан дун бухIи-рахIмугун.
Гьанже, нуж гьечIого, живго хутIарав,
Херав бесдаласухъ щив валагьилев?

Гьал чIороголъарал рукъалъул къадаз
Данде къалел руго хIалкъаялъ лугбал.
Къисматалъул согIлъи, заман сверунан,
Хисулеб бугеб куц гьаб нилъер гIумру.

ГӀемерищ гьелчараб карачалахун
Гъоб гъваридаб кӀкӀалахъ гьочосезул гӀор?!
ГӀедегӀун гьелъ цадахъ хъамун унеб мех,
Нахъвуссаян данде гьабичӀеб калам…

Гьанже чӀобогояб рукъалъул къадаз
Данде къалел руго хӀалкъаялъ лугбал.
Унго, замналъул куркьбазул хехлъи,
Карачалахараб гӀумрудул чвахи…

ГӀедегӀичӀониги бачӀинебин къо,
БутӀрул гьаб рукъалъе гӀодорги къулун,
Жакъа дица гӀадин, дир лъималазги
Нилъер умумулин абизе бугеб…

Къого сон сверана, эбел, мун къанщун,
Къо гӀемер борхичӀо – хадув эменги.
Абадияб рокъор парахалъун нуж,
Пакъир – херав гьанже гьаб рокъов – дунго.

## ЦӀУДУЛ ХВЕЛ

Гьаваялда тушмангун
Багъулаго лъукъараб
Бида бецӀцӀулеб цо цӀум
Бортана дир росулъе.

ГодекӀаниб ганчӀида
Керен цун холеб гьелда,
Сверухъ эхетун чӀана
Ургъалилъе  ккарал  ниж.

ЦӀудул кенчӀолел бералълъ
Бихьула хъахӀилаб зоб.
ХъахӀилаб лъоб эркенлъи
Гьалъий тӀокӀалъ щвеларо.

Гьаваялде бахине
Гьелъул къуват хутӀичӀо.
Холеб буго мугӀрул цӀум,
ЦӀоб гьечӀеб кьалда лъукъун.

Гьелъул тушманалъ жеги
Зобал рахина гӀемер.
Холеб гьалдаса къисас
Босиладай наслуялъ.

Ялъуни ццингун угьди
Хвелгун цадахъдай инеб?..
ЦӀорораб гамачӀалда
Керенги цун хвана цӀум…

Школаги дарсалги
Дида кӀочон хутӀана,
ЦӀудул хвел захӀмалъарал
Ниж – лъимал угьдарал куц!

Цинги ракӀалде щвана
МугӀалимасул хабар
ГӀасияб рагъул цӀадулъ
Рагъухъанасул хвалил.

Гьевги цӀумго гӀадинан
ЦӀорораб ганчӀида тӀад
Каранде ярагъги къан
Хванилан бицана гьес.

**МухIамад ХИРИЯСУЛАЕВ**
**(1945-2015)**



## РАКI БУХIИЛАРО

**ТахбакIалде вахун, тIимугъги ретIун,**
**Рагъидул ракьанда кьижун ккарав дун,**
**Кьурулъан бецIцIулеб иццуде къулун,**
**Къеч буссунарого вукIуна хутIун.**
**ЦинтIаго тIокIкIараб иццуда жаниб**
**Дир бетIер бихьана гIазуца бахчун,**
**ТIасан квер бахъана, хъахIлъи дагьлъичIо,**
**Дагьабго пашманго кенчIон чIана гьеб.**
**Гвангъун щун букIана щобазда тIад бакъ,**
**Гьелъул хинлъи дие гIолеб букIинчIо.**
**ГIурччинлъун букIана сверухъе дунял,**
**Дир бетIер букIана херлъиялъ белъун.**
**Черх сорон, ворчIидал, валагьун чIана,**
**Гьаругьин хIулулеб хIеренаб гIазухъ.**
**Гьеб гIицIго тIогьазда лъалхъулеб буго,**
**ЛъарагI авлахъалда биунеб буго.**
**Лъала, макьилъ гIадин бачIина херлъи,**
**ЧIурканал лугбалъа дагьлъила хинлъи.**
**Хиялаз вачина чанги, нахъвуссун,**
**Нахъехун лъун тарал лъалкIазда хадув.**
**Амма киданиги ракI бухIиларо**
**РикIкIада хутIарал ихазда хадуб,**
**Цогиязе тарал ахазда хадуб,**
**Цогиязе кьураб рокьуда хадуб.**
**РакI бухIила гIицIго течIелда хадуб,**
**РакI бухIила гIицIго кьечIелда хадуб,**
**Кьуругун къеркьечIел къоязда хадуб,**
**КъочичIого тарал кIутIбузда хадуб.**

## ДИР МАЛАИКЗАБИ

Дие дарсал кьурал мугIалимзаби,
МагIарул поэтал – малаикзаби,
Малъизе чи гьечIев гьитIинав дие
Нужер кумек камун кивго хутIичIо.

Как гIадин, камилал нужер пикрабаз
Канлъи кьуна сардилъ кьурул сиртазда.
Кьурул рагIалдеги цо нухалъ гуро
Нужер гIакълу щвараб къан дир гъеж кквезе.

ГIадамил лъимадул бер гIунтIулареб
ГIелмуялъул тIинда гIумрудул магIна,
МакънатIисал гIадин, гьелъ цIан унелъул
ЦIалана жугьаби жагьилав дие.

ХIорал хиялазда хадувги лъугьун,
Лъугьунареб хIалтIи тIаде босидал,
«Биччараб цIулада цIа рекIунарин»
РикIкIаде рагIана гIагараб калам.

Бихьулареб лъикIлъи, лъалареб адаб
Дица тIадчагIазе тIатун гьабуни,
«ТIатIул чедалда тIад нах бахунарин»
Халкъалъул кицабаз квер ккуна чанги.

ГIиллаго гьечIого гьодорал чагIаз
Гьури дир гьурмаде пулеб мехалда,
«Пихъ гьечIеб гъотIада тIил речIчIуларин»
ТIад Инхосев щола ракI-макI гьабизе.

ТIогьазде нур щвалеб шагьри моцI гIадай
Цо шагIиралъ, каранлъ кор боркьарабго,
«Дунял берцинлъизе биччараб канлъи»
Кквезе лъугьайилан лъугьуна МахIмуд.

ГIададисеб чIухIи, чIвадниб мичIчI гIадин,
Дир божулеб рекIелъ бижараб гIужалъ,
Жиндир «ГIумруялъул дарсал» цIалейин
ЦIадаса ХIамзатил гьаракь рагIула.

Цо гьагав гьудулас рекIкIалъул рукIкIен
РекIелъ хIунсарабго, хIал дир хисани,
«ХIатIикь ракь тIуниги тIуркIугейилан»
Дие салам кьола Сулимановас.

Хъулухъазе гIоло цин-цинал лъугьун
Ццидалъ цоцазулъ нилъ къацандулелъул,
«Цолъи гIадаб къуват гьечIин ракьалда»
ВачIун аскIов чIола ГIумархIажияв.

МагIарул шагIирал, дир малаикал,
Баркалагун кири камун тогеял,
Нужер пикрабазул, нужер чилъидул
Чирахъал кунчIана кирго дир нухда.

Ва гьал дир къоязул хIисаб гьабидал,
Гьениб гIаданлъидал лъалкIал ратани,
Гьеб нужер дарсазул, хIалбихьиялъул
ХIасил букIиналда ракIчIун вуго дун.

## КIУДИЯВ ИНСАН

*Муса МухIамадов ракIалде щвеялъе*

«Рагъизе хьихьарал гьал бугъбуздаса
Магъилъ рекьарулел оцал рокьула,
Гьезул гьодаздаса тIинкIараб гIетIалъ
ТIощелги гIезабун гIалам хьихьула.

Юргъаялда унеб айгъиралдаса
Ябу батаниги гьакил чуго лъикI,
Гьелъ канлъуда данде дунял баччана
Риччарал, ччукIарал гьал нухаздасан.

Бадир гьимгьидулел тIугьдуздасаги
ТIарцIаб букIаниги херго бокьила.
Хухазул чехь цIезе, цIани хьихьизе,
Хьонда харицелалъ васаз бецизе.

Эхеб Чачаналде бищун чергесаб
Чинариялдаса генул гъветIго  лъикI,
ГохIазда ахIдолеб гагуялдаса
Мокърукь бусен лъураб милъирщо лъикIаб».

Гьедин цеве чIола Гьандихъа Муса
Соназул, гIумрудул магIна цIехолев,
МагIарул гIаданлъи гIадахъ босарав,
Росабазул гIадат гIодоб рехичIев.

БакIаб гьунаралъул гьир баччараб гьод
Къисматалда цебе къулизе течIев.

Къадру цIикIкIунилан цIавуцIахъдичIев,
ЦIар тIибитIунилан тIаде ворхичIев.

Къайицадахъазе къатIрацин щвечIеб
Шайихлъи букIана рекIелъ бессараб.
Гьанже магIарухъцин гIад гьабулареб
ГIадатлъи букIана гIамал къачIараб.

ГьечIо гьанже дие ургъел бикьизе
Ракьалда вукIарав кIудияв инсан.
Нартасулаб захIмат къабул гьабурав
Къанабакье ана хIалхьи гьабизе.

Ккана дир халкъалъе кIудияб ками,
Кинан букIаниги бачIуна пикру:
Дос гIадин хирияб хазинаги тун
Хвани щиб ракьалда бокьараб къоялъ.

МухIамад ГIИСАЕВ
(1949-2008)



## ЩИБ ДУЕ ЛЪУГЬАРАБ, ДИР МАГIАРУЛЛЪИ

ГIазулцин бацIцIалъи цIехолеб буго,
ЦIорорал иццалцин чорокго руго,
ГIурдаде рехараб ххарил буртина
Багь-багьун бугилан буго рагIулеб.

Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,
МагIу щай хулулеб дур хивалазда?

**Хварабищха чилъи, чучарабищ яхI,**
**Меседил кьерабищ букIараб намус.**
**Ракъаразул бикъи, къурахъа бахъи,**
**Къиямасеб къойищ тIаде щун бугеб.**

**Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,**
**МагIу щай хулулеб дур хивалазда?**

**Хараби эхетун, гIолилан гIодор,**
**ГIаракъиялъул гуч, гашишалъул кеп.**
**Умумуз лъалиниб цIунараб ханжар**
**Ххвалийги хвалийги къватIибе бахъун.**

**Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,**
**МагIу щай ххулулеб дур хивалазда?**

**Алжанги жибго тун, жаналъ гьарарал,**
**ГьечIищха магIарухъ тIокIал мусудул.**
**Саяхъабщиналде тушманлъи лъураб,**
**Тамахлъунищ гIадат дир умумузул.**

**Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,**
**МагIу щай ххулулеб дур хивалазда?**

**Хабалазул рагIал, эхетун вуго, –**
**ГIазуги, заналги, зобги сверухъе.**
**Дица ахIун гьаракь гьабулеб буго,**
**Гьаракь карандаго бакъвалеб буго.**

**Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,**
**МагIу щай ххулулеб дур хивалазда?**

**Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,**
**Дандерижи ана гьороца хъамун.**
**Цо доба, цо гьаниб кьурул сверабаз**
**Кьуна гьеб цоцахъе мадироялда.**

**Дида кколел руго рорхатал мугIрул**
**ГIасрабаз свакарал гъапуллъун ругин.**
**ГьабсагIат гьез рорчIун, берал ричIилин,**
**ТIаса тIолго рищни гIодой кIутIилин.**

**Ле! – ян абурасе жаваб гьабулел,**
**Гьаб дир тIалъиялда жегиги ругин**
**ГIайиб ккаразул гьез гIундул кьурилин,**
**ГIамал берциназе рецщги гьабилин.**

**– Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи! –**
**– Дун мугIрузда буго, махх гIадин буго!**

## АХІУЛГОХІ

Гьаб АхІулгохІалъул чІимих анищ дун,
ЧІегІерал къоязул къисмат бихьараб.
Гьаб АхІулгохІалда хІурлъун анищ дун,
Гъазизабазул би бакъукь гьекъараб.

Гьебцин гІемер буго дир гІумруялъе,
Лъие щолеб жакъа гьезул даража.
Гьаниб хІотол хІули кІудияб буго
КІодолъабаздаса дуниялалъул.

Зодор тІогьал цурал гІазулал мугІрул
Дие гІисинлъула дур ракьаналда.
ЦІумал тІад сверулел сиртал лъугьуна
Ссаназул къадаллъун дур пикрабазда.

Кинабго гІумруги гІодоб лъарахъ тун,
Вахуна дуде дун сухъмахъ нухдасан.
Аваристаналъул хабалазул хоб,
Хивалазул ханлъун лъугьун буго мун.

Цо-цоязда кватІун бихьананиги,
Кини кІибикІана дуца мугІрузе.
Хъулухъалъ байрахъал рухІананиги,
Эбелалъул рахьгун лъана дида мун.

## АНА, ГЬУДУЛ, ГЬАБ РИИ

ТІогьазде гІазу бана,
ГІодорлъаби чарлъана,
Чвахун цІадазул цІалал
ЦІоролел руго гьанже.

Гьелегьараб бакъалъул
ХІухьелги гьекъезе кьун,
Макьилъ гІадин нильги тун,
Ана гІумрудул рии.

МугІрузда цІадал хІаллъун
ХІабургъарал иххаца
ГІорда тІад кьоял тІутІун,
Ана, гьудул, гьаб рии.

Кьуруда мугъалги чІван,
ЧІарал ссакал киннигин,
Нильер рокьиги бикьун,
Ана, гьудул, гьаб рии.

Пирхана, гъугъадана,
Гъугълъизе нильги гьарун,
Гьороца тІамах гІадин,
Ана, гьудул, гьаб рии.

Ана, гьудул, гьаб рии,
Ана, гьудул, гьаб рии,
Гьогьомараб хаслихъе,
Квер тункун, нильги рехун.

Хивалал гІолохъанго,
ГІищкъу жеги бухІулеб,
Ана, гьудул, гьаб рии,
ГьечІо, гьудул, доб рии.

## МухIамад АХIМАДОВ
**(1955)**



### ГЬ У Р М А Л

**– Гьурмал ричулел руго,
Гьурмал хисулел руго,
Гьурмал рикьулел руго,
Гьадинго кьолел руго.**

**Гьезул базарал руго,
Базаби рагьун руго,
Базаргабаз рагьарал
ЦIиял тукаби руго.**

**Гьел росизе бокьарал
Иргаялда чIун руго:
ЧIухIарал, хIалихьатал,
ХIиллаял, хиянатал.**

**Гьерсихъабигун цIогьал,
ЦIар рагIарал хъачагъал,
ХъачIал, цIекIал, цIорорал,
ЦIоб лъаларел, чIегIерал.**

**ГIадамазулахъ хисун,
Илбисазул росула,
Жундузул, щайтIабазул
БатIаго хира руго.**

**Цо гьумер гIолеб гьечIо
ГIадамазе ракьалда,
БокьанагIан хисизе
Росун лъун ругел гьурмал.**

**Щибаб къойил хисизе
Хасал гьурмал цIунараб
Хасаб къапила буго
Къадарал гIадамазул.**

**ГIемер хисиялъ хварал
Хьиталлъун руго гьурмал,
Гьезда гьоркьор, бакъ гIадин,
Къалъарал дагьал руго.**

**Дангъва рокьул кунчIарал,
Дагъистан бадиб бугел,
Умумузул кьер бугел
РукIине ккола гьурмал.**

**Кинидахъ кечIалъ кьурал,
Кьурабазда нур чIчIарал,
МугIрул тIогьир тIегьарал,
Гьурмазухъ вуго урхъун.**

**Гьудуллъиялъ кечI кьурал,
Гьоболлъиялъ ракI кьурал,
РакIалдаса унарел
РукIине ккола гьурмал.**

**…Гьурмал ричулел руго,
Гьурмал росулел руго,
Сурараб гьеб дараналъ
Дарран сири бан буго.**

**Гьурмал ричулеб базар
Заманаялъулъ буго,
Ахираб багьа гьелъул
Ахирзамана буго.**

**Къайи бичулеб базар
Гьадингосеб жо буго,
Гьаб гIадамазул гьурмал
Ричулеб базар лъайдал.**

## МИСКИНЧИ

– Щиб хIал бугеб, мискинчи?
– Мусру букIин гIун буго,
ГIумру лъугIараб мехалъ
Ракьалда гъоркь кьижизе.

Намус бацIцIадго буго,
ЦIар чорок гьабун гьечIо,
Чиясул бадиве дун
Валагьизе нечечIо.

Дирго кверaз гьабураб
Дирго магIишат буго,
МагIу бичун босараб
Бечелъи аскIоб гьечIо.

ИнчIо хъахIил зобазде
ХIалалаб гуреб хIухьел,
Гурун гьал рукьабигун,
Ракьалда хIалтIана дун.

Бекьана магIарда хур,
Ах гьабуна гIурдада,
ГIурухъа лъинги баччун,
РекIинаруна гъутIби.

ХIалихьалъи гьабичIо,
Хиянатлъи букIинчIо.
Гьоболгун гьудуласе
ХисичIо киданиги.

Лъималги гIадамаллъун
ГIумруялде рахъана,
ХъамалчагIазда гьоркьоб
РокьобгIан бакI босичIо.

РукIана заманаби
ЗахIматал, хIалихьатал,
ХIал бихьизе Аллагьас
Гьанир нилъее кьурал.

КьечIеб тIалаб гьабичIо,
ГьечIеб гьечIилан тана,
КIудияв БетIергьанас
Кьуралда разилъана.

ГьечIо ва букIинчIо дир
РакI бахиллъулеб яшав,
Гьаб мискинаб бечелъи
Бичаяс кьураб буго.
КьуртIа гъотIол гIадинаб
ГIумру букIана, гьудул,
Гьуригун гIазу ва цIад
Даим тIаса унареб.

Гьез ругьун гьавуна дун
Дунял– гIалам бокьизе,
Пашманлъиялда хадуб
Рохел букIин бичIчIизе.
Гьанже хабал рагIалде
ГIумру щвараб мехалда
Вохула дидасаго,
ХисичIин, накIкIил гьветIлъун.

Дида гIемер рихьана
ГIумру учуз гьабулел,
Учу-чу гьабулаго,
Гьаб ракьалда рукIарал.
Гьелги ана гьаниса,
Ина дунги, къо щведал,
Къосине течIо къисмат,
ХисичIо дир хасият.

Аллагьасе какги бан,
Каранлъ лъикIлъиги цIунун,
Лъихьго жахIда ккечIого,
Ана, гьудул, дир гIумру.
Дун лъидаго лъаларо –
Лъала цо Аллагьасда
ГьебгIан кIудияб талихI
ГьечIо гьаб ракьалда тIад.

Дун магIарулав вуго.
ГIад гьавун вукIунарев,
МагIарул мацIги, цIарги,
ЦIаги рекIелъа инчIев.
Дуцаго пикру гьабе:
– Кинав нилъер мискинав? –
Мусруги гIун вугев дун,
Дунялго гIоларев мун.

**МухIамад ГIАБДУЛХIАЛИМОВ**
**(1936)**



## РИТIУЧIИЛ ТIИНЧI

Рогьунеб мехалде ритIучIалъ гьабуна тIинчI. Хъибихъараб миккил гъотIода гъоркь, гIурччинаб тамахаб тамалоялда тIад бижун бачIана цIияб рухIчIаголъи – тIогьилаб, биччараб гьанал горо.

ТIоцебесеб минуталдаса нахъего, хIалимаб эбелалъул тIалаб-агъазалъ кверде босана гьеб: чIикIана, бакъвазабуна, беэдана, тIоцересел хIеренал, хинал рагIаби абуна. Минуталдаса минуталде рухI бижун бачIана гьелда, чIаголъун лъугьана гьеб.

ЦIияб рухIчIагоялъиялъ бетIер кодобе босана, бохдул рагъаризаруна. Гьелъие тIаде бахъине бокьана. Цин нахъисел бохдузда тIаде бахъана гьеб, цинги – цересездаги ва… тIубанго бахъун чIана. Тартадилаго, гьорохъе харил гIучI гIадин, гьетIарилаго, бахъун чIун букIана гьеб. ХIалакъаб ва хIаликъаб бугониги, бараб заманалда рекъон гIемерго чIаголъи бачIун букIана гьелда. Гьелъул бегIераб хIеренаб ва халатаб кIал, гьунарго гьечIого, эбелалъул чехьалда тенкана ва хехго хинаб рахьдал цIезе гьабуна жиндирго чехь.

РитIучIил тIинчI дунялалде лъугьаралдаса лъикIаланго заман ана: цин букIана цIахIилаб, тамахаб рогьел, цинги бачIана радал гIуж, гвангъараб, кьер-кьераб, гIемерал ва батIи-батIиял сасазул цIураб. Гьале къоги – бакъулаб, хинаб, гIодобе биччараб. Къалъул гIужалде тIинчI гIемерго кIудияб гIуна, гвангъана берал, гIакълу щвана гьелда, щулалъана бохдул.

ЛъикI букIана гьелъие тIалаб бугеб ва бокьулеб эбелалда аскIоб. ЦIакъ лъикI букIана.

Гьеб мехалде бакъана эбел, чехь чIобоголъун, рухI тIагIун лъугьана. Ургъелалги тIалабалги цIикIкIиндал, квен балагьизе заман цIакъ дагьабго гурони букIинчIо. Бихьулищ гьанже гьеб, цебе гIадин, кида бокьаниги кибе бокьаниги ине бегьуларо. Бакъун чIезеги рес букIинчIо. Бакъараб эбелалда лъимадуе рахь букIунаро. Гьебин абуни, кваназе жеги лъалареб лъимадуе, чара гьечIого хIажалъула.

ТIинчI унти гьечIеб, сахлъи щулияблъун, къуватаблъун лъугьиналъе эбелалда гIемераб рахь букIине ккола.

Гьале эбел кIудияб рокьигун, тIалабгун ва жеги кинабали хIинкъигун балагьана жиндирго лъимадухъ, кIиго-лъабго нухалдаги гьелъул мугъзада мацI бахъана ва… цебеса хьвана. ТIинчI тохлъарабго, гьелдаса балъго ана. Жиндиего кваназе жо балагьизе ана гьеб, лъимги гьекъезе кколелъулха.

ГIебеде битIун кIалгун, рахъ-рахъалдеги буссун, махI сунтIулеб, сверсведилеб букIана дир Тарзан, хехго росун хIатIалгун, ине лъугьана. Добасан сверун, гьанисан тирун, гьелъ дун ритIучIил тIанчIихъе вачана.

Ниж аскIоре щвараб мехалда, гIебеде ритIун битIахъе ботIрода гъоркье риччан нахъисел бохдулгун, ракьалда тIепун чIун бугоан гьеб. Гьединаб къагIидаялда чIеялъ чундузе рес кьола нагагь хIинкъи тIаде гIагарлъулеб бугони, хехго тIаде бахъине ва лъутизе.

Гьелда аскIобегIан гIагарлъулаго, дица Тарзан чIезабуна. ГьитIинкIаб ритIучIин абуни, нижер сасги рагIун, нижеда бихьичIого букIине, жеги цIакъ ракьалде тIепана, ва гьелъ берал къанщана.

Амма Тарзан, дихьги гIенеккичIого, унеб букIана, ццим бахъарав дица гIодосаги босун кодоб щвараб жо, турараб цIулал кесек, гьелда речIчIана. Тарзан кIусун чIана.

ЦинтIаго ритIучIил тIинчI, эхеде кIанцIун бачIана ва, нахъасан рахъги эхе-эхеде рехулаго, нижеда аскIосан тIурун ана.

– Бэ-э…Бэ-э-э!

Гьеб букIана тIанчIида данде бортун бачIунеб хIинкъараб ва ургъалилъе ккараб эбелалъул ахIи. Жиндиегоги кIудияб хIинкъи бугониги, гIедегIана гьеб тIанчIие кумек гьабизе, балагьалдаса рикIкIаде гьеб бачине.

Эбел, бихьулеб букIахъе, тIанчIидаса рикIкIаде ун букIун гьечIо.

Эбелалъ гьеб нахъеги жибго цохIо тана.

Къо къалъудаса кьурана. Бакъуца сверухълъи хинлъизабуна: мугIрул, рохьал, гьава. Лазатго букIана гьитIинкIаб чанил тIанчIиеги. Гьеб дагьаб бакъун букIана. Бакъун букIин гуребги, гьелъие цIакъ бокьун букIана хIикматазул цIураб дунял бихьизе, тира-сверизе бахъине, амма хIинкъана – бакI-бакIалдаса рагIулел сасазухъги гIенчIелаго, додинго тIепун чIана.

Гъоба гъоркьа гьелчелаго чвахулеб гIурул хъудиги, гъутIбузул рагъарулел гIаркьелалги, роржанхъулел – пархолел хIанчIиги, гьезул кьер-кьерал бакъналги, аскIосан бекерун унеб гIанкIги, кIанцIун бачIун, цебе рещтIараб кIудияб гIурччинаб гарцIги – кинабго, кинабго гьелъие гIажаиблъилъун букIана, киналдасаго гьеб хIинкъулеб бакIана.

Гьале гьелъул цIодорал гIундузда рагIизе лъугьана эбелалъул гьаракь, гьелъул тIадагьаб хIатIил сас. Лъимада гьеб лъана. Гьелъулъ гьелда лъалеб кинабалиго рекIее гIагарлъи, хаслъи букIана.

Гьанже бегьула тIаде бахъине, чехь хинаб рахьдал цIезабизе ва жеги басандизеги, аскIоб бугеб кIудияб гIурдахIанида гьаругьинан махI сунтIизеги.

РитIучил тIанчIие цIакъ бокьун букIана щибаб жоялда аскIобе щвезе. Гьезул махI сунтIизе, лъикIалан гьезухъ балагьизе ва жеги кIал хъвазеги. Амма гьаб щиб гIаламат? Эбел рахъ-рахъалде буссунеб буго, гIенеккулеб буго, цIодорго буго.

ГIумру бихьараб, кIудияб эбелалда гIадин, жеги рукIун течIеб тIанчIида щибха лъалеб хIинкъи щиб жояли, сундаса хIинкъизеги цIунизеги кколебали, сундаса кколаребали. Тушманзабийин абуни рохьор дагьал рукIинчIо.

ХьвагIезабулаго гьитIинаб бетIергун, эбелалда данде бекерун ана гьеб. Тенкезабун эбелалда кIалгун, моцIу балагьана. Эбелалъ гьеб беэдана, хIеренал рагIаби абулаго, чIикIана.

Рахьдал цIезабуна чехь. ГIорцIараб тIанчIилъе аваданлъи, къуват, бахIарчилъи рещтIана: сверухъе ругел хIикматаз гьеб ахIулеб букIана. Минуталдаса минуталде, рухI речIчIанагIан, бохдузда хIал щванагIан, кIанцIезе, бекерахьдизе, цIиял бакIал рихьизе хIасрат цIикIкIунеб букIана гьелъул. Бугониги щибха, жеги хеккого букIун батизе ккола, эбелалъ гьеб кибениги биччачIо.

Гьале нахъеги, лъазего лъачIого, аскIоса тIагIун батана эбел.

ТIанчIида бегун чIей чIалгIана. ТIаде бахъана, амма, кинабали лъалареб сасги рагIун, добго хIинкъиялъул асаралъ нахъеги бегизе, хинаб, тамахаб тамалоялда тIад додинго кьерун чIезе тIамуна.

Гьелда бегун чIалгIана, гьелъ тIаде бахъине хIукму гьабуна. Доре-гьанирехун галаби тIамуна, эхеде бетIерги борхун, борхатаб хъахIилаб зодихъе балагьана, бакъуца гьелъул берал рухIизе гьаруна. ГIодобе къулизе тIамуна. Гьениб аскIоб гъотIодаса гъотIоде кIанцIана тIадагьаб гвангва – ритIучIил тIинчI тIуркIун бахъана ва нахъеги ракьалде кьерун ана. Эбелалъ малъун букIана гьелда цIодорго букIине кколилан, рикIкIаде ине бегъуларилан.

«Гьаб тIаде бахьинги билълъанхъиги, хIакъикъаталдаги, махсара букIун гьечIо», – ян хIисаб гьабуна гьелъ, ракьалда тIепун букIаго.

Бакъ тIерхьунеб мехалде эбел бачIана. Гьеб бихьарабго, бохараб тIинчI, тIаде бахъана ва данде бекерана. Эбелалъул хинаб цIураб моцIуялда кIал тенкезе гьабуна.

Кутакалда тIагIамаб рахьдал чехьги цIезабуна, эбелалъул къвалакь, щибгIаги ургъел яги хIинкъиги гьечIого, рохьил сасалъухъги гIенеккун, бегун букIана гьеб.

Гьедин букIуна эбелалда кодоб лъимер.

Цинги гьеб кьижун ккана.

РогьинегIан цадахъ рукIана гьел: эбелги тIинчIги.

Нахъисеб къоялда эбелалъ гьелда – гьанже цо тIубараб къо бараб тIанчIида – бихьизабуна гIор, бачана лъим гьекъезе хIорихъе, тиризе гьабуна тIугьдузул ва хурдузул гьайбатал махIазул цIураб расалъуда, свердана тIадагьаб гьорохъе шуршудулел берцинал тIугьдузулъ.

ГьитIинаб ритIучIил тIанчIида бихьана гIажаиблъабаз цIураб кIудияб дунял. РитIучIил тIанчIие гьеб кутакалда рекIее гIуна.

Гьеб кинабго букIана гIумру, цIакъго берцинаб гIумру!

**ГIарип РАСУЛОВ**
**(1936)**



## «МУГО ВЕЦЦИЗЕ БОКЬАНИ…»

Жигарав хIалхьи лъаларев инсанилан абулаан магIарулазул пагьмугьунар тIокIав хъвадарухъан МухIамад Сулимановасде. Ункъо соналъул ВатIанияб рагъул боркьиги кьогIлъиги нахъа таниги, гIемерал гIолилалцин рухIдалъун рукIунаан МухIамадил хIаракаталда.

Цо нухалъ гьес копоего гIадин бицана:

– Гьал къватIул гьекъолдухъабаца чамго нухалъ дир дачаялъул нуцIа бекун батана. Щай? Гьекъолеб жо балагьизе. ХIалкъарав дица, дир нуцIиданиги гурхIилилан, гIаркъил шишаги ччугIил кескалги холодильникалъур лъуна ва тIомгIанасеб кагътида хъвана: «Ле, нуж рохун таял гьалбал, кIалтIа тIамураб хIатIалрацIцIалда гъоркь лъун буго кIулги, жаниб гьалмагъар гьабичIого, нужеего тараб жоялдаса пайдаги босун, унелъул батараб къагIидаялъ рахан те нуцIа».

Чамго къоялдаса дун дачаялде щвана. НуцIаги ричIун жаниве лъугьиндал, столалда тIад бугоан чIахIахатIалъ хъвараб тIамач. Гьелда хъван бугоан: «Мун гIумруялдаса вохун таяв хъвадарухъан, нижеда лъала мун сахаватав рес бугев чи вукIин. Амма вихьула мун нижее къарумлъун вукIин. Кибе араб доб цIваби гIемераб коньякги багIараб ччугIил чIегIерхоноги? РакIалде ккола хадусеб нижер сапаралда гьез дандчIвай гьабилилан».

## ГIАДАНЛЪУН РИКIКIАНА

Лъабкъоабилел соназул ахиралда гIемерлъун рукIана Болгариялъул Родоп округалъул делегациябиги нилъер вакилзаби гьенире гьоболлъухъ хьвадиги. ГIемерал соназ журналистлъун хIалтIарав ГIабдулаги, къватIисеб улкаялдаса гьалбалгун цадахъ, Дагъистаналъул районал сверизе ун вукIана. Гьес цоцазул хIурматалъе нугIлъун букIине, родопалъуласулгун тIагъур хисун букIана.

Цо пуланаб росулъе рачIунелъул, ГIабдула делегациялда цеве– цеве унев вукIана. Райцентралъул майданлъиялда, цадахъ хIакимзаби ракIарун, бухулеб къалигун, къвакъвадулеб зурмагун дандчIвай гьабулеб букIана

гьезда. ТIоцебе къвалги бан, районалъул хIакимас, гьаракь борхун, ахIана: «Добре дошли, другари!» – йилан. Гьайгьай, журналист анкьзобалазде вахун вукIана, ракIалдаго гьечIого гьесие гьабураб хIурматалъ. Районалъул хIакимасда ккун буго ГIабдула вугин бетIерав гьоболин. Вохиялъги чIухIиялъги журналистасул гьаракь борхун буго гьениб. Гьалбадерил делегациялда гьоркьоб гьасда бихьун буго обкомалъул вакиласул кьварараб, хIинкъи кьолеб килшил хьвагIи. Амма гьеб параялъ, жив гIаданлъун гьезда вихьараб гIужалъ, гьасул жанисеб гьалаглъи, гьалдей гIодицинабизе кIалеб къуват бугин кколароан.

## МАЛЪАРУХЪАН

ЦIакъ лъикIаб драма хъван бугин жинцайилан театралде вачIанщинахъе пударулев вукIунаан Ибрагьим. Гьесул ракIчIей чIалгIарав бетIерав режиссерас гьев ахIана жиндирго «гIакъилаб пьеса» коллективалъе цIализе. Гьаракь битIиялъе ухIудиги гьабун, Ибрагьимица пьеса цIализе байбихьана ва щибаб лъугьа-бахъин артистазе баян гьабизе жувалаан.

– Гьаб бакIалда балагьараз кутакаб хьатчIвай гьабизе ккола, – ян гIенеккаразе баян кьолаан пьесаялъул мухъал цIалулаго гьес. – Гьаб бакIалда роржун рачIине ккола сценаялде самолетал. Дора нахъасан гьанире гирун рачIуна лъабго ягиункъо танк. Гьаб бакIалда ралагьарал гьештIезе ккола. Гьанир киналго релъанхъула…

Гьасул чIорогоял баянал чIалгIарал артистал рази гьечIого хъудана. Вахъун вачIана цо херав актер:

– Ле, Ибрагьим, гьаб бакIалда дуца гьеб дурго гIахьучIги данде чIвала ва ракIчIун галабиги росулаго, театралдаса нахъе инеги ккола.

Гьаниб букIана унго-унгояб релъанхъи.

## МУСТАХIИКЪАБ ЖАВАБ

Цо къоялъ бакъанида дихъ рещтIана росулъа вачIарав кIиго гьобол. Рокъой хъизанги гьечIого, дунго лъугьана гьезие чайниги хIадуризе. Лъадиялъ лъураб бакIги лъаларого, таманабго заман ана чай балагьулаго. Гьоркьосанго гьезул шуршуриялъулъ дида рагIана: «Гьаз чай чакар жанибе бандай гьекъола? – ян цояс цоясдехун абулеб. Ццидахун вугев дица гьезда абуна:

– Нижер гьаниб чакарги ракIалда чIезабун гьекъола чай, – илан.

## РАКIАЛДЕ ККУН

Хъвадарухъан ва журналист Дмитрий Трунов вукIана махсара-хочIалъул чи. Гьесие цIакъ рокьулаан анекдоталги… гIаракъи речIчIизабизеги.

Цо нухалъ нижер лъабго-ункъоясдасан данделъараб къукъа щвана къаде кванaзе ресторaналде. Гьенив, живго цохIо янгъизго, столалда нахъа гIодов чIун вугоан Трунов. Гьеб букIана лъабкъоабилел соназул хаслихълъиялъул къо. Труновас нижееги гIураб квана-гьекъолеб жо бачIинабуна. Цо заманалдаса Дмитрий Иванович гIодизе жувана ва магIил мацIалъ абулеб бугоан: «Хъурумсахъаз Лулумба чIван рагIула».

– Дуе гьелъул бугеб ургъел щиб, Дмитрий Иванович? – ан гьикъана дица. – Дуе гIагарав, гIунтIарав гьечIелъул гьев.

– Дидасаги гьитIинав вукIун вуго гьев, – абун бералги рацIцIунаго, жаваб гьабуна гьес. Цинги къокъабго лъалхъиялдаса хадуб, рукIалидеги вачIун, гьес тIадеги жубана: – Досулни дие ургъел гьечIоан, додинаб къо дидеги бачIинин ракIалде ккун къварилъана дун.

## ПАЛИХЪАН

Росдал бихьиназда цеего рихун йикIана палихъан Зури. Гьей сабаблъун гIемерисел хъизанал кватIизегIан къаси квен щвечIого хутIулел рукIана. Щайин абуни, гIемерисел лъудби бакъанидего гьелъухъе рекерулаан жидерго букIинесеб къисмат лъазабизе. Гьеб кинабгоги ригьалдаса арай Зурица, квенчIелалда шагьи-параялъул шуршур бахъинчIого, гьабулароан. Гьелъ пал тIамулеб бакI букIана жиндирго рукъалдаса цо авалалъ гIадин рикIкIад, гIемер чагIазул бер-кIал щолареб, гIадамаз рехун тараб корохъ. КигIан рокъоб дагIба-рагIи ккананиги, руччабазда Зурихъе хьвади тезабизе кIолеб букIинчIо. Гьелъие «дарман» батуларого бихиналги чара хун рукIана.

Цо нухалъ, битIун завалалда палида йигеб гIужалъ, корохъе векерун вачIана ичIго сон барав ГIали. ХIухьлада хехлъун, гьес азбаралдасанго ахIана:

– Ункъачо Зури! Ва ункъачо Зури! Дур рукъалда цIа рекIун буго! Хехго! Хехго! Хехго! Палги рехун тун, горсвери гьабун ругел руччабазул тIалабги гьабичIого, кара бихharай Зури, гьороца босараб бакъвараб тIамах кинигин, жиндирго минаялде цее щвана. Амма хис-бас гьечIого, маркIачIул гьапуллъиялда бугоан гьелъул мина.

Руччабазда бичIчIана: жидее къисматалъул букIинесеб бицуней Зурида лъалеб гьечIолъи жиндирго букIинесебцин.

## АРБА НИЛЪЕЕ ЩАЙ?

Цо заманалда Дагъистаналъул радиоялъул бетIерлъун хIалтIулев вукIана халкъияв шагIир Анвар Аджиев. Завхозлъи гьабулеб букIана ригьалдаса арав СалихIица.

Цо нухалъ кагъталги рега-ритIулаго, гьезда хъвараалъул тIубараб магIнаги бичIчIуларого, коридор ккун унев СалихI лъалхъизавуна радиоялъул музыкаялъул бетIерав редактор, кIудияв махсарочи Владимир Сперанскияс.

– СалихI, ургъел чIварав гIадин вихьула гури мун, щиб ккун бугеб?

– Валлагь, Володя, дида ккинго бичIчIуларо, щай Москваялъ нилъее арба (гьоко) битIун бачIарабали. Багьаги буго гьелъул зодихъе бахараб.

– БитIараб буго, нилъее хIажат гьечIо гьеб арба, – абун, сихIирго гьим–гьидана Сперанский.

– Гьедин дица бетIерасдаги абила, – ян СалихI таваккалго цевехун ана.

Аджиевасухъе вачIунаго, гьас рахIатхун, хIакимасда абуна:

– Гьаб арба нилъее щай? – абун.

– Кинаб арба? Нилъее хIажатаб жо гуро гьеб.

Гьеб параялъго тIаде вачIана Сперанский.

– Гьал документалги гьеб арбаги нахъбуссинабизе ая, СалихI.

– ЧIа, чIа, чIа, Анвар ГIабдурашидович, – ан гьазул харбилъе жувана бетIерав редактор ва жиндеего хасиятаб гьимигун гьев столалде цевегIан къана. – Дица СалихIие махсара гьабун букIана. Гьеб арба гуро, Анвар, гьеб арфа буго, музыкаялъул гьаракь берцинаб алат. Щуго соналъ нилъеца Москваялда гьарараб ва гьанже оркестралъе бачIараб арфа буго гьеб.

**МахсутI ЗАЙНУЛГIАБИДОВ**
**(1938)**



## БИДУЛАЗУЛ ЯГЪЗИНЛЪИ

*(«Рагъ» абураб поэмаялдаса)*

**КъотIарал бутIрул руго**
**ТIилазда чIван доз тарал,**
**Гъаб рагъул гIадат гуро,**
**ГIантаб фашизма буго.**

**Балагьун руго диде**
**Дол чIагоял кинигин –**
**Камилал гьурмал ругел**
**Гьайбатал гIолохъаби.**

**Бицана кинабниги**
**Ккараб куц бихьараца,**
**ГIанди гIурул лъим буго**
**МагIуялъ гIемер гьабун.**

**ГIасилъиялъул кутак**
**Киданиги рагIичIеб –**
**ЧIагояв гIадамасул**
**БетIер хъухъан рехулеб.**

**Дида рагIун букIана,**
**Даджал вахъараб мехалъ –**
**Хъухъадиро букIинин**
**Гьесухъ гIазаб гIеялъе.**

**Дида бицун букIана,**
**Асир, гIодовги тIамун,**
**ГIиялъажо кинигин,**
**Хъвелин гьесул бидулаз…**

**Бо буго кIиабилеб**
**Августалда бахъун чIун,**
**ЦIумада районалде**
**Амруялъухъ балагьун.**

**Гьелда цеве вахъун чIун**
**Вуго Басаев Шамил,**
**Хьолбохъ гьесул хан вуго**
**Хаттабилан цо жаллат.**

**– Тоге бетIерги черхги**
**РекIун гIурус васазул,**
**Расги квер тIуркIичIого,**
**ЧIван лъе милицабиги.**

**БутIрузул щибаб росулъ**
**Сверун чалаби гьаре.**
**Биччай данде чIаразул**
**Улбуца магIил тIезе…**

**ГIалхулал тохлъукьего**
**Топ бан тIаде кIанцIана,**
**Нахъе къан рорчIичIезул**
**Къан рухьун руго кверал.**

Камилаб бакъул къоялъ
Къаде как балеб буго,
Киназулго хъаталги
Цере ккун гьари буго:

– Огь, Аллагь, гьаб тамихIалъ
Тушман виххизавила,
Хвел гьечIел вагьабияз
Гьаб ракь мукIур гьабила.

Гьабуна дуца кумек
Макка бахъизе нижей,
Маккаялъул малъгицин
Гуро Дагъистан нижей.

Дуца цо дагьабгIаги
ГурхIел нижее кьоге,
КьогIлъи, хъачIлъи цIикIкIине,
ЦIоб гьечIеллъун гьадин те.

Изну гьечIониги, ниж
Журала гьаб гIи хъвезе,
ГIадамалилан гьазда
Нижеца абуларо…

Я, Аллагь, гьал рагIаби –
ГIенеккизе кIоларел!
Биччаге гьаб гIасилъи,
Гьал гIолилал васазде!

Дуда рихьулел руго
Хъухъадираби гьазухъ.
Биччай ганчIил цIералъул
ЦIад гьазул бетIералде!

Бахъана хъачIаб гьаракь –
Моторалъул хъирхъиди,
Хъухъазе тIаделъулев
Вуго щивасда бандит.

Балагьулеб кин, дунял,
Доб зобалъул бералъ мун,
Гьаб бетIер къотIиялъул
Къиямасеб къоялде.

Руго хъухъадиродал
Хехго хьвадулел цаби
Хъвалел чохьол эбелалъ
Къвал барал габуразда.

Бадиб, каранда буго
Бидулазда би бахун
КъотIарал бидурихьаз
Фонтаналлъун речIчIулеб.

Сородилел, тIеркIелел
Гьел къаркъалабиги ккун,
Бидул цIезе гьарулел
Ругоан гьаз балонал.

Балагьизе кIвечIого
ТIурун унел гIадамал
Бандитаз тIадруссине
Гьарулел руго гьанир.

Гьал мугIрул гьаргьадилеб
ГIодилеб гьаракь буго,
Гьединги риччан течIо
Жаллатаз нахъе унел.

ГодекIан сверун чIвана
Вагьабияца гIурдул,
Бана щибалъул тIогьиб
Бида бецIцIулеб бетIер.

Буго ярагъ зваргъолеб,
Руго гьел рекердулел,
Гор гьабун, рорхун, риччан
Жазмуялда гъуждулгун.

Буго «Аллагьу акбар»
АхIулеб гьазул кIалаз…
КингIаги нечоларел
Бичасул цIаралдаса!

Гьал ахирги свакана,
Сверун гор гьабун чIана.
Гьанже риххизе тана
РахIму гьечIел гIадамал.

– КьуричIого тIубазе
Гьабе Хаттабил амру! –
Абун ахIулеб буго
Бидулазул бетIерас.

Амма гьаваялдасан
Раккарал вертолетал
ТамихIалъе РахIаманас
РитIарал гIадин ккана.

Саранча рахъ-рахъалде
Рехъен гIадин щущана,
Жидедаго щолелъул
Щвара-щваралъур къана.

Жидерго би баккидал
Баккана гьазул магIу.
ГIадатIа цIа бакидал
ЦIулъана гьазул ракIал.

ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА
(1960)



## ДАГЪИСТАН

Дагъистан, Дагъистан, дур тарихалъул
Тахида рукIараз тана дуниял,
Амма кьуричIого буго АхIулгохI,
Аралъул нугIзаллъун – даимал мугIрул.

Мун квегъизейилан вачIанщинав шагь
Шагьидул багьагун тIад вуссун ана.
Дуде хьвагIанщинал чияр хвалчаби,
Чармил наслу батун, бода сурана.

Дур тарих цIалула ГIандаллъиялда,
Гьеб биялъ хьван буго ХицIиб мегъалда.
«ЧIамун къватIибе туй гьеб гулла!» – йилан
Васасде ахIдолев дур Пирил Рекъав.

Дур гъазаватазулъ гъеж гурараզул
Цо гъежалъе дица накаби чIвала.
Даларав гьебги тIун, тушбаби хъолев
Хунзахъа ГIалибег – мугIрузул барти.

Дур Шамилил байрахъ – АхIулгохIалда,
Дур Расулил шигIру – Дуниялалда.
Дур Устарзабазухъ – АлхIамдулиллагь!
Гьел цIуниялдалъун цIуне ниж, Аллагь!

Дагъистан, Дагъистан, дур кьурабазда,
Дурго цIумаз гуреб, лъеларо бусен.
Лъимер ганчIида лъун, дур магIарулалъ,
МагIу тIинкIичIого, хьвагIила хвалчен.

Чуязда гIадинал рукIинчIо чагIи,
Чиярав гурони, вукIинчIо тушман.
Чуялги чагIиги кIочон течIони,
ЧIаго букIина мун, нижер Дагъистан!

## ШАМИЛИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЕЧI

Рогьел тIогьазда тIад буго рещтIунеб,
Шамил как бухьине вуго къачIалев.
Къуркьизе къасд гьечIел магIарулазул
ГIурччинаб байрахъалъ буго бицунеб.

«Воре, муридзаби, гъазават!» – илан
Имам чоде тIаде вахунев вуго,
Хвел гьечIел ишазе къеркьезе ругин,
Рачлихъа гьес хвалчен бахъулеб буго.

Чуязде рахана мугIрузул цIумал,
ЦIадулъе лъугьана лъийго къуличIел.
ЧIухIиги цо буго, ццинги цо буго,
Беразулъ кIиябго багъулеб буго.

Балагьлъун лъугьараб агьлу гъурейин,
Аллагьги рекIелъ ккун, имам кIалъана.
Нилъерго ракьалъул къадру цIунейин,

ЦІоб тун, тушманасул горулъ тІерхьана.
ТІаде балеб бугеб гуллил цІадалъан
Лъудби россабазда хьолбохъ рагъула.
Жеги киниялде къуличІел ясаз
ГІагараб ракь цІунун сардал рорчІула.

ГІоди гьезда жакъа кІочон тун буго,
КІазал бутІруздаса ротулел руго,
Гьоболасда цебе квен лъун ругьунал
Квераз тушманасе хвел кьолеб буго.

…Тушман нахъе къалеб къалъул гІужалда,
Шамилил магжиде магІу гирана;
Хварай эбелалъул керен хахулеб
Лъимер гьаругьинан каранде къана…

## ДУН ХУРИЕ ЯЧЕ, ХИРИЯЙ ЯКЬАД

Дун хурие яче, хирияй якьад,
Ракьулъ йигей эбел ракІалде щвезе.
Дун магъилъе яче, росасул эбел,
Араб дир лъимерлъи дуде чучизе.

Чапулаан дойги, ссанда гІодой чІун,
ГІодулаан гьений жиндир эбелин.
Угьдулаан дойги, рагІдукье йилълъун,
Гьаб гьотІокь долъ жиндир гъалал хьухьанин…

Унезул магІуги гІолезул кечІги
Камилго гьурщулеб, огь, магІарул хур!
МегІергІан борхатаб магІарул намус
Ясазулъ куцалеб улбузул мактаб!

Хурул ссанда кьураб цо дарс букІана:
Эбел-инсул рукъ тун унеб къо щолин,
Дур рос гІезаврал гьесул умумул
Дуралго гІадинан рокьизе кколин.

Яче дун хурие, хирияй якьад,
Мун эбеллъун тела, дун яслъун чІела,
Мун рази гьайизе дир рокьи гІуни,
Ракьулъ йигей эбел йохун йикІина…

**МухIамад ПАТАХIОВ**
**(1962)**



**ЖАКЪАСЕБ МАРГЬУ**

МагIарулав вугевила,
МагIарул цо росулъила,
Росдал гIамал– гIадаталда
ГIумруялде ругьунлъарав.

Лъимер эсул – цо ясила,
Цоги рижи гьечIебила,
ЦохIо йигей эй ясалъулъ
Инсул талихI бугебила.

Ясгиха эй ракьалда тIад
ТIокIай гьечIей гIадайила,
РагIабаца борцунареб
Берцинлъиги элъулила.

ГIамалгиха, гIаламалъе
Мисал гIураб бугебила,
Махщел-гьунар халкъалъего
Къадру тIокIаб щварабила.

Элъухъ хIакъдон хIацIдарилел
ЩIер гIадинго васалила,
ХIалхъублъиялъ ракIал кванан,
Киналниги ясалила.

ГъарунчагIи гIемерлъиялъ
ГIакълу биххун эменила,
Эсул хIукму хIакълъизегIан
ХIохькъотIун чIун ясгийила.

Ругилаха энир рещтIун
Щват бугелъан гIолохъаби,
Эл васлги рачун щварал
Умумулгин вакилзаби.

Щивас жиндир ирсиласул
Ассабщинаб беццулила,
Базаралда къайи гIадин,
КъватIибе бан, гьурщулила.

Палугьанги энивила,
Анкьгьунарин цIар рекIарав,
ЦIулал устар эзулъила
Ишан-накъищ варакъулав.

ГIакълу-лъаялъ
лъалкIал тарав
Тавуш арав гIалимила,
ГIажаибаб пагьмуялъул
ПасихIатав шагIирила.

Суратчиги, чотIахъанги,
Чанахъанги щун ругила;
ЩагIихъанги, гIияхъанги
ГIадамалъ цIар аралила.

Абулезул сияхI кьезе
Сордо-къоцин гIеларила…
ГIаламалда цIар рагIарав
ЦIогьоргицин вугевила.

**Эб кIудияб къапиладалъ**
**Къабулав дурц кин вищилев?**
**Ункъабго рахъ рекъарав вас**
**Ясалъе кин валагьилев?**

**Пикрабиги щущан инсул**
**АнцIгониги къо анила,**
**Ахир-къадги гIакълуялъе**
**ГIагарлъи эс ахIанила.**

**ЛъикIлъи-квешлъи,**
**ками-тIокIлъи**
**ТIолазулго борцанила,**
**Бугеб-гьечIеб, щолеб-толеб**
**Тартибалда рехсанила.**

**Ригьнал суал бахIсалъе лъун**
**Саламатаб мех банила,**
**«МахIшаралъул цIадираби»**
**МоцIалъниги хIалтIанила.**

**НуцIикIалтIа гIолохъаби**
**ГIенккарилел рукIанила,**
**РакIал жанир, жалго къватIир –**
**Икъбал гьарун угьданила.**

**Анищални киназулго**
**Зобалазда тирулила,**
**ТалихIалъул горду къирун,**
**Бакъ цоясе гьимилила…**

**Мажлисалъул хIукму хIакълъун,**
**Къарал нуцIби рагьанила,**
**Ругьел босун эл васахъе**
**Эмен живго ваккнила.**

**ЛъутIа-къотIун къабуллъараб**
**КъватIибе эс бахъанила,**
**Тухум-кьибил разилъараб**
**Лъазе эзда гьабунила:**

**«Гьунар-махщел инсанасе**
**Бичас кьолеб тIокIлъи буго,**
**Наслабазе расен толеб**
**ТалихIалъул хIуби буго.**

**Батаниги, нилъер къояз**
**ПарччахIлъуда гIарац буго,**
**Элъул чвархъи рагIарабго,**
**Чучулареб гьунар гьечIо.**

**ГIелму-лъайги гIадамасул**
**ГIакълуялъул аслу буго,**
**Эб босизе рес рекъарав**
**Икъбалалъул къвалакь вуго.**

**БукIаниги, бечелъиялъ**
**Бахчулареб щибго гьечIо,**
**Буголъиялъ къвал къачIони,**
**ГIакълу гьанже гьури буго».**

**Гьабин, добин, добцоябин**
**Далилал эс рачанила,**
**БоцIи-рикъзи гIемерасул**
**ГIумру-яшав бецанила.**

**ГIолохъаби эб хабаралъ**
**Хагазарун хутIанила,**
**Херас дурцлъун цIогьорасда**
**ЦIар чIвараблъи**
**хIакълъанила.**

**Ясалъгиха, инсул рагIул**
**МагIна хехго босанила.**
**БукIинесеб цебе чIедал,**
**ЧIухIун, хвезе яхъанила.**

**Бертаде къо цIалевилан**
**ЦIогьор гьенив хутIанила,**
**ХутIанщинал долго нухаз**
**Нахъруссунги рачанила.**

**ГIаишат МАЛАЧИЕВА**
**(1963)**



## КЪОКЪАЛ КУЧIДУЛ

* * *

**Дида кIал гьикъизесеб кечI дихъе бачIунгеги,**
**Дун хIакъикье ккезесеб каламги бижугеги.**
**БачIа, КечI, – ВатIаналъе ритIухъаб хъулухъалъе,**
**Хъвай, Къалам, – Къадирасе бацIцIадаб тасбихIалъе.**

* * *

**ГIалам бижарасе гIибадаталъе**
**Бижараб батаги бацIцIадаб шигIру.**
**ГIадам куцаялъе, гIакълу щвеялъе**
**Къирщараблъун ккаги къалмица зашру.**

* * *

**Дида лъалеб бугищ дунго щвараб бакI,**
**Щибха гьабун тараб гьаниб хутIизе?**
**Бихьулебищ гьечIеб цоял араб бакI,**
**Щиб хIадурун бугеб цадахъ босизе?**

* * *

**АбичIого танщинаб щокъробе бахун буго,**
**Бихьун, бахчанщиналъул бадибчIвай дийго буго.**
**Бегьуларищ, гIадамал, гIадамаллъун рукIине,**
**КIоларищ, нухмалъулел, битIараб нухалъ ине?!**

* * *

**Мугъалъ гъегъги баччун, магълъал гьарурал,**
**Мунагьал чураял, долги – умумул.**
**ГIуру къан хурзалги, ракъван ахалги,**
**Ирсилазе толел, нилъги – умумул.**

***
**Дий рес рекъолебани, къоккедал, йиголъизе –**
**Киназдаго кверчIвазе, камуразе – чед щвезе.**
**СанагIат кколебани, росдайго пайдалъизе –**
**Ккаралъуб – нух къачIазе, гьечIелъуб – лълъим бачине.**

***
**Анседерил гIонсоца рекъасе квер бакъила,**
**Намус рекъав чиясе кинаб гIанса ургъилеб?**
**Гьелъул кумекалдалъун бох гьечIев вахъунчIела,**
**Сунда тIаддай ваччила чилъидул си биххарав?**

***
**ХIакъикье кколила, калам гьабуни?**
**КIалъалареб кIалалъ бахчула такъсир.**
**Кири букIунила, кIалги къан чIчIани?**
**ЧIагояб каламалъ гьабула гьунар!**

***
**РухIазул Барзахалда данделъулел шагьидал,**
**ШапагIат гьарулел ниж гьениса нахъе гъоге.**
**Баркаталъул рагIдукье рачине барахщуге!**
**РахIматазул, киридул кваркьи тIаса босуге!**

***
**Хераб дунялалъул хваял гIадатал –**
**ГIадамазда гьоркьоб кьал тIибитIулел,**
**Хассал росабазул цо– цо гIадамал –**
**Динги гIодобго тун, гIадат борхулел.**

***
**БухIиялъ хIал гъураб, духъе бачIунин,**
**Гъаримаб кечIалда чIухIун кIалъаге,**
**ХIехьеялдаса ун, ахIи тIамунин,**
**ТIогьолаб шигIрудул гьумер бухIуге.**

* * *
**ЛъикIлъиялде руссине гIиссинго ругьунлъани,**
**Лъалаандай тIекъаб нух, мекъи ккарал къасдазда?**
**ГIакълуялде лъай жубан, лъадаризе бокьани,**
**Рехилаандай кьватIел ВатIаналъул къадазда?!**

***
**Цо рес бугев инсан… эсда сверухъе,**
**Азарго гъараваш, нусго хъаравул!**

**Цоги ресукълъарав… эсул къавулъе**
**НуцIа къируларел къадарал чагIи.**

*******
**Чиясул хасият – хIакиммахIасе**
**ХIеренаб мацI бицин, рецц-бакъгун къули,**
**Гъесул цоги гIадат – гIодов вугесде**
**ГIадамлъун хIачIого, хIапдон ругьунлъи.**

*******
**Мун гIаданлъун йикIараб – ракIалдаса унаро –**
**ГIадатияб халкъалда ругьунабго хIалалда.**
**ХIакимлъиялъул болъо бахин, – бахиллъуларо,**
**Болъодул хIокIал гIадин, – гIадамал мерхьун индал.**

*******
**Дир мадугьалзаби – дир гьудулзаби,**
**Дингин, мацIгин, миллат батIиял чагIи –**
**БатIаго, тIокI гьарун рижунищ ругел –**
**Бидулги тIомолги кьерцоял чагIи?!**

*******
**ХIехьезе кIолареб талихI кьогеги,**
**РегIила гIедегIун росурагIалде.**
**ГIорхъолъа борчIараб гIарац щогеги,**
**Щвела гьеб ахирги ирга гьечIехъе.**

*******
**Вас гьавурай эбелалъ нусго сон тIубаларо,**
**ТIаса ургъел босараб сордо-къо гьес толаро.**
**Гьел рокъой руссинчIого, макьу щун, кьижуларо,**
**КъватIибе гIенеккараб ракI гIодой буссунаро.**

*******
**Бихьинавщинав чи гIакъилав ани,**
**ГIадам чIвалароан гьаб дунялалда.**
**ЧIужугIаданщинай гIадан ятани,**
**ГIумру тIегьалаан ракьул гьурмада.**

*******
**Дур гIунгутIабицин берцинал руго,**
**Цогиязул цо-цо тIокIлъабаздаса.**
**Дур гIайибалгицин гIиссинал ккола,**
**ГIелму босаразул мунагьаздаса.**

## ГІайшат ГІАЛИЕВА
## (1963)



### БАЛЪГОЯБ ХВЕЛ
*(хабар)*

ГІемертІалаязулаб минаялъул тІоцебесеб этажалда букІана шагьаралъул централияб библиотекаялъул филиал.

Библиотекаялъул цІалдолезул залалда цІалдолелниги, хъвадарулелниги, ялъуни газет-журналал регулел рукІунаан, школалъул цІалдохъаби ва студентал, гьединго цоги-цоги ишалъул гІадамалги.

Гьеб библиотекаялде кидаго вачІунаан гьениб мадугьалихъ бугеб минаялъуб гІумру гьабулев Арсенги.

Арсен вукІана цІакъ берцинав вас. ЛахІчІегІераб кІургІараб расги, чІахІиял чІегІерал beралги, биги-рахьги жубарабин абулеб гьурмал кьералъул – кидаго гьесухъ балагьун рукІине анищан кколаан. Гьесие цІакъ бокьулаан тІахьал цІализе, гІемер жоги лъалаан гьесда.

Арсеница лъугІизабуна Астраханалда гумузул механикасул курсал. Гьеб лъугІун хадув эбел-инсуца гьев хІалтІизе витІана ччугІил промыслалде. Гьеб хІалтІи гьесие букІана унго-унгояб рекІее гІазаб кьей. Гьенир тюленал кколел ва чІвалел рукІараб куцалъул ракІ гурхІараб асаргун бицунаан гьес.

- Дида балагьизецин кІолароан гьел чІвалеб куцалъухъ. Гьеб букІана унго-унгояб хъвехъи. Тюленал ккун рачун унелъул ва гьел чІвалелъул гьезул тІанчІазул букІараб чІчІичІчІидиха. ГІундузда жаниб жеги багъулеб бугин кколаан гьел тІанчІазул ракІ гъанцІизабулеб гІассиял гьаркьал. ГІадамал гІадин ахІдолаан гьел, - ан, кІудияб пашманлъигун бицунаан Арсеница гьениб букІараб вахІшияб хІалалъул хІакъалъулъ. Гьев чанго нухалъ гьесана гьениса нахъе ине. Эмен семулаан:

- Киналалиго рухІчІаголъабазухъ валагьизе кІоларев мун кигІан ракІ хІинкъарав чи вукІине кколев? КингІаги дуца гІумру гьабизехъин бугеб? – абун согІго кІалъалаан гьев васасда.

- ХІинкъун гуро, гьезда ракІ гурхІун, - ан жаваб кьолаан Арсеница, лъикІаб рагІи инсудаса рагІилареблъиги лъан.

- ГьедигІан хІеренаб ракІалъул инсан мун ватани кивгІаги мун хІалтІизе вугев? Щиб гьабизе дуда ракІалда бугеб? – ан нахъеги васасда гІайибал чІвазе лъугьунаан гьев.

…Арсен хІалтІизе лъугьана гьебго гамида механиклъун. Цадахъ хІалтІулезеги цІакъ вокьулаан гьев. ХІалтІиги ракІбацІцІадго тІубазабулаан гьес. ГІемер кІалъаларев, гІодобе биччараб гІамалалъул васасде ругьунлъун рукІана гьелги. ГІемерисеб мехалъ моцІги балаан гьес ральдалъ гамида вукІун. ХІалтІудаса эркенаб заманалда Арсен унаан библиотекаялде цІалдезе. Гьединго гьесие бокьулаан гьений хІалтІулей йигей Марямгун хабар-кІалалда вукІине, гьелдехун ургъел бикьизе. Гьелъулги кІудияб гьира букІунаан Арсенилгун гара-чІвари гьабизе.

Марям йикІана тІадегІанаб лъаялъул, хІалбихьи бугей мугІалим. Пенсиялде ун хадуй гьей хІалтІулей йикІана библиотекаялда.

ХІалимаб ракІалъул, гьаракь борхун кІалъаларей, гьелъул киданиги ццим бахъунеб батиларилан кколаан. ГІадамасул ракІ тІаде цІалеб, цо батІияб недегьаб гьими букІунаан гьелъул гьурмада кидаго. Марямица гьираялда къабул гьарулаан

библиотекаялде рачIунелщинал цIалдолел, хIаракат бахъулаан щивасул мурад тIубазе.

Лъай бугев, цIалдезе гъира бугев вас вукIиналъ, Арсен цIакъ вокьулаан Марямие. Гьелъие хасго кIудияб асар гьабулаан цойгидазда релълъинчIеб гьесул гIамал-хасияталъ. Цо-цо мехалъ чай гьекъезе жиндихъего гьоболлъухъги ахIулаан гьелъ гьев. Гьев вукIана цIакъго ракI лъикIав вас.

- Арсен батIияв вас вуго. Гьесул рухIияб дуниял бичIчIизе, гьесухъ гIенеккизе ккола, - ян абулаан гьелъ.

Амма гьев киназдаго гуро вичIчIулев вукIарав, хасго гIелбащадал васазда вичIчIулароан Арсен. ГьалмагълъиялъулгуН гIемер бухьен букIунароан гьесул, гьезда гьоркьов чияравлъун, гьитIинав вас хIисабалда вукIунаан гьев, гьезда данде ккун лага-черхалъ ворхатав, кIигъуждулъа гIебав, къамартIав вас вукIаниги. ГIолохъабазул хабаралда гьоркьовеги лъугьунароан гьев, гьезги гIемер кIварго кьолароан гьесде. ЦохIо жиндиего хасиятаб, жиндаго гурони бичIчIулареб дунялалда вугин гьев абун пикру гьабизецин бачIунаан цо-цо мехалда Арсенихъ балагьун.

Цо нухалда гьалмагъзабигун азбаралда гIодорчIун, жидерго гIолиллъиялъул хабаралда – махсаро-хочIалда рукIана гьел.

- Арсен, гьал киналго ясал дудего руссинарун ругин ккола дуца, цо дур гурони бицунаро гьаз: «…Арсен гьадин берцинав, Арсен додин цIакъав, киназдасаго гIакъилав…». Камалил Баширихъ гIадин, гIищкъуялъ гIадаллъун ругин ккола гьал нилъер ясал дуда сверухъ. Ниж, цогидал хутIарал гьезда рихьуларо, я нижер рагIаби гьезда рагIуларо, - ян абуна, гIадлу гьечIого нададе гьарщун риччарал расалги, расазда гьоркьосан раккун хIалицаго рихьулел ругел маргьалалгIанги гургинал, гIисинал беразул гIолохъанчияс.

- Щиб хабаргIаги дуца ясазда бицунеб? – ан гьикъана цогияс.

- Дун гьезда кIалъазего кIалъаларо. Дун гьезде регIунги вукIунаро, - ян абуна Арсеница, унго-унголъунги жинда ккараб гIайиб бугеб гIадин. КIалъалаго багIарлъун вахъунев вукIана гьев.

- Мун, гIолохъанчи, ясаздеги регIичIого, сунде вуссунгIагиха вукIунев? – ан нахъойги гьев валъаргъине лъугьана гIолохъаби.

- Гьел ясаз дур рекIееги черхалъеги щибгIаги асар гьабуларищ, Арсен? Нижер абуни, цIуяб жо кIалъан хадуса черхго кьурдулеб букIуна. Гурищха, васал? – ан цоцада квералги кьабун, гIолохъаби релъанхъана.

Гьезул гIанчIаб махсароялъ жеги цIикIкIун намусалъул асар лъугьинабуна Арсенил рекIее. Гьев, цин гIодове къулун, цин кIварго гьечIого сверухъе валагьун, щиб гIолохъабазда абилебали лъаларого хутIана. Васаз хадубги ясал-чагIазул бицунеб жидерго махсароялъул хабар лъугIизе толеб букIинчIо. Амма Арсение гьеб киналъулго кеп букIинчIо. Гьесда гьеб чIалгIун, хIатта рихинецин лъугьана. Гьенир, ругелъур гIолохъабиги тун, Арсен гьезда аскIоса нахъе ана. Жив ун хадуб гIолохъабаз гьасул хIакъалъулъ бицунелъул Арсение ургъелго букIинчIо. Гьев жиндирго пикрабазда къватIккун унев вукIана.

Абухъего Арсенгун кIалъазе бокьарал ясал гIемер рукIунаан. Амма гьасие щаялиго кIванагIан гьездаса рикIкIалъизе бокьулаан. Ясалгун кIалъазе я махщел, я хIалбихьи гьасул букIинчIо. Цо кинабали намусаб жиндаго ракIчIейгьечIолъи букIана рекIелъ.

* * *

Къоло лъабго сон тIубан букIана Арсеница эбелалъ тIоцебе ригьин-цIаялъул хабар байбихьараб мехалъ.

- Дуца щай, дир вас Арсен, киданиги ясал-чагIазулго бицунареб? Дур гьечIищ рекIелъ бакI ккурай ясго? Гьадале нилъер мадугьал Саламие Рисалат гьаризехьин рагIула. Цоцахъе кIал щун, рагIи данде ккун бугила гьезул кIиязулгоян бицунеб буго кинацаго.

БитIараб бицани, дидагоги ракIалде ккун букIана Рисалатил хIакъалъулъ дуда абизе ва дуе гьей гьаризе. Нилъедаго цее гIурай, лъикIай яс йиго, эбел-эменги магIна бугел, ресалда ругел чагIи руго. Дица гьелъул бицен гьабидал, эменги разилъана. Дуе батIаго кьечIогойищ гьей телей йикIарай. Вихьизеги рагIизеги, гьадав ясазул саяхъ Саламидаса нусго нухалъ мун гьечIищ, дир вас, лъикIавги тIокIавги, - ан васасдехун ургъел бикьана эбелалъ. – Яги йихьизае цоги дуего рекIее гIолей яс

нижеда. Мун щай гIодове виччан чIун вугев, дуе ригьин гьаби гьеб дур иш гуреб гIадин, - ан, ракIхвараб гIадин тIадеги жубана гьелъ.

Цин гIенеккун чIун, цинги кинаб жаваб эбелалъе кьелебали лъаларого, пикрабазда хутIун вукIана Арсен. Гьеб букIана гьесие бищунго бокьулареб ва рекIелъ унтараб суал.

Арсен эбелалда щибгоги абичIого къватIиве ана ва библиотекаялдехун вилълъана. Гьединаб жиндагоги бичIчIизе захIматаб рекIел хIал бугеб мехалда гьесие бокьулаан библиотекаялдеги ун, гIодовги вукIун цIалдезе, ялъуни Марямгун гара-чIваризе, гьелдехун ургъел бикьизе.

Гьале жакъаги, Арсенида берчIварабго, гьелда бичIчIана васасул цо сунцаялиго рахIат хвезабун букIин.

– Арсен, щибниги ккараб-тараб жо бугищ? Мун цо пашманго гIадин вихьулев вугин жакъа? - ян жиндирго гIодобе биччараб гьаракьалъ гьикъана гьелъ. Цинги гьей гьесда аскIой гIодой чIана.

– Марям-ада, (гьедин хIеренго абулаан гьес гьелде) дида бичIчIуларо хъизан гьабиги, лъади ячинги гуреб цойги батIияб талихIгойищ гьаб гIумруялда жаниб гьечIеб? – ан гьикъана пашманго гьелъухъги валагьун гьес.

– Гьеб щибав чиясда тIадаб жо гьечIищха, Арсен. Щай дуца гьелда гIажаиблъи гьабулеб? Йокьарай ясалъ цосина дуе инкар гьабунцин гурищ?

– Гуро, гуро. Гьелъулъ гуро иш бугеб…

– Цинги сунцаха дур рахIат хвезабун бугеб? – ан хIеренго васасухъ ялагьана Марям. Гьелда бихьулеб букIана цо киналалиго, гъора рекIел гъварилъуда рахчарал балъгоял пикрабаз васасе хIалхьи толеб гьечIолъи.

– Эбел-инсуе бокьун буго дие чIужу ячине, амма дун жеги гьелде хIадурав гьечIо. Гьелъие дир хIалбихьиги гьечIо, - ян рагIун-рагIичIого абуна Арсеница, намуслъун гIодобе къулизе бетIерги биччан.

– Арсен, гьеб кинабго рокьи ккун хадуб жибго бачIуна. Дуе рекIее гIолей яс дандчIварайго, дуегоги бокьизе буго хъизан гьабизе, - ян гьесул ургъел бигьа гьабизе бокьун кIалъана Марям.

– Рокьи… Ясал… Щай гьеб кинабго? Дие гьадинги квеш гьечIо, - илан хIал хисун лъугьана Арсен.

Столалда тIад лъураб гьесул квер сородулеб букIана. Нагагь гьесул ракI лъукъараб рагIи жиндихъа борчIизе гурилан, щиб абилебали лъаларого, гьесухъ ялагьун хутIана Марямги.

«ГьадигIан лъикIав васасул рахIатхвезабулеб жогIаги щибдай бугеб?» - абун пикру гьабун гуреб хадубккунисеб гьесулгун хабар лъугьунеб букIинчIо гьалъул. Марямида бичIчIана сунца Арсенил рекIел рахIат хвезабун бугебали.

* * *

Гьоркьоб заман иналде, жидедаго тIадаб налъи тIубазабун, Арсение яс абуна эбел-инсуца.

– Дур гьанже абурай ясги йиго, дир вас, гьаб нухалда гамидаса мун тIадвуссаравго, бертинги гьабила нилъеца, иншааллагь, - ан лъазабуна гьез васасда.

Эбел-инсуца гьабураб хIукмуялда данде чIезе таваккал гIолеб букIинчIо Арсенил. Васасул разилъи-разилъунгутIи гьез цIехечIо, гьесдехун ургъел бикьун, гьесул рекIел хIалалъухъ гIенеккичIо. «Дуе заман щун буго дурго букIинеселда тIад ургъизе. Дур кьерилазул хъизаналги руго, харж щолеб хIалтIиги буго, гIадамазда гьоркьоб къадру-къиматги буго. Нижееги бокьун буго нижго херлъилалде дур лъимал рихьизеги гьел хьихьизеги», абун эбел-инсул бадирчIваял чIалгIун рукIана Арсенида.

Абурай яс цеего жинда лъалей йикIаниги, гьейгун дандчIвалароан Арсен. Гьей йихьизе, ва кIалъазе тIалабги гьабулеб букIинчIо гьес. Гьей рекIее гIечIого гуро гьев гьелдаса рикIкIадегIан чIун вукIарав, гьелдехун бацIцIадаб бербалагьиги, адаб-хIурматги букIана гьесул. Амма гьеб кинабго къинабулеб цо жиндаго гурого лъалареб балъгояб «унти» букIана гьесул.

ЦIакъ пашманго ва ракIхун ана Арсен гьаб нухалда гамиде. Амма киналго ургъелалги суалалги тун, ралъдалъе гамиде унев вукIиндал, рекIее цо батIияб бигьалъиги хIалхьиги букIана гьесие. Гьеб киналдасаго хвасарлъанин жив абун кколеб букIана гьесда.

Чанго къоялъ, цин цIад бан, цинги гьури пун, санагIалъи гьечIеб ахIвал-хIал букIана гамида. ТIубараб къоялъ хIалтIана Арсен, хIалхьи гьабичIого,

гьалмагъзабазда цадахъ. Гамил палубаялда вахъун чIун ралъдахъги валагьун, пикрабазда вукIана гьев.

– Арсен, жаниве щай вилълъунарев, квачанги бугин, мун чанго къоялдаса бертин гьабизесев бахIарав унтизе рес гьечIо, - ян махсаро гьабуна цадахъ хIалтIулев ва гьесул мадугьал ХIамидица.

– Цодагьалъ цIияб гьава цIала, цинги вачIина, - ян гьесие бетIер гьанкIана Арсеница.

БукIинесеб бертин ракIалде щвезабидал, нахъойги пикрабаз жиндирго рухIияб дунялалде вачана гьев.

ХIамид каюталъул нуцIаги къан жаниве ана.

Бакъбаккул рахъалдасан цIорораб, чорхолъ зунулеб гьури пузе байбихьана. Гьороца Арсенил гьумер багIарлъизабулеб букIана, гамида сверун бугеб трубаялда тIад лъурал гьесул кверазул килщал гIунизарулел рукIана. РакIалдаго гьечIого бачIараб гьеб цIороялъ тIабигIаталъул гIадлу-низам биххизабунин ккана Арсенида. Сверухъ букIана гIунцараб бецIлъи. Квачаялъ черхго данде къазабулеб букIана гьесул. Гьединабго квачги, бецIлъиги, чIамучIлъиги букIинин жиндие рокъове тIадвуссиндалгиян пикру гьабуна гIолилас. Гьеб кинабго цебечIезабидал ва бертадул хабар ракIалде щведал, Арсение рокъове тIадвуссине бокьичIо…

Каюталъул нуцIа къазе къватIиве ваккарав ХIамидида гьенив Арсен ватичIо. ГьебсагIатго киналго къватIире кIанцIана, киса-кибего хал гьабизе лъугьана.

МаркIачIул гIужалда щвана Арсенил жаназа кодобе. Гьеб ралъдалъа къватIибеги бахъун, гамида жанибе босана. Рогьалида гама ралъдал рагIалдехун щвана. Арсенил кинабго гIагарлъи бакIарун букIана гьенибе. ГIадаллъарай гIадан гIадин, гамил щибаб рокъое яккун, жиндирго вас валагьулей йикIана Арсенил эбел.

- Дир вас киве арав?! Дир вас кив тарав?! Лъица дир Арсен чIварав?! – абун чIчIичIчIидилей, лъавудаса уней йикIана гьей.

Сундаса хвасарлъизе Арсение бокьун букIарабали, хвалдасаги бергьараб щиб къуваталъ гьев ккун вукIаравали киназего балъголъилъун хутIана…

**ПатIимат ГIАБДУРАХIМАНОВА**
**(1965)**



## БЕРЦИНЛЪИ ШАРТI ГУРО…

Дун, цIалиги лъугIун, цо шагьаралъул кIудияб идараялда бухгалтерлъун хIалтIулей йикIана. Гьебго минаялда жаниб букIана, гьенир хIалтIулел хIалтIухъабазул сахлъиялда хадуб халкквезе рагьараб поликлиникаги. Бащдаб лъагIалида жаниб цо нухалда ниж киналго, иргадал, ине кколаан гьенире бидул гIаммаб анализги кьезе, гьуърузухъги гIенеккизе.

Цо къоялъ щвана дидеги ирга. КигIан бокьичIониги, сахго рукIаниги, тIадаб иш гьабичIого рес букIинчIо. Коридор ккун ун, минаялъул квегIаб рахъалда бугеб, «Терапевт» абун хъвараб нуцIида кIутIизе таваккалги

гIоларого, яхъун чIовухъе хутIун йикIана дун. Циндаго нуцIа рагьун ана, тIад хъахIаб халгIатги ретIарай, гIолохъанай тохтуралъ, цо параялъ диде берги рехун, абуна:

– Мун щай гьаний яхъун чIун йигей, йилълъа жание, - илан.

Дун хIинкъадго жание лъугьана ва гьей гIодой чIараб столалда дандбитIун лъураб бакIида гIодой чIана.

Гьелъ, ручкаги кодобе босун, дихъги ялагьичIого гьикъана:

– Бице дурго фамилия, цIар, щиб отделалда хIалтIулей йигей? Цониги унтулеб бакI бугищ?

Гьелъухъ ялагьун хаган хутIарай дида мацI кIочон тана. Дида жеги гьединай берцинай яс киданиги йихьун йикIинчIо. Гьелъул, релъен тIад хъвачIеб, канчIаб расалъул биццатаб гъал мугъзадасаги гIодобегIан щолеб букIана. Гьурмал кьер букIана гIазухъахIаб, чIахIиял зодил кьерал берал рахчун рукIана лахIчIегIерал халатал тIелхаз. Къалмица рахъарал гIадал, берцинал багIарал кIутIбуздаги релъен хъван букIинчIо.

Узухъда, гьелда лъалеб букIана жий гьайбатай йикIин. Гьелъул кIарчамаб балагьиялъги, гьурмада бугеб пахрульиялъги гьеб бицунеб букIана. ЦIорон-гьорон хутIун, гьелъул гьурмадеги балагьизе кIоларого, кIалдиб мацI рекIарай диде, кIвар гьечIеб берги рехун, гьелъ нахъойги жиндирго суалал такрар гьаруна.

Кинниги гьелъ дир сахлъиялъул карточка цIезе кколелъул, къокъго гьелъул суалазе жавабалги кьун, дун дирго кабинеталде тIадюссана.

Гьеб къоялъги, хадусел къоязги дир, щаялиго, кутакалда рахIатхвана, дун пашманлъана. «Гьадин берциналгиййщ ясал рукIунел? Долъул сундулъго цIубай… Биун меседалъул тIурай ясикIойин ккола». Дидаго дунго сурукълъун йихьун, цо чанго къоялъ матIуялъуе ялагьизе кIвечIо дида. «Киналго бихьиназул рокьи ккун батила долъухъ. Чамавдай угьдулев вугев, данде жаваб гьечIеб рокьиги гьелъухъ ккун…Гьединал гьайбатал ясалги ракьалда рукIун, дихъгIаги щив валагьилев?..» - илан пикрабазда йикIана дун гIураб заманаялъ.

Цо къоялъ, институталда цадахъ цIалулел рукIарал ясалгун цо кафеялда данделъизе къотIи гьабун букIана. ГIодор рукIун кофе-чай гьекъолаго, гьалъул бицун, долъул бицун, хабар-кIалалда рукIана ниж. Циндаго, цо жо ракIалде щвараб гIадин дихъги ялагьун, Мадинаца абуна:

– Мун хIалтIулеб идараялъул поликлиникалда дир кIудияй яц Индира хIалтIулей йиго терапевтлъун. Щиб къваригIел кканиги долъухъе якке, мун дир гьалмагъ йигиланги бице, дицагоги бицина рокъоб.

Мадина йикIана берцинай, рес бугел эбел-инсул яс. Гьелъ институтги лъугIана «БагIараб дипломалда». Гьелда гIей гьабичIого, Мадина цIализе лъугьана цогияб институталдеги. КIудияй яцалде данде ккун гьелъул гIамал-хасияталъулъ кинабгIаги чIухIи-къули букIинчIо. Гьей йикIана аваданай, ракIбацIцIадай ва квербиччарай яс.

Дун дагьай йихха-хочана, гьелъухъ ялагьун хутIана, цинги абуна:

– Дур яцищха, Мадина дой, вай долъул берцинлъи, нечон гьелъул бадие ялагьизецин кIвечIо дида. Росасухъ йигищ дой?

– ГьечIо, - ян абуна гьелъ, циндаго гьурмаде кьерхенги рехун, - чамги лъикIал ва бечедал васал руго гьей гьарун рачIунел, амма…амма гьелъ киназего инкар гьабулеб буго… Долъул рокьи ккун буго чIужуги лъималги ругев чиясухъ…

Радал хIалтIуде рачIунагоги, къад буфеталда кваналагоги, дун Индирагун чанго нухалда дандчIвана. Гьелъ цониги нухалда берцин рехичIо дир рахъалде. Гьелъие йорчIамиги кьезе кIвечIого, гьелъ данде жаваб кьеларин, дунго хIакъираб жо ккелилан, юцIцIухIун дунги чIана.

Цинги, цо-кIиго лъагIел сверарабго, гьеб идараялда хиса-басиялги ккун, ниж рахъ-рахъалде рилана.

Ана чанго сон. Цадахъ цIалулел рукIарал ясал, цоял рос-рукъалде руссана, цогидал гIагараб шагьарги тун, батIи-батIиял шагьараздеги, хIатта, къватIисел пачалихъаздегицин ккана. Заманаги хисана, гьудул-гьалмагълъиги хисана.

Цо нухалда, цIар рагIарав кочIохъан нилъер тахшагьаралде концертгун вачIун вугилан, цадахъ хIалтIулей гьалмагъалъ, жиндихъ чIорого щварал билеталги ругин, кочIохъабазулги концертазулги гIемер кIварго букIунарей дун, хIалицаго жиндаго цадахъ ячана.

Концерт байбихьизе жеги заманги букIун, ниж, къватIиб бугеб скамейкаялда гIодор чIун рукIана. КватIичIого нижеда аскIор гIодор чIана, ретIа-къарай кIиго чIужугIадан. Нижеца гьезде кIварцин кьечIо, нижерго хабар-кIалалда рукIун. Циндаго, аскIой йикIаралъ дир цIар абуна. Лъалеб гIадаб куц-мухъги бихьун, щий гьей кколеяли ракIалдеги щоларого, дун цо лахIзаталъ гьелъухъ ялагьун хутIана.

– Дун лъаларогойищ мун? Дидани мун йихьарайго лъана, щай гурелъул, мун гьалгощинал сонал аниги, хисун гьечIо, - ян абуна гьимулаго гьей чIужугIаданалъ, дида къвалги балаго.

Гьей йикIана Мадина.

– Гьай дир яц Индира йиго, дуда ракIалда гьечIищ? – иланги абулаго, гьей аскIой гIодой чIаралдехун юссана.

Дун, битIахъе тамашалъун, абизе рагIи батуларого хутIана.

Гьел рукIана жаниб цIураб черхалъул, гьурмазда цо-кIиго кило релъеназулги чIварал, тIад, гъуждул цере лъурал, цIакъго рагьарал гурдабиги ретIарал, гIолохъанаб ригьалдаса арал руччаби.

Дун лъикI заманаялъ Индирахъ ялагьун хутIана. Дой гIолохъанай, пахруяй ясалъул, гьелъулъ цIунун хутIараб жо букIана цого-цо, гьелъул бетIералда тIад гохI гьабун жемараб биццатаб гъал. Доб мехалда гьелъул камилаб берцинлъиялдасаги гьайбатлъиялдасаги нечон, бадие ялагьизе кIолей йикIинчIей дун, гьанже гIодое йиччан, щибниги рекIее асарги лъугьинчIого, цо кинабалиго дидаго бичIчIулареб пашманлъигун¸ гьелъухъ ялагьун хутIун йикIана…

Мадинаца къокъго бицана жидерго къисматалъул хIакъалъулъ.

Индира кIиабилей чIужулъун росасе ун йиго дов хъизан букIарав чиясе. Чанго соналъ гьесул чIужуялъул щакдариги, лъималазул адабгьечIолъиги хIехьон, лъимерги гьабичIого ятIалъун йиго гьесдаса. Хадуй цо гIарабиясеги ун, гьесда цадахъ ГIарабиялде арай гьей, чанго соналдаса гьенисаги нахъюссун ячIун йиго.

Мадина росасе цIакъго кватIун ун йиго, лъимерги гьабун гьечIо.

– Ниж кIиялго лъикIал хъулухъаздаги руго, лъикIал харжалги щола нижее. ЛъагIалида жанир кIиго нухалданиги тира-сверизе къватIисел пачалихъаздеги уна, - ян бицунеб букIана гьелъ. - Цониги театр, концерт гьоркьоб биччаларо, рокъоб квен гьабизе кIохIаллъун, гIемерисел ресторcraналда кванала.

Щаяли лъаларо, цониги нухалъ къватIисеб хIукуматалде щвечIониги, ресторанал-концертаздеги къанагIатго гурони щолей йикIинчIониги, дун гьезда урхъун йикIинчIо. «РихьичIогогIаги хутIун рукIаралани дида гьел, – абун ургъулей йикIана дун, - дир рекIелъ гIумруялъго додинал берцинал ясаллъун хутIилаан гурищ рукIарал…»

ГIумру буго гIумру. Щивасул къисматалъул нухалги батIи-батIиял руго, щивасул талихIалъул роценги жинди-жиндир буго. Берцинай йижизегIан талихIайго йижун лъикI чIужугIадан. ТалихIалъ гьадинги берцин гьаюла гьей…

ГIИЗУДИНИЛ ХIамзат
(1981)



## МАГIАРУЛ МАЦI, ДУЦА ЦIУНАНА ДИР ХАЛКЪ...

### РАХЬДАЛ МАЦI

РахьгIан гIагараб мацI, рухIгIан тIокIаб мацI,
ГьитIинго кинида дуруслъараб мацI,
Ссун ракIгун, каранлъе биун тIураб мацI,
Бидулъ бессараб мацI, миллат ккураб мацI.

### РАХЧИРУКЪ

Лъимерлъи рогьараб ракьалъ ахIула,
Араб гIасруялъул лъалкIаз цIехола.
Гьале берда цере ТIохмегIералъул
ТIалаби, гIураби, кьурул сухъмахъал.

…Сверанщинал сонал… Сон гурищ росулъ
Рахчирукъ хIалаго, къоял тIамурал.
ТIаде къулун бугеб ТIохмегIералъул
Гъалараб тIагъриде гъолаан дир ракI.

Рахчирухъ батана гьаб тIолго гIумру,
ГIомо гирунилан, гIужде щолареб…
Руго ралагьулел ритIухълъи, ияхI,
Руго ралагьулел гIаданлъи, лъикIлъи…

### ЛЪИМАДУЛГIАН БАЦIЦIАДАБ

ЛъимадулгIан бацIцIадаб
Рокьи ракьалда гьечIо,
ЛъимадулгIан гьайбатаб
Гьими дида бихьичIо.

ЛъимадулгIан ритIухъаб
РагIи гIемер рагIичIо,
ЛъимеральгIан гIакъилаб
Калам гIемер гьабичIо.

Бохулеб буго лъимер,
УргъичIого, хIачIого,
ХIилла-рекIкIалъ тIанкI лъечIеб
РакIги нилъее рагьун.

## МАГӀАРУЛ МАЦӀ, ДУЦА ЦӀУНАНА ДИР ХАЛКЪ

**МагӀарул мацӀ, дуца цӀунана дир халкъ,**
**Халкъалъ мун цӀунизе заман щун буго.**
**Щвараб гӀурул гӀадаб гӀамал буго дур,**
**ГӀорда кьоял лъолеб хӀалкӀолъиги – дур.**

**Кьураби гъугъалеб гучги буго дулъ,**
**Дерец тӀогьол гӀадаб ссиги буго дулъ,**
**Сангарал рахунеб лебаллъиги – дулъ,**
**Зоб мутӀигӀаб цӀудул эркенлъиги – дулъ.**

**Авар мацӀалъ даим цӀунана Кавказ,**
**Кор боркьарал рагъалъ ругъналги рацӀцӀун.**
**Авар мацӀалъ хъвана хвел гьечӀеб тарих,**
**Тана дунялалъе чилъидул дарсал.**

*2019 с.*

## МАГӀАРУЛ ТӀЕХЬ

**МагӀарул мацӀ, дуе кьуна гьаб гӀумру,**
**МагӀарул тӀехь буго даим цӀалулеб.**
**Дунял лъаралдаса рагӀулеб буго**
**РакӀ гӀеккезабулеб магӀарул шигӀру.**

**ЦӀорораб кьиндалил хинаб корохъги**
**БагӀарараб роол бакъул чӀоракьги,**
**Сардал рорчӀун, къо ун, цӀалулеб буго**
**Аваразул тарих, магӀарул мажмугӀ.**

**ГӀали-хӀажи, МахӀмуд, ХӀамзатгун Расул –**
**Авар миллаталъул шигӀриял нартал…**
**Дир росулъ, дир рекӀелъ, дир пикрабазулъ**
**Кидаго мун буго, магӀарул калам!**

*** * ***

**МугӀрузул тӀогьал гӀадал,**
**Гьалагал гӀорал гӀадал,**
**Чармил кьураби гӀадал**
**ГӀеги магӀарухъ васал!**

*** * ***

**МагӀарул улкаялда тӀибитӀун буго росу,**
**Гьанир дида кӀалъала щибаб гамачӀ, щибаб щоб.**

# МагIарулазул хъвадарухъаби



1988 с.



1994 с.

Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

## ГІолохъанал хъвадарухъабазул мажлис



1961 с.



1974 с.



1981 с.